МАХ ДУГ

Нартмæ уыди хорз миниуæг –
кæрæдзиуыл комдзог нæ цыдысты.
НАРТЫ КАДДЖЫТÆ

Комдзоггæнæг йæхиуыл дæр комдзог рацæуы.
ИРОН ÆМБИСОНД



7

2008



НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2008

МАХ ДУГ

7
'08

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2008

НОМЫРЫ ИС:

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. **Æхсæдæнтæ.** Æмдзæвгæтæ 5

ПЛИТЫ ХАРИТОН: 100 АЗЫ

Поэттæ поэты тыххæй 20

ПЛИТЫ Харитон. **Сæлимæт.** Скъуыддзаг поэмæйæ 23

БУЛКЪАТЫ МИХАЛ : 80 АЗЫ

БУЛКЪАТЫ Михал. **Сырх хъаймæт.** Романæй хицæн хæйттæ 32

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег. **Дидинвæдис, цъиувæдис.** Æмдзæвгæтæ 93

ГÆБÆРАТЫ Феликс. **Сабибонты тавс** 97

ФИДАРАТЫ Руслан. **Æмбæхсы рæстæг гамхуды.** Æмдзæвгæтæ 113

РУБАЙТЫ Барис. **Хъæуккаг хабæрттæ** 115

ДЖИГОТЫ Елбырз. **Фыдæлгъыст.** Æмдзæвгæ 119

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 120

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

МУРАСТЫ Эльбрус. **Йæ уды фарн** 137

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег. **Факультативон ахуыртæ «Нарты кадджытæй».** 146

ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ 156

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

ÆХСÆДÆНТÆ

ФÆДЗÆХСТ

Мæ Дзырд, цæуыс тæссаг балцы хæстонæй,
Хъæудзæн дæ тохы ныфс æмæ æхсар.
Церечы згъæр дыл нæй, фæлæ нæртонæй
Уæддæр дæ хъару сау тыхтыл æвзар.

Нæ дын тæрсын æргом хæсты фыдгултæй,
Сæ хотых сын дæ ныхыдзуар сæтдзæн.
Дæхи сæ хиз — æмбулдзысты дæ хъултæй,
Сæ чындз дын сау марг нуазæны дæтдзæн.

Фæлтæрд ысты фæдфæливæнты, ахуыр,
Сæ уарт — æхца, сæ марæн кард — гæртам;
Цæудзæн дæ размæ урс дарæсы хахуыр,
Хъуыздзæн дæ фæстæ гамхуды хæрам;

Хъæудзæн дæ схонау арт цæгъдын дæ удæй,-
Фæдæлдзæх вæййы уаз рухсæй фыдæх.
Куы сафой даутæ Иры дзыхъхъ æнудæй,
Уæд сатæг кæн сæууон æртæхæй зæхх.

Хæрам тымыгътæ а бæстыл куы хъызой,
Уæд-иу æй тавæд рухс хурау дæ хъарм.
Уыдзынæ ды Рæстдзинадæн сæрхъызой,
Фыдрынæй бахиз Уарзт æмæ Æфсарм.

2005 аз

УАЗАЛ УАЛДЗÆГ

Уазал нæм уалдзæг нæ уадзы,
Хъæдыл нæ хæцы сыфтæр.
Бады мæлдзой хур мæрдадзы,
Салд хуымты нал тæфсы мæр.

Арвы къуырф байдзаг нæ мастæй,
Дардыл йæ быдыр ныттар.
Артъауыз феуæгъд йæ бастæй,
Цардыл æфтауы былар.

Тар бон мæ зæрдæ ныpхæндæг,
Бахорз нæ артдзæсты зынг.
Равдæлон Нафы нæ хæндыг,
Агмæ дзыназы нæ фынг.

Агурын удлæууæн — уæгъды.
Аргъуаны — цæл æмæ хъазт...
Цард мыл йæ хъыгтæ рæдзæгъды,
Судзы сындзын арты уарзт.

Æрхы хъуынджын мамм æрхъуызы,
Хъал адæм хъазынц уæддæр:
Арвмæ сæ къæрццæмдзæгъд хъуысы,
Фарнмæ нæ хъуысы мæ хъæр.

2004 азы 24 апрель

ДЗУАПП

Фæрсыс, цæмæн цæуын æрхуымæй,
Мæ дзых цæмæн баци æмыр?
Æгъгъæд у! — мауал мæ къах уымæй,
Æфхæрд кæд фæцæгъды фæндыр?

Мæ арв мын дуг йæ милтæй сæрды,
Ныр ма цы ныфсæй уон дзырдхъом?
Бeслæны басыгъди мæ зæрдæ,
Фæци йæ сæджы бын нæ ном.

Фæхуыдуг уаз туджы нæ зарæг,
Мæсыг нын нал баззад хæстæн.
Нæ фæндаг Кады кæхцмæ снарæг,
Нæ худ нын раивта кæрдæн.

Ныууадз, фыдæлты кадæг ма мыс,
Нæ баззад сæфт Нартæн фæдон.
Беслæны бамынæг нæ намыс,
Беслæны баталынг мæ бон.

Мæ ирæн Чъехы дуар — æрвæдзæг,
Нæ хурх нын балвæста хъæбæр.
Нæ къухæй нал хауы нæ лæдзæг,
Хъазуатæй нал хъуысы нæ хъæр.

Фæци нæртон Ныхас æдзæрæг,
Нæ таурæгъ хъарæгæй фæцис.
Æз ма кæмæн цæгъдон дзæнгæрæг,
Фæсхæст цæуыл кæнон фæдис?

2007 азы сентябрь

ГАНИС

Лæууы гуыбырæй Хъуды хох мæрдхуызы,
Йæ сау цæссыгтæ суадæттæй цæуынц.
Дыууæ ингæнæй сусæг марой хъуысы,
Дыууæ тæрсыл дыууæ маргъы кæуынц.

Дзыназы Ганис хохрæбын æрхуымæй,
Хъæрзы Секъайы сау хæдзар пырхæй.
О, скодтой мохе фосдарæн йæ хуымæй,
Зынынц йæ дуртыл тугвæдтæ сырхæй.

Тындзы Арагви сæфт хъæутæн сæ рæзты,
Йæ гуырæн не сты Иры хæхтæ ныр...
Кæддæр нæ дзырд нæ хъыг зæгъын фæрæзта,
Цæмæн у абон цавддурау æмыр?

Цы кодтой ир сæ ныййарæг мад Æрдзæн,
Кæдæм калы йæ хъарм хъæбысæй мах?
Цæргæсбадæнты сау халон æрцæрдзæн,
Уыдзæн вайнахæн дзуары хъæд гæнах.

О иры бардуаг, арвгæрон кæм тæхыс?
Дæ фарн фыдбонты срухс кæнæд нæ ных!
Титан, нæ хъæрмæ рарæдув дæ рæхыс,
Дæ зынгæй ратт æфхæрд адæмæн тых.

2003 азы 23 сентябрь

* * *

Фыды зæхх йæ хæрзтыл таучел у, рæдау,
Йæ фырттæн йæ рыг дæр — сызгъæрин.
Хъæддаг бардзæй адæм ыскодта æгъдау,
Æвзаг сæ ыскæны æмдзæрин.

Нæ цард æмæ кадæн æфсарм у сæрон,
Æфсарм æмæ фарн у æвзаг дæр.
Зæрдæ æмæ зондæй цы лæг нæу ирон,
Уый ирæн — фыдгулæй ызнагдæр.

Фыдæлтау ныры фæлтæр не сты нæртон,
Фæныкгуыз кæд фæцæуы стæры!
Ныббæтты уæрæседзау махæн тæрхон,
Æгъдау нын йæ уагыл æвæры.

Нæ фарн æмæ Нартыл трактаттæ фыссынц,
Йæ мыггаг кæмæй ферох, уыдон.
Æфстау зонд нын хинæй фæзмынæн хæссынц,
Кæнынц нæ нæ зынты дывыдон.

Æвзарæм ма дзаг фынгтыл абон нæ тых,
Ысгуыхт ма кæй æфтауы дисы!
Куырыхоны фæсдуармæ ссоны къæйных,
Гæлхуыр лæг дæр Кады кæхц сисы.

Мæ бæстæ, ныллæууыд дæ цæссыг цыхцыр,
Хæры дын фыд-зæнæг дæ хъиутæ.
Кæмæн дарыс мадау хæларæй æхсыр,
Уый калмау æхсыны дæ риутæ.

О Иры зæхх, ратт нын дæ хæрзтæй рæдау,
Зынæд нæм дæ рыг дæр сызгъæрин.
Æфтауæд нæ уарзт æмæ кадыл æгъдау,
Ирон дзырд нæ скæнæд æмдзæрин.

2002 азы 20 октябрь

* * *

Къуырфбадт кæнынц мæ Иры дзыхъхъы
мигътæ,
Рæфты сыл сæфт хур нал æндзары арт...
Ныууагътам пыхсы тохы бон нæ уарт,
Нæ кард нын цинтыл баивтой нæ сихтæ.

Кæнæм нæ тых æнæ сæрфатæй дихтæ,
Быхсæм тыхстæй æфхæрд æмæ хъыгдард.
Кæрæф хæлæрттæ разынынц мæнгард,
Ыстоны знаг мæ игæрæй кæрдихтæ.

Цы кæнон ныр? Цагъарау дæн уæнгбаст,
Нæ фæндаг дарддæр — тулæн æмæ нарæг,
Кæнынц фыдгултæ Иры зæхх хъæухаст.

Æрбадт мæ риуы сау катай — мæ марæг,
Куы ратонид мæ зæрдæйæ мæ маст,
Уæд хъуысид арвмæ дуртæн дæр сæ хъарæг.

2006 азы 20 май

БÆХ ÆМÆ КУЫДЗ

Нæ Зæхх гыццыл хъазæн у — къори,
Йæ таурæгъ — хæст æмæ фæдис.
Æлгъин у ног цаутыл истори,
Цы ис, уый раджы дæр уыдис.

Уыдис Калигула æгъатыр,
Сенатмæ батардта йæ бæх;
Дзырдта: “Мæ хайуан дæр — сенатор,
Уæ цуры сфидауы дзæбæх”.

Фæци уæздан бæхæн йæ рæстæг,
Сенаты нал кæндзæн мыр-мыр.
Нæ вæййы змæст заман æвæстаг,
Куыдзы дуг ралæууыди ныр.

Тыхбар йæ кæнонтæ куыд уадза?
Йæ тæрхон — раст æмæ сыгъдæг.
Уæлмонцæй Галуаны æд гадза
Нæ разы балæууыд фæтæг.

Кæнæм цыты æмдзæгъд йæ куыдзæн,
Нæ цинæй разилы нæ сæр,
Ай-гъай, æвзæрст лæгтæй нæ уыдзæн
Фæлывддæр, хин кæнæ зыддæр.

Нæ ивы царды фæтк йæ мидис,
Йæ митæй ницы ис æвзæр.
Куыдзæн уæ мачи кæнæд фидис,
Вæййы ма уымæй дæр куыдздæр.

2004 азы 31 декабрь

АРС

Ныууасы хæлд мæсыгæй сынт:
“Нæ хъæды тугдзых арс фæзынд.

Зæгъынц, цæры, дам, арс дыргъæй...
Уæд уæтæр чи уадзы пырхæй?

Уæгъуыр дæ, сау кусæг, уæгъуыр,
Мыдхор дын апырдта дæ фыр.

Дæ сæрыл уары, мæгуыр, зæгъ,
Æрбабын хъæдрæбын дæ сæгъ.

Вæййы цъæх бирæгътимæ бал,
Рæхджы дын асæрфдзæн дæ гал.

Кæрæф арс нал зоны æфсарм,
Фæстагмæ стигъдзæни дæ царм.

Кæм ма сты мæрдтæ дæр æвыд,
Къæфы нæ хæдмæлхор сæ фыд...

Фæуæд йæ амæттаг дæ фос,
Уæддæр ма скæн дæ сæрæн хос.

Дæ къухы — бел æмæ фæрæт,
Сырдæн йæ хуыздæр хос — мæлæт".

2007 азы 10 октябрь

УÆД ÆМÆ НЫР

Фыдæлтæ цардысты лæгæтты,
Зын уыд тæссаг цуанæй цæрын.
Æлгъин зæхх фаг бæркад нæ дæтты,
Зынаргъ уыд цæхх æмæ кæрдзын.

Мæгуыр зындарæн у зæрондæй,
Йæ куыстæй нал фæтæдзы сой,
Æмæ йæ къæдзæхтыл бæрзондæй
Тæсчъы æвæсмонæй тылдтой.

Уыдис хъуынсæр варвар æгъатыр,
Ысрухс и ахуырæй нæ дуг,
Цъæхсæртæй раивтам нæ цатыр,
Къæбæрыл нал калæм нæ туг.

Нæ дуне байдзаг ис бæркадæй,
Нæ цард — фæрныг æмæ домбай.
Уæддæр та ног фæлтæр ыскатай, —
Кæм и зæххон хæрзтæй уæлдай?

Вæййынц зæронд адæм зындарæн,
Хъæуы сæ хойраг æмæ цæхх...
Кæм ма ис тулæн тæскъ ыссарæн,
Кæм и нæ сахарты къæдзæх?

Уæддæр хæйрæг тыхбар йæ зондæй
Ыссардта хистæртæн мадзал:
Куы уой ыстонг, уæд сæ нывондæй
Хæсдзæн дæлимонтæн адзал.

Æртæр сæ раууатмæ фыдгуыстæй,
Сæ тых сын удхарæй лæмар,
Гъе стæй сæ тыхст æмæ сæ рыстæй
Мæлын — сæ хос æмæ сæ бар.

2005 азы 18 январь

ФЫДСЫЛЫ ÆЛГЪЫСТ

Уыдтæ рæсугъд æмæ налат,
Дæ фæндтыл бастай мæн рæхыстæй.
Æз дын нæ батавтон дæ уат,
Ды мæ зæрдæбынæй æлгъыстай:

«Дæ хъысмæт утæхсæн фæуæд,
Тæхæнт дæм зæды хуызы зинтæ.
Куы судзай уарзтмондагæй, уæд
Дæ уаты макуы бавзар цинтæ.

Дæ царды макуы ссар æнцой,
Дæ уд дын калмау цъирæд катай.
Дæ сæрыл разилæд куырой,
Мыдадзау иры сæрыл батай, —

Уæддæр дæ куыстæн ма уæд аргъ,
Бæсты сын ма цæуæд дæ хæрзтæ.
Фæндагыл ма фæраз дæ уаргъ,
Хæсты-иу ма схæцæнт дæ гæрзтæ.

Кæнæд-иу сусæны Хъæриу
Дæуæн сыгъд быдырæй æнтæфдæр,
Куы мæлай дойныйæ, уæд-иу
Дæ разы бахуыскъ уæд Ирæф дæр!»

Æрцыд дæ карз æлгъыст мæныл:
Мæ уарзт — æнæрай æмæ тухæн,
Мæ царды ницы ис нывыл,
Кæнын бæсты хъыгты хъуырдухæн.

Уæддæр пехуымпарау быхсын,
Мæ царды нал уыдзæн фыддæр зын.
Цæссыгæй зæххы сæг æхсын,
Нымæхсын зарынæй мæ хъæрзын.

2008 азы уалдзæг

МÆ КУЫВД

Мæ хуым сызгъæрин бон рывтон,
    Йæ уындæй зарыд зæрдæ.
Хуыцаумæ уаз дзырдтæй куывтон,
    Фæдзæхстон ыл нæ сæртæ.

Нæртон æвзартæ дардтой цъæх,
    Сæ сыфтыл хъазыд уахъæз,
Йæ узæлд сатæгæй дзæбæх
    Мæ тыхтæн кодта ахъаз.

Уæд арв æрбаталынг æваст,
    Фæцыд кæмдæр гæрæхтæ.
Ыстынг и сау уæйгуытæн хъазт,
    Фæлдæхтой кæмттыл хæхтæ.

Тылдис нæргæ-уыраугæ мигъ,
    Цæхæртæ калдта тарфæй.
Куывтон Хуыцаумæ, фæлæ их
    Хуырау ныззгъæлдта арвæй...

Тыхдымгæ, ставд их æмæ зæгъ
Ныссæрфтой хуым бындзарæй:
Мæ хъугом асыгъдæг дзæбæх
Хæмпæл æмæ æвзарæй.

Мæ зиу нæ рауади æвзæр, —
Ныр мæ нæ хъæудзæн рувын.
Хуыцау, цы ма скæнай хуыздæр?
Æз та дын ногæй кувын:

Кæрдзын мæ хоры сæрæй хæр,
Дæ уарзт кæнæд дзæнгæлтæ,
Æгайтма не 'руарыд уæддæр
Мæ гом сæрыл зæгæлтæ.

2007 азы 5 ноябрь

СУСÆГ ХЪÆЛÆС

Æрсабыр иугæр æхсæв, — уæд
Мæ хъусы чидæр дзуры...
Фæрсын: хæйрæг дæ æви зæд? —
Ызмæлæг нæй мæ цуры.
Фæдзуры: «Сæфтдзаг у зæронд,
Йæ тых, йæ бон лæзæры.
Цæуынц дыл азтæ, фæлæ зонд
Нæ цæуы фаг дæ сæры.

Кæм хъæуы доны цæуын, уым
Æдзух цæмæн дæ сгарæг?
Тæнæг ран разыны хуыдым,
Йæ арфы стæлфы барæг.

Ызмæнтыс цъиуджын каркау мæр,
Бæлæстæ садзыс рæгътыл;
Куы фестай Хъæдырухс, уæддæр
Нæ зайдзæн дыргъ фæдæгъдыл.

Ærbadt нæ Иры дзыхъхъы мигъ,
Ды йæ мæрзыс дæ худæй;
Нызгъалы мигъ дæ сæрыл их,
Мæрдтæм цæуыс цæрдудæй.

Зæххыл сæрибар нæй лæгæн,
Нæй амондæн æрцахсæн;
Тыхбар дæ уацайраг кæндзæн,
Дæ дзырдыл дардзæн сахсæн.

Кæд уыди курдиатæн аргъ,
Йæ куыстæн кад кæд уыдзæн?
Æрчъитæ скæндзæн олигарх
Дæ рагъдзармæй йæ куыдзæн.

Кæм ис мæгуыр лæгæн хуыцау?
Йæ кувын Арв нæ хъусы.
Æлдармæ чи цæуы хуындзау,
Ис уымæн бас йæ къусы.

Сыггай нызгъæлæнтæ гæнах,
Ды йын кæныс быцæутæ;
Хæрынц йæ хæлддзæгтыл хъаймагъ
Лæгмар æмæ быдзæутæ.
Цы у дæ тох? Уыдзæн дæ мызд
Зæрдæниз æмæ суари.
Æфсæст у къутуйы бын мыст,
Æрхауы арвæй уари.

Æуугæндыс алкæуыл... Лæгæн
Цæстысындз у кæйдæр кад.
Дæ арм кæмæн дарыс фынгæн,
Æлгъиты уый дæ бæркад.

Сослан нæ дæ æмæ дæ ных
Барсæджы цалхмæ ма дар;
Тыхбар дын басæтдзæн дæ тых,
Æмбары уый къуырма дæр...”

Цы вæййы — зæд æви хæйрæг?
Мæ хуыссæг мын фæсуры.
Йæ номæн ницы ис бæрæг,
Ызмæлæг нæй мæ цуры.

2008 азы 12 мартъи

ФÆДИСОНЫ ХЪÆЛДЗÆГ ЗАРÆГ

Ма тæх, сау халон, мæ сæрты,
Уæгъды ма тæрсын кæ мæн.
Бафтау катайыл æвзæрты,
Æз дæ амæттаг нæ дæн.

Хъуысы Иры зæххыл зарæг,
Уый мæ зæрдæйæн — æвдадз.
Чи у ивылд доны сгарæг,
Уый нæ агуры зæппадз.

Æз фæдисон дæн — ызнонæй
Соммæ фарны уац хæссын.
Тары рухс æмæ мыддонæй
Сафын бæлццæттæн сæ зын.
Уарзтæй чызджытæн цырæгътæ
Æз сæ цæстыты сыгътон.
Ныр Аза-бæлæстæй хæхты
Хъуамæ саразон дыргъдон.

Нал ис фарн, æмæ нæ лæгтæ
Тохы нал ысты хæстхъом.
Æз куы нæ уон, уæд æцæгтæ
Иры чи дзурдзæн æргом?

Сыстад мулчы рын нæ цардыл,
Нæй сæрибар, уарзт дæр нæй.
Æз куы нæ уон уæд нæ бартыл
Тары чи зардзæн хъæрæй!

Ма уас, сау халон, мæ фæстæ,
Æз дæ амæттаг нæ дæн.
Зон, йæ дæндагæй нæ бæстæ
Дары рухс цырагъ мæнæн.

2003 азы 12 август

* * *

Нæй хъысмæтæн Арвæй курæн,
Быхс дæ уавæр æмæ цæр.
Бузныг ничи зæгъдзæн хурæн,
Тавы дунетæ, уæддæр.

Ратон Данкойау дæ зæрдæ,
Дар дзы адæмæн цырагъ,-
Ма кæс арфæтæм: æвзæртæ
Хорзæн никуы скæнынц аргъ.

Уайы хъæдрæбынты суадон,
Уымæй хъæубæстæн — сæ цард,
Кад ын не скæндзысты адон,
Доныл чи нывæнды зард!

Сахъ лæг басæтты мæсгуытæ,
Скæны дзыллæты хæдбар,
Фæлæ нуазæн æмæ сгуытæ
Исы уый бæсты сæрдар.
Цæй, цы агурыс нæ цардæй, —
Нæй дзы фарн æмæ æгъдау.
Ма кæс дунемæ æнкъардæй,
Быхс Хуыцауы цæф лæгау.

2003 азы декабрь

ХÆРАМГÆНÆГÆН

Ныууадз хæрам æмæ дæ быцæу,
Мæ фарн æрвон нывтыл у карст.
Уæвы æртæ хуызы мæ Хуыцау:
Рæстдзинад, Фидыц æмæ Уарзт.

Мæ риуы самадтой сæхицæн
Æргъæуæй кувæндон — гæнах.
Сæ уаз мæ зæрдæйæн — æндидзæн,
Сæ рухс мæ хъуыдыйæн — цырагъ.

Æрцарди Хуры цъиу йæ цары,
Æрзад йæ алыварс дыргъдон, —
Æхсæв дзы стъалы-дзыгуыр зары,
Вæййы фæрныг бонты куывддон.

Ныууадз фыдвæнд, — тых æмæ хинæй
Æдас у рухс мæсыг уæлхур;
Æдас у Хуры цъиу, — уæ динæй
Нæ хауы арвы цъæхмæ дур.

Нæ кæлы рухс мæсыг тымыгъæй,
Мæ фарн æрвон нывтыл у карст,
Мæ кад мын хъахъхъæнынц æмдыхæй
Рæстдзинад, Фидыц æмæ Уарзт.

2000 аз

ПЛИТЫ ХАРИТОН: 100 АЗЫ

ПОЭТТÆ ПОЭТТЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Хадойы тыххæй бирæ дзуринæгтæ ис, фæлæ ныртæккæ мысинæгтæ нымайынæн нæ дæн. Уымæн уыдзæн æндæр афон æмæ зæрдæхатт. Ныртæккæ цы лæууы мæ зæрдыл, уый та — Хадойы характеры цæхгæр фæивд тыхсты рæстæджы, йæ уæззау низ æй куы 'рбырста æмæ йæ цæрыны ныфс тынг куы нал уыд, уæд. Йæ царды фæстаг мæйты цалдæр хатты ныхас кодтон йемæ. Дзырдтам йæ низы тыххæй дæр, кодта мын йæ хъæстытæ дæр. Хъасты ныхас чи никуы ракодта, уыцы Хадо ныр цыма йæ рагон мæстытæ мысыд, уыйау цыди йæ ныхас, уыйау зæлыд йæ фыстæджыты йæ хъæлæс дæр...

Уый размæ арæх æмбæлдыстæм æмæ фыссыны сæр ницæмæн хъуыд. Фæлæ уатон рынчынæй Хадо, æвæццæгæн, фылдæр хъуыды кодта йæ царды ивгъуыд бонтыл дæр æмæ йæ уарзон бæстæ æмæ адæмы фидæныл дæр. Фыстæджытæ дæр уæд райдыдта фыссын, стæй уыйгæг хъæлæсæй... Ноджы ирддæрæй ацы миниуæг фæбæрæг йæ фыстæджы Гафезмæ. Мæнмæ раздæр фыста. Уæд ма йæ мæлæтмæ æртæ мæйы уыд. Гафезмæ фыста йæ мæлæн бонæй чысыл раздæр — 26 ноябры. Гъе, æмæ ам йæхиуыл хъарæгау кæны.

Хадойыл тынг фæрыстысты Гафез æмæ Дзугаты Георги. Уыдон рагæй уыдысты хæлæрттæ. Мæнæн дæр æй уыдон базонгæ æмæ бауарзын кодтой фыццаг, стæй та йæхæдæг, йæ уды рæсугъд миниуджыты руаджы. Гафез йæхæдæг дæр хъæрзгæ уыд æмæ йын Дзæуджыхъæумæ фæцæуыны фадат нæ фæци, Георги та Гагрæйы уыд, æмæ мæн бахъуыд табæты уæлхъус йæ хуссайраг æмгæртты номæй дзурын. Гафез йæ зæрдæйы рис радзырдта йæ прозæйæ фыст хъарæджы — «Мæ зынаргъ, мæ дзæбæх Хадо!» Георги та — йæ номарæн æмдзæвгæйы:

Æцæг кæд афтæ у, фæцис
Хъæлæсджын булæмæргъ, ныммыр,
Уæд ма нæ урс хæхтæн кæм ис
Рæсугъд, адджын зæлты фæндыр?..

Уæд ма сын чи лæудзæн уырдыг, —
Лæггад, кæстæриуæг, æфсарм?..
Кæмæн нæ не сæфта йæ хъыг.
Кæмæ нæ фæдардта йæ арм?!.

Уæд ма ныл чи ’мбæлдзæн, уæздан
Фæхуд-фæхудгæнгæ, чызгау?..
Тæнзæрдæ, иудзырдон æмгар, —
Æви уый махæн уыд æвгъау?..

Чи зоны нын æцæг уыд æвгъау, уымæн æмæ уый йæхæдæг алкæмæн лæггадмæ арæхст, йæ мидбылты худтæй узæлыд алкæуыл, фæлæ йæ мах зæрдæйы фаг никуы барæвдыдтам. Уый йæхæдæг, хуры цæстау, рæвдаугæ каст алкæмæ дæр. Мæнгæй йæ не схуыдта Гафез «райдзаст уалдзæг»: «Дæ цард дæр уыди райдзаст уалдзæгау: æрцыд Ирмæ, хæхтæ, быдырты фæзылд æмæ ацыд...» Ацыд æмæ Георгийы загъдау, «Нæ мыдадз, рухс цырагъ ныххорз...» Йæ цæстырухс æцæг ныххорз, фæлæ не ’хсæн баззад йæ зæрдæйы рухс æмæ йæ абон уымæн мысæм сæрыстырæй.

НАФИ

МÆ ЗЫНАРГЪ, МÆ ДЗÆБÆХ ХАДО!

Гъеныраей зындæр мын никуы уыд демæ дзурын. Зæрдæ риссы. Хъуыр æрбахгæны. Цæстытæ донæй дзаг кæнынц. Зæрдæ хивæнд у: нæ йæ уырны, ды нал дæ. Фæлæ æцæгдзинад та уымæй тыхджындæр у: æгъатыр, уæззау низ дын дæ рог уæнгтыл сахсæн бакодта, йæ хъандзал нуæрттæй дæ сынтæгмæ ныббаста, дæ цардуарз зæрдæ дын йæ кусынæй баурæдта, дæ ирд цæстыты рухс дын ахуыссын кодта, махæй — де ’мбæлттæй, дæ бинонтæй, дæ хæстæджытæй дæ æнусмæ атыдта.

Хæххон цæргæсау нал кæсдзынæ дæ райгуырæн хæхтæ æмæ кæмттæм. Заргæйæ нал æмбæлдзынæ Иры алæмæт райсомыл, райгæйæ нал æрвитдзынæ Иры æгъуыстаг изæртæ. Уæнгтæрогæй нал цæудзынæ, мадау кæй уарзтай, уыцы фыдыуæзæгыл. Мидбылхудгæйæ нал æмбæлдзынæ дæ зонгæтыл, де ’мбæлтты хæдзæрттæм арфæтæгæнгæйæ нал бауайдзынæ.

Ды ирон дзыллæйы ’хсæн рæсугъдæй рацардтæ. Дæ фæлмæн ныхасæй алкæй дæр рæвдыдтай, алкæуыл дæр узæлыдтæ. Хæххон суадонау рæсуг æмæ хъæлдзæг уыдтæ, хъарм уддзæфау рог, æнæхин æмæ æхцон уыдтæ, зарæгау зæрдæйы дуæрттæ гом кодтай, адæймагыл цин æфтыдтай. Дæ цуры лæгмæ маст æмæ хъыг никуы ’рцыди, йæхи афтæ æнкъардта, цыма хъарм арты фарсмæ бады. Дæ зæрдæйы хъарм æй тавта.

Де сфæлдыстад дæр ахæм у: зæрдæйау — хъарм æмæ æргом, зызынау — рог æмæ фæлмæн, суадонау — хъæлдзæг æмæ зараг. Дæ цард дæр ахæм уыди, фæлæ иртæст никуы уыдтæ маст æмæ хъыгæй, æниу сæ никæмæн хай кодтай, нæ сæ уагътай де сфæлдыстадмæ дæр.

Дæ цард дæр уыди райдзаст уалдзæгау: æрцыд Ирмæ, хæхтæ, быдырты фæзылд æмæ ацыд...

Зын дын уыди цардæй, дунейæ фæхицæн. «Ехх, иу афæдзма æрмæст уе 'хсæн куы ацæрин ацы зæрдæйыуагимæ. Цыма нæма зыдтон адæмты дæр, æмбæлтты дæр æмæ цæрын дæр. Мæнæ цардæй куыд ницы федтон... Мæнæ цы лирикон бынæттæ, кадджытæ!.. Æнæфыстæй куыд зайынц! Мæнæ мæ цал хорз æмбалы, куыд нæ зонынц, афтæ куыд нæ базондзысты! — Мæ сагъæстæ уыдæттыл сты... Цæй, мæ зæрдиаг Федыр, Хуыцау мæ дæ хъарм хъæбысæй макуы ацух кæнæд. Хадо. 26.11.66».

Цы нæ дын бантыст, ууыл маст ма кæн. Цы сарæзтай, уый ирон адæмæн стыр хæрзиуæг у. Рæвдыд æмæ узæлдæй дæр цух никæй ныууагътай. Кæд дæ мæлæт де 'мгæртты, адæмы «хъарм хъæбысæй» фæцух кодта, уæддæр баззадтæ сæ зæрдæты, уырдыгæй дын атонæн нæй. Дæ базырджын поэзи Ирыстон у. Уый йæ бавæрдзæн дæ рухс номимæ йæ хъарм хъæбысы.

ГАФЕЗ

* * *

Историон зарджытæ æмæ таурæгъты мотивтæм гæсгæ Плиты Харитон ныффыста егъау уацмыс «Уæлахизы кадæг». Хицæн чиныгæй рацыд 1950 азы, уырыссагау тæлмацæй та 1951 азы. Поэт æвдисы рагон царды уæрæх нывтæ. Иуæрдыгæй ис Бадилаты æлдæртты æхсæнад, иннæрдыгæй — фæллойгæнæг адæм. Сюжеты сæйраг хахх æвдисы æлдæртты бабырст Уæлладжыры коммæ кад æмæ тæлæты сæраппонд. Æрцыдисты дæрæн, чи ма дзы баззад, уыдон здæхынц æгадæй, сæ тæлæт — сæ хæсгæ мæрдтæ. Кадæджы ис хуызджын нывтæ: Бадилаты æмбырд, сæ балц, уæлладжырон адæмы æгъдæуттæ, бæрæгбон Куырттаты комы. Æххæст нывгонд сты æлдар Мысырби æмæ зæхкусæг Аслæмырзæйы фæлгонцтæ. Уацмыс æргом кæны адæмы хъæздыг удыхъæд, сæ рухс зондахаст, сæ хъару. Кусынмæ куыд арæхсынц, афтæ арæхстджын сты аивады дæр. Адæм сты сæрыстыр æмæ намысджын, ис сæм æцæг уæздандзинад. Æнувыд сты сæ

зæхх æмæ сæрибарыл æмæ сæ тохы бон хъахъхъæнынц гæрзарм æмæ æхсарджынæй.

Харитон йæ уацмысæн райста кадæджы ритмикон зæлынад. Уацмысы мидис æмæ стихы мелодикæ æмбаст вæййынц. Фольклорон кадæг кодтой фæндыры цагъдмæ æмæ йе стих уыд зарынæн, йæ мелодикæ цыди ивазгæ. Поэмæ та кæсынæн у, йæ жанр домы хъæддыхамад рæнхъытæ, æлвæст æмæ базырджын ныхас, оригиналон композицион нывæст. Уыдонæй ифтонг нæу «Уæлахизы кадæг».

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

* * *

Плиты Харитон йæ удæгасæй рауагъта дæс чиныджы бæрц: «Цæхæртæ», «Зæрдæ», «Дидинæг», «Æнусы цин», «Тузар», «Уацмыстæ», «Хуын», «Фыды уæзæг» æмæ а. д. Бирæ ис ацы чингуыты фидауцджын лирикон æмдзæвгæтæ. Фæлæ мах, æвæццæгæн, нæ фæрæдийдзыстæм, афтæ куы зæгъæм, уæд: Хадойы сфæлдыстады астæуимагъз сты йæ эпикон уацмыстæ — уæлдайдæр та кадджытæ «Сæлимæт» æмæ «Уæлахизы кадæг». Уымæн æмæ сæ бындуры ис адæмы реалон цард, уыцы цард æвдыст æрцыди æнæсайдæй, бæрзонд аивадон æмвæзадыл. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ ацы кадджыты поэт уæлдай арæхстджынæй спайда кодта адæмон сфæлдыстады авналæнтæй, ирон æвзаджы гæнæнтæй.

ХОДЫ Камал

ПЛИТЫ Харитон

СÆЛИМÆТ

(Скъуыддзаг поэмæйæ)

10

Уайы Æррадон дæр сонтау,
Къæйты фæкæны дæлдон.
Иуварс йæ сæрмæ, фæсобау,
Дурцæнд фæцыди бæрзонд.

Бадынц уым стигъджыты балтæ:
Ам сын æдас ран, бынат.
Сты ма сæхимæ сæ бартæ.
Ам дæр куы кæнынц сæрфат.

Мæнæ сæ фарсмæ сæ бæхтæ —
Идæттæй бæлæстæм баст.
Ауыгъд сæ кæсгон нымæттæ,
Хотыхтæй йедзаг — сæ раз.

Лигъдæтты бастыгътой дысон,
Ардæм æртардтой рæгъау.
Аргæвстой галтæ, нæл фыстæ.
Стонгæй — мæлæтдзаг сырдтау.

Судзы та пиллон арт хъæды.
Физонæг уæхстыл фыцынц:
Нард фыдæй с' алчи æфсæды,
Нард фыдæй минас кæнынц.

Урсгвардионтæн лæггæдтæ
Кодтой фæсаууонмæ фаг.
Амыдтой знаджы æфсæдтæн
Сырх партизантæм фæндаг.

Уыдон уыдысты уæйгæнæг,
Жгъентъимæ хастой ныхас.
Хуссар сæ митæй ныддæвдæг,
Скъуыди сæм адæмы маст.

Абон та — лигъдæтты стигъæг.
Иунæг цæуæг сын нæ зад.
Хуссарæй чи уыди лидзæг,
Уыдон нæ уагътой æнцад.

Бадынц гæрзифтонгæй хъæды,
Хистæр сæм дзуры: «Цæуæм!
Абон цæмæ бадæм уæгъды,
Исты та самал кæнæм!

Ресы бын адæм куы джиуынц.
Федтон Сæлимæты уым,
Мæйау йæ цæсгом — æрттивы,
Дидинæг — уымæн йæ уынд.

Диссаг у уымæн йæ фидауц.
Йе уæнгтæ — нарæг, æлвæст.
Иунæг йæ зонд дæр — бæллиццаг,
Уагæй, хъаруйæ — æххæст.

Цæй-ма, Тасолтан, цы зæгъыс?!
Ахсæв нын уырдæм — фæндаг!
Уыцы бæлоны куы 'рхæссæм, —
Кафдзæн дæ зæрдæ хæрзаг!

Хъомыл æфсымæр ын нал ис,
Урсзачъе лæг та — йæ фыд.
Раскъæфиккам æй, уæд уаис
Уарзондзинадæй рæвдыд.

Уый дыл-иу авæрдта фаутæ,
Уый дæ нæ хаста сæрмæ,
Никуы дæм ракасти уатæй,
Гъеныр йæ рохтæ — дæумæ!»

11

Барджытæ мæйрухсы уайынц,
Цæст сæ æвзары дзæбæх;
Цæфхæдтæ стъæлфæнтæ скалынц,
Ризы сæ къæхты бын зæхх.

Сауарæзт сæргътæ — сæ бæхтыл,
Æхтæнгтæ — фидарæлвæст,
Гилдзытæ ауыгъд сæ рæгътыл,
Хъаматæ, топпæй — æххæст.

Разæй Тасолтан йæ бæхыл,
Гопмæ æртасыд йæ гуыр;
Сатæгсау цармæй худ — сæрыл.
Размæ ивазы йæ хъуыр.

Бæхæн нысхъæл и йæ бæрзæй —
Барæджы риугæрон — сæр,
Комытæф схъиуы къуыбæрттæй,
Азæлы цæфхæдты хъæр.

Хъилæй йæ даргъ къæдзил дары,
Уæнгтæ — хæрзконд æмæ ’лвæст;
Размæ йæ быцъынæг хъары;
Уайы, кæм æй ахсы цæст!

Тоны йæ рохтæ йæ тыхæй,
Къæбæлтæ ’ууилы, хæры.
Хъуысы сæ зæлланг йæ дзыхæй,
Уарийау комы тæхы.

Афтæ ма бассæнды знагæн
Знæтæй йæ ныхмæ хæстон.
Ахуыр у ахæмтыл рагæй.
Тар æхсæв уымæн — йæ бон.

Чызгмæ æргæпп кодтой бæхтæй,
Анæрыд топпы гæрах...
Бинонтæ фесхъиудтой зæххæй,
Нал сæ уыд туджы æртах.

Арфæй ныккæрзыд Сæлимæт,
Афтæ уынæргъы сæгуыт.
Базыдта йе сæфт, йæ хъысмæт,
Кардмæ ма февнæлдта цырд.

Цæсгом цикъæйау ныффæлурс,
Адæргæй сонтау фæтыхст.
Февзæрыд мад дæр йæ уæлхъус,
Аджих, гæдыхъæдау рызт.

Скъæфæг Тасолтан ныццавта
Цъиусурау чызгыл йæхи.
Фидар æй фæсарц æрбаста...
Буц чызг — æнамонд фæци...

* * *

Уайынц гæпдугъæй сæ бæхтæ,
Хъуысы сæ фындзтæй æхситт,
Æмæ лæдæрсы сæ уæнтæй
Зæхмæ фынчытæй сæ хид.

Даргъ дзыкку сæрыл ныппыхцыл.
Удхар Сæлимæт кæны,
Сæмбæлынц хуыртæ йæ ныхыл,
Урс риуты ирдгæ цæвы.

Тоны æддæмæ, рæдувы,
Бæхæй æппары йæхи.
Барджыты раздзæуæг дзуры:
— Айсæм уал хъæдмæ нæхи.

Ниуы хæкъуырццæй Сæлимæт:
— Суадзут мæ, сæфын рæстæй!
Иуварс æрбазилы нымæт,
Хъамамæ хъавы фæндæй.

— Банцай дæ куыдæй, цагъайраг!
Бузныг уай хъуамæ, — зæгъы,
Бæхы ныццæвы йæ барæг,
Бæх дæр та уадау тæхы.

Фелвæста барæджы хъама
Чызг, æмæ къæбутæн — цæф!
Ахауди барæг йæ саргъæй,
Фесты йæ фæндтæ бынсæфт.

12

Саргъыл Сæлимæт æрбады,
Идоныл фидар хæцы,
Саулох æнæцудгæ уайы
Æмæ йæ хиды мæцы.

Сурынц æй цалдæрæй иумæ:
Бæхтæн сæ лæнк-лæнк цæуы.
Мæнæ хæрзæввахс... Сæлимæт
Бæхы æнæвгъау тæры.

Нал уыд хъару дæр йæ бæхмæ, —
Барæджы быны æрхауд.
Барæг æргæпп кодта зæхмæ,
Саулох фæхуыдуг, фæмард.

Тарст цъиуау чызг дæр ныррызти,
Арц та йæ сæрыхъуын сбадт.
Иу сыбыртт дзыхæй нæ хъуысти,
Сур хид йæ цæсгомæй уад.

Зæрдæ йæ риуы фæтоны,
Зæрдæ нæ уромы маст;
Уыцы тахт аласта донмæ,
Донмæ æдзынæг ныккаст.

Ивылд дон абухы арсау,
Диссаг кæлæнтæ фæци...
Рæсугъд Сæлимæт кæсагау
Гуылфмæ нывзылдта йæхи...

Дон ын йæ дзыккутæ фасы,
Уый дæр ыл марой кæны...
Тархъæдæй сидахъхъ ныууасы,
Уыг та æнкъардæй кæуы.

БУЛКЪАТЫ МИХАЛ: 80 АЗЫ



Æмгæрттимæ. 1973 аз.

Фыццаг хъусæг æмæ кæсæг — йæ бинойнаг.

БУЛКЪАТЫ Михал

СЫРХ ХЪАЙМÆТ

(Романæй хицæн хæйттæ)

Аминон йæ зыррытгæнаг кæрдæнæй Кудзайы риуыл цыппæрдигъон хахх æркодта, йæ бырынкъ буарыл нæ андзæвд, афтæмæй. Стæй йæ бормашинæйы фындз цыппаркъуымоны тæккæ астæу ныссагъта æмæ йæ сырх-сырхидæй æрттивгæйæ фелвæста кардæй æмраст лыг гарачъийы къæрттау. Уый фæстæ лæппу йæ риуы цыппæрдигъон къусчы мидæг, бæрдынау гуылф-гуылфгæнгæ, бавæрдта пластмассæйæ игæрхуыз зæрдæ. Хæсгард æмæ ланцетæй йæм куы бавнæлдта, уæд Кудза йæхинымæры загъта: «Ныр хиконд зæрдæйæн йæ тугдадзинты кæрæттæ ме 'рдзон зæрдæйы тугдадзинтыл баныхасдзæн, æлхъивæнтæй сæ бафидар кæндзæн æмæ, туг рахизырдæм куы ныццæва, уæд сырх-сырхид кæрдих йæ джиппы мидæг нытътъысдзæн къæрмæгау. Стæй мæхæдæг дæр хиконд лæг суыдзынæн æмæ а бæсты алы фæзилæны стаудзынæн æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы гуманон закъæттæ». — Аминон ын йæ риуы къуск куы сæхгæдта æмæ йыл уазал уæлдæф куынæуал андзæвд, уæд бахудт. Æрымысыд, кæддæр-иу хъарадзалайаг тæтæйраг Худиа Цымытийы базары йæ базайрагæй куыд æппæлыд, уый. Адæмы цæстыты

раз-иу харбызæй цыппæрдигъон кæрдих слыг кодта. Йе 'взаг цъыкк-цъыкгæнгæ-иу æй æлхæнæджы тæккæ дзыхмæ сырх-сырхидæй бахаста æмæ-иу æм æвналын нæ бауагъта, афтæмæй-иу æй, къæрмæгау, нытътъыста йæ агъуды. «Куыд кæсын, афтæмæй лазеры техникæ ардæм дæр æрбахæццæ и! Йæ бормашинæйы бырынкъ мæ буарыл æппындæр нæ андзæвд, афтæмæй мын мæ риуæй цыппæрдигъон кæрдих слыг кодта!» — Кудза фенкъардта, йæ хъуыды йæ рахиз фарсырдыгæй дæр кæй фегуырд, уый. «Фесæфта мæ ацы МАК* -ы кæлæнгæнæг, мæнæй адæймаг нал и!» — йе 'рдзон зæрдæ сдудыдта æмæ та фенкъардта, йæ аразгæ зæрдæ йын йæ дудаг рис йæхимæ кæй айста æмæ йæ змæст дымгæ кæй фестын кодта. «Бабын дæн! Мæ рис-иу афтæ æвиппайды куы фæтары уа, уæд ма мæнæй цæй адæймаг уыдзæн!» — йе 'рдзон зæрдæ ма фæстаг хатт мынæггонд пæртт фæкодта æмæ банцад йæ кусынæй. «Нæ бабын дæн!» — хъæбæрæй сфæлхатт кодта йæ аразгæ зæрдæ, йæ фæдисы хъæрмæ йын разæй «нæ» бафтыдта, афтæмæй. «Мæлын!» — ныхъхъæрзыдта галиуырдыгæй. «Нæ мæлын!» — йæ ныхмæ растад рахиз фарс. Кудза хатыд, йæ ивгъуыд мæнæ уый хуызæн бæрзонд æфсæн гæрæны фæсаууон куыд ныгъуылд, уый. Куыдфæстагмæ йæ аразгæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп тынгдæр фенкъардта, æмæ йе 'рдзон зæрдæйы цавд бааууон кæмдæр. Цалынмæ йын йæ аразгæ зæрдæйы куыст йе 'рдзон зæрдæйы сконд бынтон нæ рацъырдта æмæ йын æй хус фæткъуыйы хуызæн не скодта, уалынмæ йæ цæстытыл кинойау ауадысты раджы фехъусгæ цауты цардæгас нывтæ: къæсхуыргомау рæхснæг нæлыстæг йæ мундиры кæрдæгхуыз пысултæ раласта æмæ сæ фæлмæн фæхсбандоныл биноныг дыдæгътæй æрæвæрдта, хæдоны æфцæгготыл хуыд афицеры нысæнттæ туджы сырх-сырхид стъæлфæнтау куыд æрттывдтаикой, афтæ. Бæрзонд кæсæны раз мадардæй слæууыд æмæ йæхи цæстæй федта, йæ хъæддых цæнгтæ æмæ йæ нуарджын къæхтæ цъæх бирæгъы къæхтæ куыд фестадысты, уый. Йæ фындз æмæ йæ дзых ныддаргъ сты æмæ йын фестадысты тугдзых сырды сæтæйдзаг мукъутæ. Йæ нарæг ныхы дыууæ фарс йæ хъустæ скъуыбыр сты æмæ йæ мыдадзхуыз буар фæцъæхгомау, афтæмæй йæ уæлæ разад бæзджын, фæныкхуыз хъуын. Йе ссыртæ æмæ йæ хъæддых уæрджытæй дзы ныфс

* МАК — Мидхъуыддæгты Адæмон Коммисариат, уырыссагау НКВД кæй хуыдтой, уый.

куы бацыд, уæд йæ цæстытæ туджы азылдысты æмæ, йæ ком ивазгæ, æрвæрттывдау фестъæлфыд. Тохынайы фæздæгдзоны хъырнгæ уæлæмæ сбырыд æмæ йæ тæккæ цъупмæ куы схæццæ и, уæд зæрдæбынæй баниудта: «Бирæ цæрæд æппæтдунеон пролетариаты генион фæтæг!» Кудза уайтагъд йе 'муд æрцыд, æмæ йын йæ уавæры æуууæлтæ загътой, æппæт уыдæттæ йын цæстылуайæнтæ кæй не сты, фæлæ йæ аразгæ зæрдæйы амындæй æцæг зæрдæбынæй кæй хъæр кодта:

— Бирæ цæрæд æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдтæн сæ генион фæтæг, сæ уарзон фыд æмæ сæ зонынджын ахуыргæнæг!

Кудза, хъæрахстгæнгæйæ йæ хиконд зæрдæ кæй стæнæг æмæ йæ цæстытæ кæй бамæцъæл сты, уый нал фенкъардта. Аминон ын йæ цинæйдзаг æнгæс куы ауыдта, уæд йæ мидбылты бахудт æмæ рæдауæй загъта:

— Хæлынбыттыр, ныр мæ бауырныдта, дæ анархисты хъуыдытæй кæй ссæрибар дæ æмæ æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы размæ нæхи идеологийы серион хъуыдытимæ кæй бацæудзынæ, уый. Цу ныр дæ лозунджы фæдыл æмæ дæ фæндаг раст уыдзæн!

Аминон йæ бормашинæйы йæ кусынæй баурæдта, къусчы мидæг æй арæхстгай бафснайдта æмæ йыл дуар сæхгæдта. Стæй сау кулдуары хуынчъы цонджы хъулы стæвдæн дæгъæл æрзылдта, хъыс-хъысгæнгæ йæ бакодта æмæ тызмæг хъæр фæкодта:

— Тагъд мидæмæ цæугæ, къæсæрыл бирæ лæуууыны бар нæй!

Кудза куыддæр дуары мидæгæй февзæрд, афтæ урс дæргъытæ будкæйæ йæ размæ рагæпп ласта, МАК-ы кæрдæгхуыз дарæс æмæ æрвхуыз худ кæуыл уыд, ахæм нард лæг. «Иугæр мæрдтыбæстæ дæр МАК-ы хъусдарды бын фæцис, уæд тызмæг фæтк чи æрфидар кодтаид Ягода, Ежов æмæ Берия йеддæмæ, фæлæ уыцы æртæ бирæгъæй кæцы у сæйраг бодз? — Кудза фæдисау, йæ аразгæ зæрдæ йын уыцы æртæ лæгмары кæй нæ бауарзын кодта æмæ раздæрау йæ уæнгæлтæ кæй уыдысты, ууыл.

— Документтæ! — нæргæ хъæлæсæй йыл фæтъæлланг ласта нард лæг æмæ автоматон шлагбаумы сырх-сырхид сæхтæгыл йæ кæстæр æнгуылдз нылхъивынæввонг бавæрдта.

«Ай, мæнæ хъæдгæс Симийы халæмдих куы у, уæд уыцы хуыйы мыггаг дыууæ хицæны фæцис æмæ йæ иу сих ардæм рарвыста? Науæд мæ цæй документтæ домы Кишойы операцийы фæстæ?» — йæ аразгæ зæрдæ ныссæххæтт ласта Кудзайæн.

Йæ сæрæн хуыздæр хос куынæ ссардта, уæд йе скъуыдтæ хæдоны фаринтыл фæйнæрдæм ахæцыд æмæ шлагбаумы хъарагъулæн йæ риуы цыппæрдигъон нос равдыста.

— Мæнæ дын мæ документ, мæнмæ æндæр ницы ис!

— Æмæ дæ æз дæр уымæй уæлдай куы ницы домын! — дуаргæсæн йæ тæнæг былты æлхынцъ æвиппайды айхæлд. — Уый у ардыгон лæгæн йæ паспорт, йæ лæгдзинады дамгъæ, йæ идеологон позици æмæ йæ тырысайы хуыз! Хъыг дæм ма фæкæсæд, шлагбаумы цур бæлвырдгæнæн гæххæтт фæтчыгъæдæн æрдомæм, уый йеддæмæ Аминон æнæ операцигондæй иу лæджы дæр мидæмæ кæй не 'рбауадздзæн, уый нын гуырысхойг нæу. Стыр куыст кæны Аминон, уыйас уæз ам никæуыл ис. Йæ хæс цæсгомджынæй æххæст кæны йæ уæлæйон фæлвæрддзинады фæрцы. Дыууæ дунейы æхсæн политикон-идеологон æмуæзад скæнын æнцон нæу, фæлæ ууыл нæ зæрдæ никуы фæхудт. Цу, мæ хур, дæ фæндаг раст уæд æмæ дын æдзух рухсæй лæууæд æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы хурмæ! Фæндагыл искæйты хъуыддæгтæн тæрхонгæнæг дæхи макуы скæн! Дæ зæрдыл дар, рæстдзинад алы хатт æнахъом сабийы дзыхæй кæй дзуры, уый! — Сими йын дыууæ дунейы арæныл цыбыр инструкци бакаст. Стæй йæ кæстæр æнгуылдзæй сырхсырхид сæхтæг нылхъывта, шлагбаумыл уæлæмæ схæцыд æмæ йын йæ уæлæ ссыгъта æртæ кæрдæгхуыз рухсы.

Кудза арæны дæргъыты цæджындзтæй куы баивгъуыдта æмæ цъæхвæлыст газонты æхсæнты гауызау тыгъд æвзистхуыз фæндагыл иунæгæй куы фæцæуæг, уæд йæ аразгæ зæрдæйы æндæвдæй йæ хъуыдытæ схæццæ сты. «Æппæтадæймагон эстетикæйы закъон ныры онг нымадта, рæстдзинад цыфæнды уавæрты дæр æнæхин сабийы дзыхæй кæй фæдзуры, уый. Æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы рухс закъæттæ та, æвæццæгæн, уыцы хъуыдымæ бахастой сæхи коррективтæ æмæ мын арæнгæс уымæн дзырдта, рæстдзинад алы хатт сабийы дзыхæй нæ дзуры, зæгъгæ. Æвæццæгæн, эстетикон хъуыдыйы уыцы ивддзинад у ардыгон революцийы мидис æмæ йæ ныхмæ дзурæн нæй. Мæ фæндаджы кæронмæ æнæбæллæхæй куы баирвæзин, уæд ма уым ноджы истытæ фехъусин. Уæд та мын мемæ иу искæй куы рарвыстаиккой, кæннод цæмæй базондзынæн, уыйæппæт фæндæгтæй уырдæм кæцы цæуы, уый?.. Бафысым кæнын та хъæуы æнæмæнг! Уæдæ

æндæр цæмæй хъуамæ равдисон ме 'нувыддзинад!» Гауызвæндæгты саггæмтты-иу кæмдæрты ферттывтой æмæ та-иу, хъоргъы мыстулæгау, фæтары сты МАК-ы цъæхдарæсджын лæгтæ сæ æрвхуыз худтимæ, фæлæ сæм ныр æппындæр мæсты нал кодта. Æгæрыстæмæй-иу сæ фæдыл йæ мидбылты худгæ акаст æмæ-иу йæхинымæры фæлмæн загъта: «Цы æмбæхстытæ кæнынц! Дисциплинæ æмæ æгъдау хъахъхъæнын алы ран дæр хъæуы. ЧК æмæ МАК-ы карз дисциплинæ куынæ уыдаид, уæд контрреволюци йæ сæрыл схæцыдаид æмæ байстаид, кусæг адæм октябры революцийы цы бартæ ссардтой, уыдон. А-бæсты æнæ уыцы хъæбæр дисциплинæ Барастыр баззадаид Барастырæй æмæ не суыдаид æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæг. Нæ, гуырысхойаг нæу, стыр фæтæгтæ æмæ Аминоны хуызæн иузæрдыг дæлбартæ революцион тохы кæй райгуырынц, уый! Бирæ цæрæд æмæ дидин рафтауæнт алы ран дæр прогресстауæг революцийы идейæтæ!» — йæ хиконд зæрдæйы æндæвдæй йæхи мидæг лозунгтæ сидтис Кудза, фæлæ-иу хатт, къахы бын цъист уаллонау, батæлфыд йе 'рдзон зæрдæ дæр. Æппынфæстаг æм хардзау æркаст, чидæртæ йæ фæдыл сусæгæй кæй цыдысты æмæ йæ кæй хъахъхъæдтой, уый. «Мæ фæдыл æмбæхстытæгæнгæ цы цæуынц? Сæхи мын цæмæннæ æвдисынц?» Куыддæр хъулонвæлыст газонтæй баивгъуыдта æмæ азабæлæсты къохмæ бахызт, афтæ йæ алфамбылай сыгъдæг зæлланггæнæг хъæлæстæй айдзаг æмæ йæм афтæ фæкаст, цыма тархъæд йæхæдæг сдзырдта æнахъом сбиты дзыхæй:

— Кудза! Кудза! Кудза!..

— Кудза, МАК-ы урæд Аминон дæ афæлывта æмæ дын де 'рдзон зæрдæ пластмассæйы зæрдæйæ баивта!

— Кудза, афтæмæй ды лæг нæ, фæлæ сабийы хъазæн автомат дæ!

— Кудза, дæ аразгæ зæрдæ сис дæ риуæй æмæ де 'рдзон зæрдæйы цавдмæ ныхъхъус!

— Кудза, дæ гуттаперчы зæрдæ дæ риуæй сис æмæ йæ æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы дыкъахыг куыйтæн аппар!

— Кудза, де 'рдзон зæрдæйы куыстмæ куынæ ныхъхъусай, уæд дæм æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы сау митæ урс фæкæсдзысты!

— Кудза, не 'ртæ зылдмæ дæ аразгæ зæрдæимæ куы æрбацæуай,

уæд нын нæ мæгуырдзинадмæ ды дæр кæсдзынæ МАК-ы урæд Аминоны цæстæй!

— Кудза, дæ аразгæ зæрдæ аппар æмæ ныхъхъæр кæн: «Дæлæмæ æрхауæнт æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы залым закъæттæ!»

— Кудза! Кудза! Кудза!..

«Уый дын æппæтдзæнæтон политикон демонстраци, гъе! Куыд кæсын, афтæмæй дзæнæт бынтон дзæнæт нæу! Кæцæй мын базыдтой мæ ном, кæнæ ме 'рбацыды хабар? Науæд сæ хъæлæстæ сабиты хъæлæстау сыгъдæг зæлланг куы кæнынц æмæ сæ сидтыты мидис та хъомыл адæймаджы хъуыдыйæ рацæугæ куы у, уæд уый цавæр диссаг у? Ныр бамбæрстон, шлагбаумы нард хъалагъур мын афтæ цæмæн дзырдта, æцæгдзинад æрвылхатт сабийы дзыхæй нæ дзуры, зæгъгæ, уый. Цавæр бæстæ у, саби мæнг ныхас кæм кæны, уый? Чи зоны, æмæ мæм азабæлæстæ сидынц сабиты дзыхæй! Кæм нымбæхстысты, кæцæй мæм сидынц мæ номæй? Куы фæзыниккой æмæ сæ лæгæй-лæгмæ куы ауынин, уæд базонин, стыр адæймаджы хъуыдытæ сæм кæцæй цæуынц, уый». Фæйнæрдæм афæлгæсыд, кæд мæ цæст искæуыл схæцид, зæгъгæ, фæлæ йæ размæ МАК-ы майор æрбагæпп ласта æмæ йын тызмæггомау загъта:

— Ме 'мбæстагон, кæд дæ æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы хорзæх ссарын фæнды, уæд ацы къæбæдатæм ма байхъус, афтæмæй ацу дæ фæндагыл!

«Ацы цыргъфындз зыгъарæг та кæцæй февзæрд мæ разы? Цы йæ хъæуы? Кæд уымæй хъауджыдæр Аминоны операцийыл не 'ууæнды, кæнæ мын ме 'мбæстагон позицитыл гуырысхо кæны æмæ мын мæ пластмассæ зæрдæйы куыстæй ныфс не 'вæры, уæд ам хъуыддæгтæ иууыл хорз не сты. Йæ зондамындæй мын мæ гоймагон цытыл дæлæмæ кæй хæцы æмæ мын ме 'мбæстагон барты сæрыл уæлейæ дæлæмæ кæй мизы, уый не 'нкъары ацы цыргъбырынкъ зыгъарæг?» — Кудза фæджихау, йæ аразгæ зæрдæимæ ма йæм ахæм хъуыдытæ кæй фæзынд, ууыл æмæ фенкъардта, йе 'рдзон зæрдæ чысыл кæй батæлфыд, уый. «Размæ, размæ, дзæнæт куы сфæлдæха, уæддæр размæ!» — йе уæнгты та æвиппайды оптимистон хъару ныггуыпп ласта æмæ йæ гауызвæндагыл фæраст, фæлæ уалынмæ йæ хъустæ айдзаг сты дур æмæ æфсæйнаджы къæрцц-къæрццæй. Цал хъæбæр къæрццы-иу фæцыд, уал хатты та-иу сабитæ сæ зæлланг

хъæлæстæй æмхъæр фæкодтой, «Кудза!» — зæгъгæ, æмæ иугæндзон хъуыст «Къæрцц-Кудза!» «Къæрцц-Кудза!» «Къæрцц-Кудза!» Бæлццоны фæуыргъуыйау кодта, хъæргæнджытæн сæ уынæр кæй хъуыст, фæлæ сæхæдæг кæй нæ зындысты, уый. Æппынфæстаг фæныкхуыз фæлмы мидæг аныгъуылд æмæ йæ цæст цадæггай суыдта хæрзчысыл адæймæгты æндæрджытæ. Се 'ппæтæн дæр сæ къухты уыд тæбынджы хуызæн æфсæн мæцъистæ æмæ сын сæ къобола сæртæй цъæх дуртæ хостой, афтæмæй æмхъæлæсæй хъæр кодтой: «Кудза! Кудза! Кудза!» Фæныкхуыз фæлмы мидæг æртæ тымбыл зылды анымадта. Æртæйæн дæр сæ алывæрсты лæууыдысты МАК-ы афицертæ. Фыццаг зылдмæ баввахс æмæ хаххæй мидæмæ фæцæйхызт, фæлæ йæ афицертæй иу фæурæдта æмæ йæ чысыл дурсæтджытæм æввахс нæ бауагъта. Уæд дын сабитæ сæ цъæх дуртæ фæуагътой æмæ се 'фсæн мæцъистыл, тырысатау, уæлæмæ схæцыдысты, афтæмæй хаххæй æддæмæ рагæр-гæр кодтой æмæ Кудзайыл æрбатыгуыр сты. Цæуыл хъæр кæнут, уе 'фсæн мæцъисты хъæбæр къуырцц-къуырццæй мын мæ зæрдæ цæмæн къахут, зæгъгæ, йæ хиконд зæрдæйы амындæй фæхъæр кодта Кудза, фæлæ сабитæм лæмбынæг куы æркаст, уæд йе 'рдзон зæрдæ сдудыдта æмæ йе 'взаг йæ комы бахус. Сабитæн, чызгæйлæппуйæ, сæ фæскъæбуттæ уыдысты мидæмæ дзыхъ æмæ пырхытæ. Æвæццæгæн сын чидæр сæ фæскъæбуттæ æфсæн мæцъисæй фæцæфтæ кодта æмæ сын сæ чысыл удтæ систа. Сæ пысулты скъуыдтæй сæ чъизи буæрттæ зындысты. Сæ бæгъæмвад къæхты хъæдгæмттæй хæфсытæ уасыдысты.

— Кæмæн цы ракодтат, кæцы политикон змæлды архайдтат æмæ уегасыл æмхуызон мæлæты гакк цæмæн ис? — йæ аразгæ зæрдæ бамынæг æмæ йе 'рдзон зæрдæ скуыдта Кудзайæн.

Разæй цы къæбæлдзыгсæр лæппу лæууыд, уый йæм хæрзæввахс бацыд æмæ йын æрнымадта дырысæй, пионер уæвгæйæ-иу йæхæдæг йæ раздзогæн куыд æрнымадта, афтæ:

— Революцийы фæстæ адæм, растæй-зылынæй, кæрæдзи тæрсын кодтой дзырд «ликвидацийæ», фæлæ йын мах йæ судзаг бавзæрстам, иу рагуалдзæджы нæ ЧК-йы лæгтæ нæ ныййарджытимæ куы æрцахстой æмæ нæ чысылæй-стырæй Цымытийы ахæстоны куы бакалдтой, уæд. Мах та цы 'мбæрстам, фæлæ изæры нæ хицæуттæ схъус-хъус сты, «уæлейæ» бардзырд æрцыд, Советон хицауады туджджын знæгты стыр

горæтмæ тæрын кæнынц, зæгъгæ. ЧК-йæн автомашинæтæ æмæ уæрдæттæ кæй нæ уыд, уый тыххæй нæ фистæгæй атардтой Хæдхæцæгады цыбырвæндæгтыл. Ахæмты обауы тæккæ цур нæ иу сау бæхджын æрбаййæфта æмæ къанвойы хицаумæ ратта, йæ цыппар фисыныл бур-бурид мыхуыртæ кæмæн уыд, ахæм гæххæтт. Куыддæр æй бакаст, афтæ нын нæ ныййарджыты фæхицæн кодтой æмæ сæ баурæдтой Ахмæты обауы тæккæ раз. Мах фыртæссæй ныккуыдтам, фæлæ куыддæр изæрмилты фондзæхстонты æмæхсты хъæр фæцыд æмæ топпыхосы артæй хъæд ныррухс и, афтæ æвиппайды фæхъус стæм. Нæ ныййарджыты нын нæмыгæй бынкарст ныккодтой, сæ фондзæхстоны хæтæлтыл бафу кодтой æмæ сæ се уæхсчытыл бацауыгътой. Нæхимæ нын куы фæкомкоммæ сты, уæд иу цъæхдарæсджын рæхснæг лæг къанвойы хицаумæ бацыд æмæ йын худгæйæ загъта: «Цамел Хъæвдынович, контрреволюцийы хъæхъхъаг куыйтыл нын тæвд нæмыг æнæныццæвгæ нæ уыд, фæлæ сын сæ куырм къæбылатыл дæр нæмыг хардз кæнæм?» Цамел Хъæвдыновичæн фырдисæй йæ тæнæг былтæ фæзылын сты æмæ йæ хъуын сыстад. «Дзандарджан, дæ хъуыды мæнæ куыд цырд кусы, мæнæ!» — загъта уый. Ома нын ам нæ кълассон знæгтæй æвдисæнтæ ныууадзæн кæй нæй, уый мæхæдæг дæр скарстон, фæлæ ды мæ разæй куыд фæдæ?! Дæргъæццон лæг йæ хицаумæ йæ цæст фæныкъуылдта, ныр ды мæ архайдмæ кæс, зæгъгæ, æмæ райдыдта кусын. Йæ фондзæхстоны сыдзæй нын цæвын рйдыдта нæ къæбуттæ. Йæ архайд уыд бæстон, иу къæбут иу цæф йеддæмæ нæ кодта. Æз æппæты кæронæй лæууыдтæн æмæ уыдтон, мæ цахъхъæн сабитæ, чызгæй-лæппуйæ, суджы лыггæгтау, размæ куыд згъæлдысты, уый. Мæнмæ куы æрбаввахс, уæд дзы Цамел Хъæвдынович раппæлыд: «Маладец, Дзандарджан, лæг дæ æмæ лæджы митæ кæныс!» Мæхи къæбут мын куыд ныццавта æмæ суджы лыггагау размæ куыд ахаудтæн, уый нал базыдтон...

Кудзайæн сабимæ хъусын йæ бон нал уыд æмæ фыццаг мусæй йæхи айста. Дыккаг зылдмæ фæцæйцæугæйæ йæ фæндагæргæвст фæкодта цъæхдарæсджын, фæлæ иугæр йе ’рдзон зæрдæ сæнкъуыст, уæд хъахъхъæнæджы иувæрсты ацыд æмæ тыххæй мидæмæ бахызт. Дыккаг зылды сабитæн, чызгæй-лæппуйæ, сæ сæры тæбæгътæ уыдысты бынмæ къуырфгонд æмæ та уыдоны дæр афарста:

— Кæмæн цы ракодтат, кæцы политикон змæлды архайдтат æмæ уегасыл æмхуызон мæлæты гакк цæмæн ис?

Иу даргъдзыкку чызг æрбацыд йæ тæккæ цурмæ æмæ йын æрнымадта дырысæй, пионер уæвгæйæ-иу йæхæдæг йæ раздзогæн куыд æрнымадта, афтæ:

— Æппæтдунеон пролетариаты генион фæтæг, кусæг кълассы зонынджын ахуыргæнæг æмæ адæмты уарзон фыд колхозтæ аразын куы райдыдта, уæд Цымытийы районы МАК-ы хайады хицау Хæдзарæгаты Дзандар сарæзта кулакты ликвидацийы сæрмагонд пълан. Йæ пълан бавдыста йæ хицæуттæм дæр æмæ сын сбæлвырд кодта, колхозмæ барвæндæй чи нæ цæуы, уыдонæй æрвылæхсæв фæйнæ æртæйы æдбинонтæ куы бахæра, уæд ын афæдзы кæронмæ хæрд кæй фæуыдаиккой. Маузерæй йын лæг амарын бæласы хус тихалæг расæттынæй хъауджыдæр нæ уыд, фæлæ йæм уымæй зындæр каст мæрдтæн сæ фæд фесафын. Дзандарæн йæ хъуыды уым дæр хорз скуыста æмæ-иу йæ къляссон знæгты æхсæвыгон фæтары кодта, сæ кой сын-иу фыртæссæй ничиуал фехъуыста, афтæмæй. Йæ лæгмартимæ-иу талынджы смидæг, уый размæ-иу æнæхъæн бон кæм фæцæл кодта, ахæм хæдзары. Бинонты-иу чысылæй-стырæй æддæмæ ратардта æмæ-иу сæ сæвæрдта тæлтæг бæхтыл. Стæйиу хъæуунгты тымыгъау ныууадысты æмæ-иу хуыссæгхъæлдзæг куыйты схæпп кæныны бон дæр нæ фæцис. Хъомыл адæймæгтæн-иу Хохойты сыхы тар хъæды сæ ныхтыл фондз метры дæрддзæгмæ маузеры нæмгуытæ ныздыхта. Сабитæн таиу фондзæхстоны цæгатæй сæ сæртæ уæлейæ дæлæмæ æркъуырдта æмæ-иу сæ дзыхъмард фæкодта. Уый фæстæ-иу мæрдтæ иу ранмæ æрбайста æмæ-иу сын сæ быны толы къоппытæ бавæрдта. Сæ бикфорды синагтыл-иу сын арт бафтыдта, афтæмæй-иу сæ срæмыгъта, æмæ-иу сæ фыдты пыскъуылтæ кæм æркалдысты, уымыты-иу æртытæ скодта. Кæд-иу цъус уыдысты, уæд та-иу сæ удæгæстæй бабаста æмæ-иу сæ срæмыгъта, нæмыг-иу сыл æппындæр нæ бахардз кодта, афтæмæй... Дзандар æцæг хордта адæмы цъæх бирæгъау, фæлæ-иу фæздæгдзоны куы сбырыд, уæд-иу фестад бынтон æндæр мыггаджы бирæгъ, уымæн æмæ, адæм сæ фос кæмæй хъахъхъæнынц, уый сабиты нæ хæры...

Кудзайæн йæ бон нал бацис сабимæ хъусын æмæ дыккаг зылдæй йæхи айста. Æртыккаг зылдмæ фæцæйцæугæйæ йæ

фæндагæргæвст фæкодта цъæхдарæсджын лæг, фæлæ иугæр йе ’рдзон зæрдæ сæнкъуыст, уæд йæ иувæрсты ацыд æмæ хаххæй мидæмæ бахызт. Æртыккаг мусы сабитæн, чызгæй-лæппуйæ, сæ фæскъæбуттæ, сæ кука фæсонтæ, сæ мæллæг æрбадæнтæ æмæ сæ бæгъæмвад зæвæттæ уыдысты, æмбыд кæрдойау, саусауид, хус æрчъиагау, æнцъылд æмæ цъенгæ ихау лæгъз. Кæмæн дзы йæ сæры магъз ныббыгъдæг, кæмæн дзы йæ дæрæн фæрсчыты зыхъхъыртæй йæ хуылфы дзаумæттæ зындысты, кæмæн та йæ къæхты стджытæ ныббæгънæг æмæ ныззыкъуыртæ сты тæдзынæджы дæргъæццон ихтау. Бæлццонæн йе ’рдзон зæрдæ никкæрзыдта æмæ та уыдоны дæр афарста:

— Кæмæн цы ракодтат, кæцы политикон змæлды уыдыстут архайæг æмæ уегасыл æмхуызон мæлæты гакк цæмæн и?

Дыууадæс-æртындæсаздзыд даргъдзыкку чызг йæ тæккæ цурмæ æрбацыд æмæ цъæхдарæсджын лæгмæ æлгъæй бакаст, афтæмæй йын æрнымадта, пионер уæвгæйæ-иу йæхæдæг йæ раздзогæн куыд дырысæй æрнымадта, афтæ:

— Æппæтдзæнæтон пролетариаты генион фæтæг, æппæтзæххыцъарыл цæрæг кусæг къласы зонынджын ахуыргæнæг, зæххон хур æмæ хурзæрины бын дидинæфтауæг нациты уарзон фыд кулакты ликвидацийы закъон куы рауагъта, уæд МАК аразын райдыдта сау номхыгъдтæ. Ахæм сау номхыгъдмæ-иу чи бахауд, уый-иу æд бинонтæ Сыбырмæ фæхастой æмæ-иу кæнæ фæндагыл бабын, кæнæ-иу уым йæ сабитимæ стонгæй бынысқъуыд систы, кæнæ та-иу тифæй фæцагъдысты. Сау номхыгъдмæ бахæссын кæй хъуыд, уый МАК йеддæмæ ничи зыдта æмæ-иу ын йæ сусæгдзинад схъæр кодта æрмæст «тройкæйæн». «Тройкæ» цы у, уый нæ зоныс? У-у-у, уый дæр МАК-ы фæсдзæуин уыд æмæ-иу æй скодтой нымудзджытæй, гадзрахаттæй, æвзагхæсджытæй, тауысгæнджытæй, ардауджытæй æмæ йæ мады дзидзитæ ралыг кæныныл чи нæ бацауæрстаид, ахæм хæтаг æмæ æмбыд адæймæгтæй. Иугæр сау номхыгъдмæ бахæссинаг адæймæгты нæмттæ МАК лæвæрдта, уæд «тройкæйы» уæнгтæ зыдтой, бирæ тæрхон сæ кæй нæ хъуыд, уый. Сæ хицæутты хардзæй-иу развæлгъау фæсыкъадзæф сты, сæхиуыл-иу фæтчыгъæдæн дуар сæхгæдтой æмæ-иу расыгæй райдыдтой тæрхон кæнын, ахæм æмæ ахæм мæгуыр лæгты сау номхыгъдмæ бахæссæм æмæ сæ Сыбырмæ æд бинонтæ фесафæм æви иунæджытæй, зæгъгæ, ууыл.

Ӕртындæс æмæ ссæдзæм азы цыппурсы мæйы Цымытийы районы МАК-ы хайады хицау Хæдзарæгаты Дзандар «тройкæйы» сæргълæууæг Наниты Хъæндилы фырт Хыдыры къухы фæсагъта иу игæрхуыз мыцъайæ мыхуырæвæрд къонверт æмæ йæ бафæдзæхста: «Хыдыр Хъæндилович, уыцы къонверт «уæлейæ» æрæрвыстой æмæ, йæ хуылфы цы ис, уый нæ зонын, фæлæ йæ мæ цуры ма сыгом кæн. Йæ директивæ æрмæст дæ «тройкæмæ» хауы æмæ йæ тæрхонгæнджытæ уæхæдæг фæут». Хыдыр уайтагъд фæхатыд, директивæ Дзандарæн йæхи къухæй фыст кæй уыд, фæлæ ницы загъта. Зыдта йæ, уæлдай дзырд куы скодтаид, уæд æй Дзандар «Тройкæйæ» раппæрстаид æмæ йын дыккаг бон йæхиуыл ныффыстаид «директивæ», кæд йæ мæгуыры хъис дæлæмæ згъæлдис, уæддæр. Фæсаходæнты Хуыгаты Гæсийы фырт Къитъа æмæ Гаглойты Дзæрæхмæты фырт Хъасболатмæ фæсидт æмæ сын сагъæсхуызæй загъта, мæнæ та чидæр колхозы бындур зыгъуыммæ разилынмæ хъавы æмæ йыл ныртæккæ тæрхон хъуамæ скæнæм, зæгъгæ. Колхозы къанторы дуар сæхиуыл сæхгæдтой, мыцъаджын къонверт сыгом кодтой æмæ йæ хуылфы дыдагъæй æвæрд гæххæтты гæбазыл фыст дыууæ цыбыр хъуыдыйады бакастысты, дамгъæтæ нымайгæ æмæ схæц-схæцгæнгæйæ: «Колхозы цыфыддæр знаг кулак Булкъаты Габо. Иунæгæй æви æд бинонтæ?» «Тройкæйы» зондджын лæгтæ сæ ноззвæллад цæстытæ кæрæдзимæ ныццавтой. Стæй сагъæсты арф аныгъуылдысты æмæ æппынфæстаг бамбæрстой сусæг ныстуаны мидис. Ныстуан чи æрбарвыста, уый сбæлвырд кодта, кулак Булкъаты Габо колхозы фыдызнаг кæй уыд, уый. «Тройкæ» та тынг хорз зыдта, ахæм тæссаг адæймæгтæн-иу МАК цахæм тæрхон скодта, уый. Ӕрмæст ма сын сбæлвырд кæнын хъуыд, Габойы Сыбырмæ иунæгæй ахастаиккой, æви йын йæ бинонты дæр йемæ арвыстаиккой. Къитъа афтæ, йæ чысыл сабитæ та цы гæнæг сты, кæнæ йæ бинойнаг Досыры къухæйдзаг бирæ хæттыты куы бахордтон, уæд ын ныр йе сæфтыл мæ къух куыд æрфыссон, зæгъгæ. Хъасболат дæр стыхстис, цæхджын хойраг дæттыныл, гъай-гъайдæр, нæ ауæрдынц, фæлæ мын хоры къæрмæгæй дæр бирæ хæттыты феххуыс сты æмæ сыл ныр куыд рахæтон, зæгъгæ. Фæстагмæ уæддæр Наниты Хыдыр фервæзын кодта йе 'мбæлтты сæ хъизæмарæй. Уый сыстад тæрхонгæнæгау æмæ бæрнджынæй загъта: «Булкъаты Габо Сыбырмæ хæссинаг кæй у, уый нын цæхгæр зæгъы мæнæ уыцы

гæххæтты директивæ æмæ уыцы фарст дзырддаг нал у. Æрвитын та йæ æнæмæнг хъæуы æд бинонтæ, уымæн æмæ æз цы Габойы зонын, уый иунæгæй Хъарсы фидары мидæг куы ныббарай, уæддæр ын йæ авд дуары ныддæрæн кæндзæн æмæ йæ сабитæм æрфардæг уыдзæн». Дыууадæс минутмæ иу нæргæ хæдзары бинонты хъысмæт алыг и «Тройкæйы» рабадты. Тæрхоны тæрæзтæ сраст кодтой МАК-ы æртæ фæсдзæуины æмæ, улæфгæ, рахызтысты æддæмæ. Дзандар нæ дыккаг бон æфсæнвæндаджы станцæмæ ныттардта æмæ нæ чысылæйстырæй бакалдта тъеплушкæ-вагоны чъизи хуылфмæ. Æвæццæгæн дзы уый размæ аластой стуртæ æмæ йæ фаджысы смаг калдис. Фæндаг-фæндаг хаст адæммæ хаст адæм бафтыдысты, кулактæй æмдзаг тъеплушкæ-вагæттæ кулактæй йемдзаг тъеплушкæ-вагæттыл бандæгъдысты æмæ, Кавказы арæнтæй куы ахызтыстæм, уæд нæ поезд ныддаргъ æмæ ныууæззау рынчынтæй, мæрдтæй, цæссыгтæй, хъынцъымæй, тæригъæдæй, хъарæгæй, судзаг рисæй, тæвднизæй. Зымæджы къæрццытæгæнаг уазалы фынддæс боны фæцыдыстæм гыбаргыбур æмæ къæс-къæсгæнгæ. Тъæнджы мæйы æстдæсæм бон бахæццæ стæм Казахстаны иу быдираг станцæ Шортандымæ. Вагзалы тъæпæн бæстыхайæн йæ алфамбылай хæдзар, фæздæг, бæласы мыггаг æмæ цæрæг никуы зынд, фæлæ дзы парахатæй уыд салд миты тигъджын хъæпæнтæ, къæр-къæргæнаг уазал æмæ, буары туасау чи ныхст, ахæм тымыгъ. Сæумæрайсом, цæст нырма дзæбæх нæ уыдта, афтæмæй нæ, уæлдайаг къæбыстау, ракалдтой нæ тъеплушкæ-вагæттæй. МАК-ы лæгтæн цы уыд, сæ къæхтыл валинкæтæ скодтой, сæ даргъ кæрцыты бæрзонд æфцæгготтæй æрмæст сæ сырх-сырхид фындзтæ зындысты. Тыгъд быдырмæ нæ, фосы дзугау, аскъæрдтой æмæ нæ уым æртæ дихы фæкодтой. Æфсæнвæндаджы рахиз фарсырдæм кæй атардтой, уыдонæй загътой, колхозон арæзтады туджджын знæгтæ сты æмæ, социалистон æхсæнадæн тæссаг кæм нæ уыдзысты, ахæм ранмæ сæ фæтæрын хъæуы, зæгъгæ. Цæй тæссаг ма уыдысты мæ мад Нанион æмæ мæ фыд Габо сæ сатин пысулты сæ ихсыд хæцъилдзабырты æмæ сæ тæвднизимæ! Сабиты æрдиагмæ чи хъуыста, ноздджын хъарагъултæ бæхтау мырмыр кодтой æмæ уад ниудта. Æфсæнвæндаджы галиуфарсырдæм кæй атардтой, уыдонæй загътой, хасты тызмæг фæлварæнты фæстæ, чи зоны, æмæ сæ кулачы хъуыдытæй ссыгъдæг

уой ӕмӕ се 'ргом советон хицауаддзинадырдӕм раздахой, зӕгъгӕ. Миты тигъджын хъӕпӕнты ӕхсӕн кӕй ныууагътой, уыдонӕй загътой, адон колхозон арӕзтады фыдызнӕгты хъыбылтӕ сты, сӕ ныййарджытимӕ сӕ куы арвитӕм, уӕд уыдон дӕр райсом не знӕгтӕ суыдзысты, зӕгъгӕ. МАК-ы лӕгтӕ арахъхъ хырхтой ӕмӕ нӕ алывӕрсты гӕппытӕ кодтой, афтӕмӕй нын, се 'взӕгтӕ дыдӕгътӕгӕнгӕ, дзырдтой: «Иу чысыл ма банхъӕлмӕ кӕсӕм ӕмӕ нӕм уалынмӕ ӕрбтӕрдзысты зӕлдаджы хуызӕн фӕсалӕй дзаг дзоныгътӕ. Фӕсалы мидӕг абырдзыстӕм ӕмӕ нӕ ардыгӕй суанг «Три-четыре»-йы хъӕуы онг узгӕ нылласдзысты». Тыгъд быдыры нӕ уазал дымгӕмӕ цӕмӕн дардтой ӕмӕ нӕ вагзалы хуылфмӕ цӕмӕннӕ уагътой, уый нӕма ӕмбӕрстам. Нӕма зыдтам, уӕлхъӕдӕй нӕ уазалы кӕй цагътой, уый. Нӕма зыдтам, МАК-ы кусджытӕ сабиты куынӕг кӕныны ног мадзал кӕй ӕрымысыдысты, уый. Ӕнхъӕлмӕ кастыстӕм ӕнӕхъӕн бон. Ӕнхъӕлмӕ кастыстӕм ӕнӕхъӕн ӕхсӕв, кӕрӕдзи ӕнгом балхъывтам, афтӕмӕй. Дыккаг бон ныл МАК-ы лӕгтӕ фӕйнӕрдӕм ахӕцыдысты ӕмӕ, куы фӕхицӕнтӕ стӕм, уӕд ӕртындӕс ӕмӕ ссӕдз сабийӕ ӕстдӕсӕй миты уӕлӕ ӕркалдысты суджы лыггӕгтау хъӕбӕрӕй. Хъахъхъӕнджыты хистӕр нӕ куы анымадта, уӕд йӕ мидбылты гӕзӕмӕ бахудт ӕмӕ уырыссагау загъта: «Неплохой результат без девятиграммового свинца!» Йӕ дзырдты мидис ын нӕ бамбӕрстон, фӕлӕ мӕ хъуыдыйы баззадысты дамгъӕтау. Уайтагъд нын нӕ уӕлӕ кӕрдӕгхуыз бӕрӕзент айтыгътой, йӕ кӕрӕтты йын къӕбӕлтӕ ныккъкъуырдтой ӕмӕ сӕхӕдӕг мард сабиты цыппӕрдзалхыгтыл бакалдтой, афтӕмӕй сӕ аластой кӕдӕмдӕр. Сыд сабитӕм ихы сагъд къӕбӕлты сӕппарыны фаг тых нӕ уыд. Дымгӕ нӕм мидӕмӕ лӕбурдта. Мах нӕ бӕрӕзент хӕстоны бын тӕлфыдыстӕм ӕмӕ йӕ ӕнкъуыстам цъусгай. Мит уазал у, фӕлӕ уымӕй уазалдӕр та у салд сабийы хъӕбӕр буар. Арахъхъдзӕф МАК-ы лӕгтӕ нал фӕзындысты ӕмӕ райсоммӕ негас дӕр бззадыстӕм миты уӕлӕ уӕлгоммӕ хуысгӕйӕ ӕмӕ нал фенкъуыст кӕрдӕгхуыз бӕрӕзент...

Кудзайӕн сабимӕ хъусын йӕ бон нал бацис ӕмӕ ӕнахъомты «дзӕнӕтӕй» дард фӕлидзынвӕнд скодта, фӕлӕ куыддӕр ӕртыккаг зылдӕй ӕддӕмӕ ахызт, афтӕ мусты дӕллаг кӕрон хӕрхӕмбӕлд фӕцис фараст-дӕсаздзыд бурдзалыг лӕппуйыл. Лӕппуйӕн йӕ сӕрыл, хурау, ӕрттывта налхъуыт-налмасы

ӕрвхуыз къӕрттытӕй фӕлыст паддзахы сызгъӕрин худ. Йӕхӕдӕг дӕр уыд хурау рӕсугъд ӕмӕ йе 'нтъыснӕг цӕсгомыл гӕзӕмӕ ферттив-ферттив кодта сабийы ӕнӕхин мидбылхудт. Бӕлццон фӕджихау, ай та цы диссаг у, сабитӕ ииуыылдӕр къордгӕйттӕй куы лӕууынц, уӕд ацы хурдзӕсгом лӕппу цы ракодта ӕмӕ йӕ цӕмӕн фӕхицӕн кодтой, зӕгъгӕ. Йӕ зӕриндагӕй фӕлыст къандзолӕн йӕ дысӕлгътӕ, йе 'фцӕггот, йӕ былтӕ ӕмӕ йӕ фӕдджитӕ сӕ мидрухсӕй мынӕгсыгъд кодтой хӕрдоджыты лыстӕг рӕнхъытӕ. Йе 'рвгъуыз атлас-хӕлафы фӕтӕн фадгуытӕ йӕ фӕлмӕн цырыхъхъыты хъусты нытътъысста. Йе 'нгӕс дзырдта, иунӕгӕй кӕй схъыг и, цыдӕр зӕгъын ӕй кӕй фӕндыд ӕмӕ йын ныр йӕ зӕрдӕйы рис раргом кӕныны фадат кӕй фӕцис, ууыл. Кудзайӕн йӕ зӕрдӕ фӕкъӕпп ласта, лӕппу йӕ сызгъӕрин худыл фӕстӕмӕ кӕй ахӕцыд ӕмӕ-иу ын сагъӕс йӕ бӕрзонд ныхы царм, стыр адӕймаджы ныхы цармау, кӕй фенцъылдта, уымӕ. «Цыма йӕ ных риссы ӕмӕ йӕ худыл уӕлӕмӕ уымӕн схӕцыд!» Куы йӕм баввахс, уӕд МК-ы афицертӕ ӕртӕйӕ йӕ разы фегуырдысты ӕмӕ йын тызмӕгӕй загътой, уӕдӕйнырмӕ цы хивӕнд митӕ фӕкодтай, уыдон уал дын фаг уӕнт, лӕппумӕ мауал сдзур ӕмӕ дӕ фӕндагыл комкоммӕ ӕппӕтдзӕнӕтон пролетарон мӕрдты генион фӕтӕджырдӕм цу, зӕгъгӕ. Фӕлӕ иугӕр йе 'рдзон зӕрдӕ сдудыдта, уӕд сӕ иувӕрсты ахызт ӕмӕ сабийы цурмӕ бацыд.

— Кӕмӕн цы ракодтай, кӕцы политикон змӕлды райстай хайад? Иннӕ сабиты мӕлӕты гакк дыл кӕй нӕ зыны, уый тыххӕй фӕхицӕн дӕ, ӕви зыбыты иунӕгӕй цӕмӕн лӕууыс? — афарста йӕ.

— Нӕ, мӕ цытджын бардар, мӕнӕ уыцы лӕгтӕ сабитӕм мӕн ӕмгӕрон кӕй нӕ уадзынц, уымӕн йӕ аххосаг бынтон ӕндӕр цыдӕр у, — ӕрхӕндӕг хъӕлӕсӕй загъта лӕппу.

— Цавӕр ӕбуалгъы хъуыддаг у йӕ аххосаг? — фӕджихау Кудза.

— Мӕ равзӕрд, мӕ равзӕрд, мӕ цытджын бардар.

— Уагӕр дын цавӕр хъӕндзӕргӕсы равзӕрд ис? — йӕ ком ахус Кудзайӕн.

Уалынмӕ фӕйнӕрдыгӕй сабитӕ ӕрбагӕр-гӕр кодтой, ӕмӕ лӕппуйы дзурыны бон нал фӕцис, фӕлӕ ӕртӕ афицеры се 'хсӕн цъиусуртау смидӕг сты ӕмӕ сӕ рацӕфтӕ кодтой сӕ резинӕ къоболатӕй.

— Тагъд уæ дзæнæтон мустæм цæугæут, уæ цъæх дуртæ ныххойут æмæ хъæрæй ныссидут, нæ амондджын сабибонты хыгъд æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæгæй бузныг стæм, зæгъгæ! — фæтъæлланг сыл кодтой уыдон.

Сабитæ «уæуу, нана» хъæргæнгæ фæпырх сты, фæлæ та ногæй æрбагæр-гæр кодтой æмæ сæ дыууæйыл æрхъула сты.

— Дун-дунейыл, дам, æппæты æгъатырдæр эксплу...плу... плуатор у, уæ дзæнæтмæ, дам, æй тæфтыл ма бауадзут! — загъта даргъдзыкку чызг.

— Уый чи загъта?

— МАК-ы лæгтæ.

— Æмæ, дам, фараст-дæсаздзыд саби цы ’мбары эксплуатацийæн?

— Паддзахы фырттæ, дам, æрдзæй рахæссынц экспл...плу... плуататоры тызмæг миниуджытæ. Куыддæр, дам, æй уæхимæ æмгæрон æрбауадзат, афтæ, дам, уæ сцагъар кæндзæн æмæ, дам, уæ дзæнæт фесæфдзæн.

— Æмæ чи у паддзахы фырт?

— Æз дæн паддзахы фырт æмæ мæ бæллæх дæр уый у, мæ цытджын бардар, — æнтъыснæггомау загъта лæппу æмæ сабитæ уайтагъд фæсыкк сты.

— Кæцы паддзахы фырт дæ? — Кудзайæн фырдисæй йæ цæстытæ йæ уæлных абадтысты.

— Уæрæсейы æппæты фæстаг паддзах Никъала Дыккæгæмы фырт дæн, мæ цытджын бардар. Уый бындар Алыкси дæн...

— Алыкси дæ? — Кудзайæн йе ’взаг йæ комы тыххæй æрзылд.

— Алыкси дæн, мæ цытджын бардар, Алыкси.

— Æмæ дæ хъуымыз нырма дæ дзыхæй куы кæлы, уæд дæ цавæр фыдракæнды хыгъд æрбаппæрстой дæ кълассон знæгтæ ардæм? — бæлццон афтæ æнхъæлдта, паддзахы фырт чысыл саби у æмæ мын мæ ныхæстæн ницы бамбардзæн, зæгъгæ, фæлæ йын уый радта хъомыл адæймаджы дзуапп, иннæ сабитæ йын куыд радтой, афтæ:

— Мæ иунæг фыдракæнд у, паддзахы фырт кæй дæн, уый. Хъалон фидынæй йе рагъы царм никæмæн раластон. Хæдхæцæг паддзахы ныхмæ тох кæныны хыгъд никæй фехстон æмæ хъоргъы дæр никæй ауагътон. Паддзахады арæнтыл фæйнæрдæм ахæцыны сæраппонд хæст никæмæн расидтæн. Мæ хиуарзон интерестæ сæндидзыны тыххæй политикон репресситæ нæ ауагътон.

Никæй фæсайдтон. Йæ зæхх никæмæн байстон, — æрнымадта паддзахы фырт.

— Алыкси у, саби цы вæййы, уый, фæлæ йæ МАК-ы лæгтæ махмæ тæфтыл нæ уадзынц! Немæ йæ дзурын æмæ хъазын цæмæннæ уадзынц, уый дæр нын нæ зæгъынц! — æртæ мусы сабитæ æмдзыхæй сгаз-газ кодтой.

— Æдт, куыдзы хъæвдынтæ, уæдæ уæ цъаммар дзыхтыл гуыдыртæ нал сæвæрдзыстут? Уæ фаг фæрæйдтат æмæ ныр уæхи айсут ардыгæй, бæлццоны дæр цæуын хъæуы йæ фæндагыл! Кæннод куы байрæджы кæна, уæд æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæгмæ афоныл нал баирвæздзæн æмæ йæ дзæнæт фесафдзæн! — цъæхдарæсджынтæ сабитæм бирæгътау фæлæбурдтой æмæ паддзахы фырты сæ фæсчъылдым фæуагътой, афтæмæй Кудзайæн тызмæгæй ацамыдтой, ардыгæй дæхи æнæфыдбылызæй айс, зæгъгæ. «Ацы куыйтæ, æвæццæгæн, хъахъхъæнынц, Алыксийы сабитæм æмгæрон кæй тыххæй нæ уадзынц æмæ æз кæй хъуамæ базонон, ахæм сусæгдзинад æмæ нæ уымæн тæрынц ардыгæй!» — йе 'рдзон зæрдæйы амындæй скарста Кудза.

— Фæлæуут ма, фæлæуут, мæ иунæг фыдракæнды хыгъд мыл цы бæллæх æрцыд, ууыл мæ дзурын цæмæннæ уадзут? Бæлццон мын мæ хабар куынæ базона, уæд цы радзурдзæн æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæгæн? — Алыкси хъахъхъæнджытыл фæйнæрдæм ахæцыд æмæ дыуæ цъæхдарæсджыны æхсæнты размæ ралæууыд.

«А-а-а, кæсыс хъуыддаджы сусæгдзинадмæ? Кæмдæрты цыдæртæ радзурын кæй хъæуы, Аминон мын уымæн бавæрдта мæ риуы аразгæ зæрдæ! Ома, дын мæнæ нæ идеологийы къæбицы конд пластмассæйы зæрдæ æмæ дын уый дæ сæры магъзы спрограммæ кæндзæн нæ фæндæтты джиппы уагъд хъуыдытæ! Табу Стыр Хуыцауæн, иугæр мæм ахæм хъуыдытæ февзæрд, уæд мын уыцы æлгъыстаг аразгæ зæрдæ ме 'рдзон зæрдæ бынтон нæма ныммардта! Фæлæ, сабиты дагъытъайлаг уавæртæ фенгæйæ, кæй не сцымыдис дæн, кæй не смæсты дæн æмæ иу хатт дæр кæй нæ афарстон, уый та цæмæн афтæ у, зæгъгæ, уый æнæмæнг мæ пластмассæ зæрдæйы куыст у. Акæс ма, лæгхор æвдиутæ уæлæуыл мæгуыр сабитæн фондзæхстоны æфсæн цæгаттæй сæ сæртæ ныххæлдтой, Казахстаны фыдхъызты сæ бæрæзент къарцы мидæг басийын кодтой æмæ сын æз ам сæ

хабæрттæм афтæ хъусын, цыма уыцы æбуалгъы хъуыддæгтæ мæнмæ ничердыгæй хауынц! Мæгуыр сабитæ се 'фсæйнаг тæбынгтæй кæд æнæмæнг исты хойын хъуыд, уæд цъæх дурты бæсты хъуамæ хостаиккой, уæлæуыл сын сæхи сæртæ чи ныххæлдта, уыдоны сæртæ! Афтæ домынц мæрдты бæсты æнæфыст закъæттæ! Адон та сын сæ къухты æфсæйнаг тæбынгтæ ныссагътой, сæ разы сын сæхи сæрты тенкаты бæсты цъæх дуртæ æрæвæрдтой æмæ сын загътой, хойут сæ æмæ хъæр кæнут, нæ амондджын сабибонты хыгъд æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæгæй бузныг стæм, зæгъгæ! Нæ, мæн хъæуы стыр психологон стресс, кæннод афтæ бирæ куы ахæсса, уæд, чи зоны, мæ цыфæнды фæуайы ахаст кæронмæ мæхимæ базза ймæ фæстагмæ æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæджы стауын райдайон. Мæн хъæуы стыр психологон стресс! Мæн хъæуы стыр психологон стресс! Мæн хъæуы стыр психологон стресс!» — Кудза йе 'муд æрцыд æмæ та ногæй сабиты сыгъдæг цæсгæмттæм фæкомкоммæ ис.

— Алыкси, дзур, дзур! Дæ фæсчъылдым чи лæууы, уыдонæй ма тæрс! — бацардыдтой йæ сабитæ.

— Нæ хæдзарвæндаджы нын æнæхъæнæй æрцахстой æмæ нæ райдианы хызджын вагæтты аластой Тобольскмæ, стæй та Екатеринбургмæ. Æвæццæгæн, афтæ домдтой хицауадон фæфæлдæхт æмæ революцийы тызмæг закъæттæ! Мæ хъуыдымæ гæсгæ та революционер хъуамæ араза йæ революцион хъуыддæгтæ, саби кæна йæ сабион хъæзтытæ æмæ йæм цыфæнды уавæрты дæр политикæ æмгæрон ма æрцæуа! Фадынæгæй рынчын уыдтæн, афтæмæй мæ ЧК-йы хотыхджын лæгтæ мæ ныййарджытæ, мæ цыппар хо æмæ мæ хæдзарвæндаджы иннæ адæймæгтимæ ратардтой Екатеринбурджы сахары кæронмæ. Дуг йæхæдæг куыд ссонт ис, боныхъæд дæр афтæ. Хъарм зæхмæ хуымгæрдæны мæйы хур кастис, фæлæ нæ фæстаг лæууæн уыд, æнтыдау, змæст æмæ йæ сырхбын цъыф къæхтыл æндæгъдис тад писийау. Бынат, æвæццæгæн, нæ размæ тугæй сдонхæр æмæ йын йæ сырх-сырхид култыл кæд сыджыт бакалдтой, уæддæр та йæм революцийы машинæ адæмы знæгты ног къорд æрбаппæрста æмæ йын æй йæ уæлæ куы æрыссадта, уæд ын бахус кæнын нæ бантыст, афтæмæй йæ мæлæтдзаг адæймæгтæ сæ бæгъæввад къæхты бын сызмæстой. Уæрæсейы æнамонд паддзах, Тамбовы губернийаг музуккау, йæ мидæг лæгæрста

бæгъæввад æмæ бæгъæмсарæй. Æгас фæндагыл йæ дзыхæй хъыпп-сыпп не схауд, фæлæ туг æмæ сыджыты æндæдзаг амæнтæн йæ къæхты бын куы схъæфс-хъæфс кодта, уæд хæрзныллæг хъæлæсæй загъта: «Ардæм кæй æрбтæрынц, уыдонæн ацы туджы саубын амæнтæнæй зонд амонын нал хъæуы. Ацы æнæдзаг амæнтæнæй ЧК æмæ Ревком зонд амонынц, сæ хъуыддæгтыл сын гуырысхо чи кæны æмæ сæ коммæ чи нæ кæсы, уыдонæн. Уый йеддæмæ нæ ардæм куынæ æрбаскъæрдтаиккой, уæд сæ хъуыддаг скæнынæн Екатеринбурджы алфæмбылæйтты æндæр бынат не ссардтаиккой?» Цавæр хъуыддаг скæнынмæ хъавыдысты, уый æххæст нæма æмбæрстон. Æз æрмæст аивтæй хатыдтæн, ЧК æмæ Ревком æвзæр кæй нæ куыстой æмæ, мæ фыд революцийы машинæ кæй хуыдта, уымæн иу минут дæр æрлæууæн кæй нæ уыд, уый. Сæ туджджын знæгты цагътой æмæ сæ æгъатырæй кæй куынæг кодтой, уымæй зонд амыдтой æгоммæгæстæн! Цы ма уæ фæнды уымæй хуыздæр! Æмырæй цыдыстæм, сырхбын амæнтæны лæхъир хъæфс-хъæфс æмæ горабындзыты иугъæдон гуыв-гуыв хъуыст. «Мæ уæнгæл у Уæрæсе йæ горабындзыты тыххæй, пуй!» — нытту кодта мæ мад, цыма йæ ныртæккæ горабындзыты хъуырмæгæнаг гуыв-гуывы йеддæмæ ницы тыхсын кодта. Мæ хистæр хо йæ мидæг куы балæгæрста æмæ йын туджы æнуд тæф йе 'мбудæнтæ куы ныццавта, уæд йæ тасæйдзаг цæстытæ хъоппæгæй мæ фыдмæ æрбазылдта æмæ арты æндзæрст хус къæцæлау нықъкъæрцц-къæрцц кодта: «Па-пæ-æ-æ, кæдæм нæ æрбатардтой, уый зоныс? Ай гекатомбæ* у, гекатомбæ!» Мæ фыды дурдзавд цæсгомыл тæригъæдгæнг лæджы мидбылхудт куы ауыдтон, уæд фæджихау дæн, уымæн æмæ-иу цыфæнды уавæрты дæр уый уæлейæ дæлæмæ кастис æнæрвæссон цæстæй. Ома, мæгуыр дæ бон фæуа, мæ байзæддаг, уæртæ уыцы хотыхджын лæгтæ дæ Царское селомæ тезгъо кæнынмæ нæ, фæлæ революцийы æнæфсис машинæйы хъæлæсы ауадзынмæ кæй ратардтой, уый нырмæ куыннæ фæхатыдтæ?! Нæ тæккæ фæсчъылдым ногкъахт сыджыты бур обау ныддаргъ. Обауы фаллаг фарс цы уыд, уый нæ зынд. Куы

* Гекатомбæ — Рагон бердзентæ-иу сæдæ галы куы снывонд кодтой æмæ-иу сæ иумæ куы æргæвстой, уæд уый хуыдтой «гекатомбæ». Фæстæдæр ахæм ном сæвæрдтой алыхуызон стыр нывæндтæ кæныны æгъдауыл. Æппынфæстаг уыцы æгъдау райста символикон мидис æмæ-иу гекатомбæ хуыдтой, адæм-иу дзыллæгай куынæг куы æрцыдысты, кæнæ-иу тынг бирæйæ иумæ куы бабын сты, уæд уый.

ӕрцӕйхаудтӕн, уӕд мӕ мӕ фыд йӕ хъӕбысмӕ фелвӕста ӕмӕ мын мӕ хъусы сусӕгӕй загъта: «Алыксашӕ, мадӕр бур обаумӕ кӕс ӕмӕ мадӕр сау къурткӕджын лӕгты дзуарӕвӕрд хъатаратӕм! Мӕ риуыл ӕрбаныхӕс ӕмӕ мын иудадзыг кӕс мӕ цӕстытӕм, ӕндӕр макуыдӕм!» Сабийы цымыдис мӕ уӕддӕр фӕкӕсын кодта сау къурткӕджын лӕгтырдӕм ӕмӕ ӕз ауыдтон, ӕнӕхост галы хуызӕн лӕг йе уӕхскӕй йӕ фондзӕхстон куыд ӕрбайста ӕмӕ йын йӕ сампалыл йӕхирдӕм уӕзбынӕй куыд ӕрбахӕцыд, уый. Гӕрах нал ӕрбахӕццӕ и мӕн онг. Аивтӕй ма фенкъардтон, мӕ тӕвд ных иу ран куыд асыгъд ӕмӕ йӕ хъарм, электронау, ме уӕнгты куыд апырх и, уый. Ӕндӕр ницы!..

— Чи радта уыцы ӕвдиуӕн ахӕм бар? — Кудза ӕвиппайды нырдиаг кодта ӕмӕ йӕ фаст сатин хӕдоны фӕдджитыл фӕйнӕрдӕм ахӕцыд, афтӕмӕй йӕ риуы цыппӕрдигъон нос ныггом кодта. Йӕ буары сконд ӕмӕ йӕ дыууӕ зӕрдӕйы цы ’рцыд, уый ничи зоны. Чи зоны, ӕмӕ йӕ паддзахы ӕнахъом фырты фехсыны ӕвирхъауы ныв психологон стрессы уавӕры баппӕрста ӕмӕ, йе ’рдзон зӕрдӕйы амындӕй цӕмӕ бӕллыд, уый йыл ӕрцыд. Науӕд, чи зоны, ӕмӕ йӕ пластмассӕ зӕрдӕ йӕ кусынӕй банцад ӕмӕ цаутӕ ауыдта, цы хуызы-иу ӕрцыдысты, уыцы хуызы. Ничи йын ницы зоны. Йӕ риуы цыппӕрдигъон нос уыд ӕнӕхъӕн ӕмӕ йӕ аразгӕ зӕрдӕ нырма тӕпп-тӕпп кодта йӕ риуы.

— Революцийы закъон ын ратта бар! — цыбыр дзуапп ын радта паддзахы фырт.

— Ӕмӕ кӕй хъӕуы, ӕнахъом сабиты фехсыны бартӕ цы революци дӕтты, уый? — Кудза дудаг хъӕр фӕкодта ӕмӕ йӕ цыппӕрдигъон носы цъӕх-цъӕхид хаххыл йӕ хистӕр ӕнгуылдзы ных, кардау, дӕргъырдӕм ауагъта, афтӕмӕй йын йӕ лазеры хуыд айхӕлдта.

— Сис ӕй ӕмӕ йӕ дӕ къӕхты бынмӕ ӕрӕппар! Сис ӕй ӕмӕ йӕ дӕ къӕхты бынмӕ ӕрӕппар! Сис ӕй ӕмӕ йӕ дӕ къӕхты бынмӕ ӕрӕппар! — ӕмдзыхӕй йӕм сидтысты сабитӕ ӕмӕ къӕхты коймӕ фӕфиппайдта, Тамбовы губернийаг музуккау, йӕхӕдӕг дӕр туг ӕмӕ сыджыты лӕхъир амӕнтӕны бӕгъӕввадӕй кӕй лӕгӕрста.

«Революцийы номӕй саудзӕсгом лӕгмартӕ ӕнахъом сабитӕн рынчынтӕй сӕ тӕвдӕйдзаг ныхтыл фондзӕхстоны нӕмгуытӕ куы цӕвой, уӕд мӕ хуызӕн адӕймӕгтӕн цӕрыны бар нӕй!» —

Кудза йæ галиу къухы дыууæ æнгуылдзы йæ комхæлд носы дыууæ цъассы мидæг къæпсыртау нытътъыста æмæ йæ риуы цыппæрдигъон кæрдих, йæ туг калгæ, систа харбызы сырх-сырхид лыггагау. Йæ цонджы хъулыл хъармæй цы æндæдзаг тæнгъæд æрлæст, уый йæ ноджы тынгдæр сызнæт кодта. Цыппаркъуымон мæрайы хъармы йæ рахиз къух арф батъыста æмæ йе 'нгуылдзты хæлбурцъæй, йæ ахстоны ныгъуылд сырддонцъиуау, æрцахста, кæрдæгхуыз дарæсджын Аминонг ын йæ риуы мидæг гуыв-гуывгæнгæ кæй бавæрдта, уый. Куыддæр æй æддæмæ райста æмæ йе 'рдзон зæрдæ хæдбарæй аззад, афтæ йæ миддуне фæфæлдæхт æмæ йæ сабиты тæригъæдæй æрфæндыд кæуын, дзыназын, хæкъуырцц кæнын. Æцæгдзинады æгъатыр ахаст ныр банкъардта йе 'цæг хуызы æмæ базыдта, мæнгномрайсæг Аминон ын цы æппæтдзæнæтон революцийы кой кодта, уый дæр зыгъуыммæ фæлдæхт æцæгдзинад кæй уыд. Йæ сустæ æмæ йæ игæртыл дымгæ аныдзæвд, цъæхдæндаг лæджы дæндæгтыл куыд андзæвы, афтæ, фæлæ йæ дыууæ цонджы уæлæмæ сдардта æмæ, æнахъом сабиты цурæй дард лидзгæйæ ныхъхъæр кодта нæрæмон хъæлæсæй:

— Æнахъом сабиты барæй чи куынæг кæны, уый революци нæ, фæлæ некатомбæ у!

Чысыл Алыкси йæ фæдыл бауад æмæ йæм паддзахы галуаны æгъдауы мындæй нал бадзырдта, мæ цытджын бардар, зæгъгæ, фæлæ йæм кæугæ фæсидтис, иннæ сабитæ йæм цы номæй сидтысты, уыцы номæй:

— Кудза, мæ ныхæй мын фондзæхстоны нæмыг сæфтау, кæннод мæ хъазын æмæ хъуыды кæнын нæ уадзы! Кудза! Кудза-а-а!..

Кудза ма йе уæхсчы сæрты иу хатт фæкаст æмæ мæгуыр лæппумæ фæдзырдта:

— Алыкси-и-и, æз хирург нæ дæн æмæ дын уыцы хорзы бацæуын мæ бон нæ бауыдзæн, фæлæ мæм ам банхъæлмæ кæс! Æз æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæгмæ бацæудзынæн æмæ йын ацы «дзæнæтон» мусты хыгъд йæ мард, йæ дзуар йæ сæрыл фæхойон, афтæ дæм æрбаздæхдзынæн!..

Сатæг уæлдæф ын йæ гом сустæ куы æрбакука кодта æмæ йын хуыфæджы судзаг йæ хъуыр куы æрбахгæдта, уæд йæ цыппæрдигъон кæрдих йæ риуы цыппаркъуымон агъуды бавæрдта, хъарадзалайаг тæтæйраг Худиа-иу йæ харбызы сырх-сырхид

лыггаг ӕнӕвнӕлдӕй йӕ джиппы мидӕг куыд нывӕрдта, афтӕ. МАК-ы афицертӕ йӕ фӕдыл ӕрцӕйтахтысты ӕмӕ йӕ зыдта, цӕй тыххӕй йӕ ӕрбацӕйсырдтой, уый, фӕлӕ йӕ аразгӕ зӕрдӕ уӕддӕр нӕ аппӕрста. Нӕ, нӕ йӕ аппардзӕн, йӕ къухы йӕ зылӕнгӕнӕн хуымилигау бахӕсдзӕн, кӕдӕм хъӕуы, уырдӕм ӕмӕ уым кӕмӕндӕрты ӕргом зӕгъдзӕн, уӕхӕдӕг хинтӕ стут ӕмӕ уӕ реформӕтӕ та сайӕн митӕ, зӕгъгӕ. Ӕрмӕст уал ныртӕккӕ исчердӕмты аирвӕзын хъӕуы уӕртӕ уыцы ӕрра куыйты хъӕлӕсӕй. «Кудза, нейтралон тагмӕ бахиз ӕмӕ дӕ МАК-ы ардыд куыйтӕ ныууадзой!» — йӕ хъусты дзӕнгӕрӕгау ныззӕлланг кодта сабиты сыгъдӕг хъӕлӕс. «Бӕргӕ, бӕргӕ, мӕ чысыл зӕрдӕ, фӕлӕ уыцы нейтралон таг кӕм ис, уый зонын нӕ хъӕуы?» Мӕнӕ цы диссаджы цъысимы бахаудта йӕ хъуыды! Афтӕ ӕнхъӕлдта, цыма ӕрмӕст хъуыдытӕ кодта йӕхицӕн, фӕлӕ та уыцы хъуытаз хъӕлӕс ногӕй анывдзӕвд йӕ хъустыл: «Агурын ӕй нӕ хъӕуы, рахизырдӕм цӕхгӕр фӕзил ӕмӕ дӕ таг йӕхӕдӕг фӕндагӕргӕвст фӕкӕндзӕн!» Чи зоны, зӕдтӕ сты ӕмӕ Кудзайы ӕрдзон зӕрдӕйы мидӕг бадынц! Чи зоны, фӕлӕ фӕстӕмӕ куы фӕкӕсы, уӕд та кӕрдӕгхуыз дарӕс уыны ӕмӕ нейтралон тагмӕ куыд хъуамӕ баирвӕза! Йӕ аразгӕ зӕрдӕ йӕ армы дзыхъхъы йӕ куыст кодта ӕмӕ йӕм лидзгӕлидзыны йӕ иугъӕдон гуыпп-гуыпп хъуыстис. Чи зоны, чи зоны, чи зоны!.. Нейтралон таджы ӕвзистхуыз гӕрзмӕ ӕнӕнхъӕлӕджы бахауд ӕмӕ куыддӕр йӕ уӕлӕ фӕраст ис, афтӕ МАК-ы афицертӕ фӕтары сты, цыма нартхоры нӕмгуытӕ уыдысты ӕмӕ сӕ карк ӕруыгъта, уыйау. Зоны йӕ, фӕсауонӕй йӕм уӕддӕр сӕ хъус дарынц, фӕлӕ сын нейтралон тагмӕ февналыны бар нӕй. Ӕнахуыр закъӕттӕ скодта ӕппӕтдзӕнӕтон пролетарон мӕрдты генион фӕтӕг! Йе 'ххуырст лӕгты сифтындзы, сӕ лазеры бормашинӕйы сын ӕрбацӕуӕджы риуӕй цыппӕрдигъон кӕрдих сисын кӕны ӕмӕ йын сӕ бафтауы йӕ фӕдыл. Фӕлӕ куыддӕр ӕрбацӕуӕг йӕ аразгӕ зӕрдӕимӕ нейтралон тагмӕ баирвӕзы, афтӕ дзыхълӕуд фӕкӕнынц, хъӕхъхъаг куыдз донбылгӕрон куыд фӕлӕууы, афтӕ. Кудза ӕнӕмӕнг баздӕхдзӕн паддзахы фыртмӕ, фӕлӕ йын йӕ ныхы нӕмыгӕн цы сараздзӕн, уый нӕма зоны. Ӕвзистхуыз фӕндаг ӕвиппайды фӕсаджил ӕмӕ, кӕцырдӕм ацыдаид, уый нал зыдта. Галиуырдӕм куы ацӕуай, уӕд дӕ хъуыддӕгтӕ ныггалиутӕ уыдзысты ӕмӕ дын фӕстӕмӕ ӕрбаздӕхын кӕнӕ бантысдзӕн, кӕнӕ

нæ. Комкоммæ куы ацæуай, уæд дын æнæбабын нæй. Рахизырдæм куы ацæуай, уæд фæстæмæ æрбаздæхдзынæ, фæлæ де рагъыл худинаджы цъыф æрбалухдзынæ æмæ йæм Терчы дон æнæхъæнæй куы бауадзай, уæддæр æй нал æрæхсдзынæ... Комкоммæ цæуæг фæндаг дзы нæ уыд. Дыууæ фæндаджы саггомы ауыдта æрттиваг авгæй конд глобусы хуызæн бæстыхай. Йæ хуылфы æргъæу фынджы алыварс цы авд лæджы бадтис, уыдон зындысты аквариумы кæсæгтау. Уый дæр та, æвæццæгæн, дзæнæт у, фæлæ йæ æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæг кæмæн скодта сæрмагондæй? «Цом, ацы лæгты мæ фæндагæй афæрсон!» — загъта Кудза йæхинымæры æмæ глобусы алыварс æрзылд, дзуармæ лæгъстæмæ цæуæг кувæгау. Йæ дуар ын куынæ ссардта, уæд иу ран слæууыд æмæ кæсынтыл фæцис. Фалейæ ма ноджы ысуыдта æрттиваг глобустæ, фæлæ уыдон нейтралон тагæй чысыл дæрддзæф уыдысты, æмæ куыддæр йæ фæндагæй фæиртæстаид, афтæ цъæхдарæсджынтæ йæ уæлхъус февзæрдаиккой. Йæ тæккæ разы чи уыд, уымæн йæ цæрджытæ сæ зæрдæйы дзæбæхæн цæуылдæр ныхас кодтой æмæ бæлццонмæ сæ хъус æппындæр нæ дардтой. Сæ хъæлæс сын æрттиваг авджы сæрты сыгъдæгæй куы фехъуыста, уæд фырдисæй йæ цæстытæ ралиуырынæввонг систы. Ай та цы диссаг у, уый бæзнæн авджы аквариумы хуылфæй мæм сæ хъæлæс афтæ сыгъдæгæй куыд хъуысы, зæгъгæ, загъта æмæ глобусы къулыл бандæгъд хуылыдз сыфтæрау. Дзæнæты диссæгтæ нырма фæсте уыдысты. Кудза ныхасы лæгты цæсгæмттæм куы ныккаст, уæд йе 'рдзон зæрдæ фегуыппæг, йæ уæрджытæ фæдыдагъ сты æмæ йæ мидбынаты æрцæйхауд. «Адон уæртæ нæ Иры хуыздæртæ куы сты, уæд сæ ацы æрттиваг аквариумы хуылфы, кæсæгтау, чи ныккалдта? Ау, уæлæуыл сæ кæй бафхæрдтой æмæ сын сæ сыгъдæг удтæ кæй фелвæстой, уый сын æгъгъæд нæ уыдис?» Сæ худтæ, лæгдзинады æвдисæндартау, æргъæу фынгыл æрæвæрдтой æмæ бæгъæмсартæй бадтысты. Уæллаг йæ иу къах йе 'ннæ къахыл сæвæрдта. Йæ фæныкхуыз цухъхъайы фæдджитыл фæйнæрдæм ахæцыд æмæ йæ сау-сауид цæстыты рухс дзурæгмæ ныццавта æмæ-иу хатт йæ цыбыр æлвыд боцъойыл йæ уæздан æнгуылдзтæ æруагъта. Кудза йын йе 'нтъыснæг цæсгоммæ куы фæкомкоммæ ис, уæд фырцинæй йæ цæссыгтæ рахъардтой: «Алкæмæн дæр æрдзы ис хуызæн, кæнæ адæмы æхсæн, кæнæ сырдты æхсæн, кæнæ мæргъты æхсæн, кæнæ та

хилджыты æхсæн. Нигерæн хуызæн никуы ис! Нигер йæ бакастæй дæр Нигер у æмæ йæ фыстытæй дæр! Уый у! Цас зын хъуыддаг мын у йæ базонын, йæ сурæт алæбон мæ разы куы вæййы, уæд?» Нигеры рахиз фарсырдыгæй, йæ роцъомæ йæ армытъæпæн чи ныббыцæу кодта, уый уыд цæгæрсæр, тымбылдзæсгом æмæ бæзæрхыг. Кудза йын йæ цæсгомы ивæнтæ куы ауыдта, уæд йæ хъуыдыты, аргъауы пакъуындзæйау, сыстад армытъæпæны йас сырх-сырхид чиныг йæ цъары мидæггаг фарсыл конд нывимæ. Сурæт чи скодта, уый йæ зæрдыл нал лæууыд, фæлæ йæм чиныг иу бон Касаты Мадæ кæй æрбахаста, уый тынг хорз хъуыды кæны. «Демиург, мæнæ уый Къосирати Сæрмæт у æмæ йæм дзæбæх æркæс. Сæрмæтæн бирæ литературон бынтæ нæ баззад, уый йæхæдæг кæйдæрты бынтæ хъахъхъæдта, фæлæ ныууагъта стыр фарн æмæ йын йæ хуызист афтæ хъуамæ бахъуыды кæнай, цыма дын æй тæвдæй дæ зæрдæйыл мыхуырау сæвæрдтой! Нывæндтæ æвæдæй нæ сæфынц æмæ йыл райсом ныхас кæй уыдзæн, уый зон!» — загъта йын чызг. Сæрмæтæн-иу йæ зыгъуыммæ зылд хъысмæт зонгæйæ йæ чысыл чиныг цал хатты систа, уал хатты-иу быйдзарæй ныккæрзыдта. «Сæрмæты хуызæттæ искæйты бахъахъхъæнынц мæлæтæй æмæ сæхæдæг балæууынц карды бын. Йæ дæле та чи бады? Кæмæн ис Иры хъуыдыгæнæг нæлыстæджытæй ахæм сæвджын фæсонтæ, уæйыджы сконд æмæ æнæхин сабийы æнгæс? Уый инквизицийæ æмыхсæвæджы фæлыгъд Дард Хурыскæсæнмæ æмæ уым ссæдз азæй фылдæр советон хицаудзинады сæрыл фæтох кодта. Стæй, уæлахиздзауты съезд йæ фæдисы дзæнгæрæг куы æрцагъта æмæ коллективизаци йæхиуыл куы схæцыд, уæд Ирмæ æрбаздæхт, фæлæ йын МАК йæ кæцыдæр бункеры йæ уд сласта æмæ йыл æркодта, фæрæтмæ йæхи къахæй цы саг бацыд, уый бон. Ир йæ уындæй нæ бафсæст æмæ йын йе ’мдзæвгæтимæ йæ хуызистытæ дæр скуынæг кодта, фæлæ йæ Кудза базыдта йæ хъуыдыйады скондæй. Дæ бон хорз, Газакк!.. Ныббар мын, ме ’мсисау дæм дæ номæй кæй дзурын, уый тыххæй!.. Ау, мæнмæ тынг хорз куы хъуысы уæ алы ныхас дæр, уæд мын сымах куыннæ хъусут мæ сидт?.. Чи зоны, ам йæ литературон фæсномыгæй цæры æмæ йæм Иласы номæй хъуыд фæсидын! Газаччы дæле та чи бады уыцы къæбæлдзыгсæр? Йæ кæсæнцæстытæ куы сисид æмæ йæ лæугæ æфцæгготджын цъæх хæдоны бæсты урс хæдон куы скæнид сау гæлæбуимæ, уæд

дыккаджы Лорд Байроны хуызæн уаид! О-о-о, уый та уæртæ Беджызаты Чермен куы у, уæд цæуыл схъынцъым и, цымæ? Куыд бнтыст нæ бæсты стыр фарнæн уыйæппæт бардуæгты æрæмбырд кæнын? Науæд сæ кæд иу ранмæ æмбырд кодта, уæд иннæты кæм фæуагъта æмæ не 'ппæты стырдæр бардуаг кæм бады? А-а-а, æвæццæгæн Къостайæн сæрмагонд дзæнæт ис æмæ цытджын «37»-онты та равзæрста æвдгæйттæй!.. Диссаг у, Хъуылаты Созырыхъо уырдæм дæр йæ рæсугъд фадыварц, йæ уæзбын фердæхт æмæ йæ аристократон ахастытимæ кæй æрбафтыд, уый!.. Сикъо, ацы æрттиваг глобусы цы бадыс, уым уæлæуыл дæ адæмы дæ сæр куы хъæуы, уæд?.. Æхсæзæм та чи у? Афтæ æвзонгæй йæ чи æрбадын кодта Иры бардуæгты ныхасы? Уæ, мæ хъуыды, иу æрттывд ма мын фæкæн æмæ стæй, бынтон куы бамынæг уай, уæддæр базондзынæн æвдæм бардуаджы! Æвæццæгæн, æгæр цъус фæцис уæлæуыл æмæ йæ цардæгас æнгæс бæстон не 'рфидар адæмы хъуыдыйы. Æниу, рæстæг цы давы метеоры ферттывды? Рахауы сыгъдæг æрвдымбылæй æмæ йæ фæдыл фæуадзы судзгæ тæлм! Курдиат хурæй хъауджыдæр нæу æмæ йæм комкоммæ кæсæнтæ нæй. Æнæхуыр адæмæн сæ бон цæрын нæу, фæлæ йæм комкоммæ бирæ чи фæкæса, уый саугуырм бауыдзæн. Метеортау нæм чи ферттывта, уыдонæй кæцыйæн уыд æгоммæгæс гоцора æмæ уарийы æнгæс?.. Мамсыраты Темырболат уа? Нæ, Темырболат уарийау нæ каст, уымæн йе 'нтъыснæг цæстыты Турчы саудалынг æхсæвтæ зындысты мæрддзыгой устытау!.. Хъамбердиаты Мысост у?.. Ох, уый та æгæр къленц дарæс дардта æмæ йæ цæстытыл зынд, низимæ тох кæнынæй кæй ныффæллад, уый!.. Уæдæ ма кæцы у, кæмæн абухынц йæ цæстыты уады змæст хуызтæ?.. Æдт, мæ сау зынг дын куыд бахуыссыд, Фæрнион, кæд дæ куыд æрæгмæ базыдтон!» — Кудзайæн йæ зæрдæ суынгæг æмæ чысыл сабийау тæвд цæссыгтæ згъалгæ фæсидынмæ хъавыд, ацы æрттиваг аквариумы цы бадут, нæ Иры бардуæгтæ, уе стыр фарн ныл ардыгæй уырдæм хæрзмæ ауды æмæ нæ кæд ам дæр хъæут, уæддæр нæ уæ сæртæ уæлæуыл тынгдæр хъæуынц, зæгъгæ, фæлæ йæ æвиппайды хингондау фæкодта, саулагъз цæсгом кæмæн уыд æмæ йæ бæзджын æрфгуытæ йæ фындзы хъæлы сæрмæ кæмæн сиу сты, уыцы æвдæм лæджы æлхъывд хъæлæс. Уый йæ сæр йе 'нгуылдзтæй афаста, йæ хъæддых гуыр Нигерырдæм батасын кодта æмæ райдыдта:

«Иуан, дæ куыстмæ цæугæйæ дæ хъус никуы æрдардтай, Ленин æмæ Бутырины уынгты тигъыл цы æртæуæладзыгон хæдзар ис, уымæ? Уæу-у-а-а, куы мын дзырдтай, уыцы хæдзары хицæуттæм æнхъæлмæ кæсгæйæ-иу хатт мæ зæрдæ æмæ ме 'мдзæвгæйы ритм схæццæ ис, зæгъгæ, уæд мæ куыд рох фæцис? Иннæ лæппуты ницæмæй фæрсын, уыдон йæ гильотинæйы бын фесты æмæ йæ зонынц. Æддейæ-мидæгæй хæдзар цы вæййы, уый у. Бæрæг дары æрмæст йæ хицæуттæй. Иннæ бæстыхæйтты хъауджыдæр йæ рæсугъд колоннадæйы бæрзонд цæджындзты æрдынæгты бын æхсæвæй-бонæй æрвгъуыз рухс нæ кæлы, кæнæ йæ барок																												койы архитектурæйы алæмæты нывтæ йе 'рдынцæрттыл, стъалытау, не 'рттивынц. Æгъуыз хæдзар у, тигъыл йæхицæн лæууы, йæ марæн гæрзтæ йæ сау пæлæзы бын цы лæг бамбæхсы, уыйау. Цы дыууæ фарсы дзы зыны, уыдон сты тар, зæгъы къæвдайы мигъау æлхынцъæрфыг æмæ кæфхъуындары зыкъуыритæ хæрвау зæрдæ уынгæггæнæг. Дыгургомæй-иу куы æрцыдтæн, уæд-иу æм мæ хъус не 'рдардтон æмæ нæ зыдтон, цавæр уагдон уыд æмæ йæ хуылфы чи змæлыд, уый. Уæддæр мын йæ унд мæ зæрдæйы цæмæндæр ихæнриз æвзæрын кодта æмæ-иу йæ рæзты ацыдтæн фæрсырдæм нæ кæсгæйæ. Политикон тохы фæндагыл сæрмагондæй нæ хæцыдтæн, мæ хъуыды ахæстоны бадынмæ нæ цæттæ кодтон æмæ мæ йæ зонын ницæмæн хъуыд. Йæ рæзты-иу дурастæрд тротуарыл куы фæцæйцыдтæн, уæд-иу афтæ æнхъæлдтон, цыма цъыфдзасты ныгъуылд кæфхъуындары уырынгтæ чъылдымыл фæцæуын æмæ, куыддæр йæ бырынкъмæ бахæццæ уон, афтæ мæм фæкъæпп кæндзæн. Бирæ кæмæйдæрты фехъуыстон, йæ хуылфмæ уазæг куы бацæуы, уæд фæстæмæ нал раздæхы, зæгъгæ, æмæ дис кодтон: «Ау, цы фæвæййынц, кæд митау нæ атайынц, уæд йæ хатæнты куыд бацæуынц?» Мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, æндæр уæладзгуытæ ма йын кæй уыд, йæ иннæ уæладзгуытæ арф ныгъуылд кæй уыдысты æмæ-иу сæм хуымæтæджы адæймаджы цæст æрмæст иу хатт кæй баххæст. Комкоммæ йæм мæ цæст бакæсын никуы бауарзта. Йæ фæныкхуыз къулыл æрхуы зæгæлтæй цы сырх авджы фæйнæг уыд ныхæст, уый йын никуы фæфиппайдтон. **«ССР Цæдисы Мидхъуыддæгты Адæмон Комиссарады Цæгат-Ирыстоны областон хайад»** кæй уыд, уый бæрæггæнæг бафыст никуы бакастæн. Йæ хуылфæй мыл уазал ныдзæвд, аквалнгистыл денджызы акулæйы лæгъз буар куыд аныдзæвы, афтæ.

Ницæмæн мæ хъуыд, нæ йæ агуырдтон, мæхи дзы хызтон. Мæ ахуыргæнæджы куыстæй мæ мæгуыр бинонтæн къæбæр ардтон, нæ мæгуыр адæмы рис мæ зæрдæмæ истон æмæ-иу уыцы судзаг рис куыддæр гæххæттыл æрфыстон, афтæ-иу æмдзæвгæ фестад. Дæ хъуыдыйы хæлбурцъ æмæ дæ зæрдæйы дудаг цæмæн фемдзæвгæ вæййынц æмæ дын кæмæдæрты фæдисмæ сидæгау цæмæн сидынц, зæгъгæ, афарстой мæ иу хатт, ацы хæдзармæ-иу разæй чи бацыд æмæ-иу здæхгæ дæр ууылты чи ракодта, уыдон. Уæу, цы кæнон æмæ куыд цæрон уæдæ? Мæ хъуыды гæххæттыл афысгæйæ кæй фемдзæвгæ вæййы, уым мæгуыраузæй цы ис? Донæн йе змæлды закъон дæлæмæ цæуын куы у, уæд æй уæлæмæ куыд здахут?.. Цардмæ æгæр æнæхин цæстæй кастæн. Афтæ æнхъæлдтон, цыма къæдзгуытæ æмæ тæппытæ æрмæст поэттæ сæвæрынц се 'мдзæвгæты. Нæ, афтæ нæ рауад! Тигъыл хæдзары арф ныгъуылд уæладзыджы хъæлæсы куы аирвæзтæн, уæд базыдтон, уыцы ихæнриз æфтауæг бæстыхайы хицæуттæ сæ куысты регламентæн йæ тексты мидæг сырх-сырхид къæдзгуытæ æмæ тæппытæ сæ маузерты нæмгуытæй кæй сæвæрынц, уый. Мæхи сыгъдæгзæрдæ фæлвæрайы фырт Гудзунайау фыййауы цард кодтон. Хъæуы сабитæн скъолайы хæлар зæрдæйæ лæвæрдтон, мæ хызыны цы уыд, уый. Дзæнгæдайы трибунæтæм æмгæрон нæ цыдтæн æмæ, кæд политикон авантюрæйы амæддаг фæдæн, уæддæр политик не сдæн. Æрмæст-иу мæ наци, ме 'взаг, мæ хъуыды æмæ ме 'мдзæвгæйæн куы фæзын и, уæд-иу сæ сæрыл рахæцыдтæн, мæ ныхмæ-иу Дзасболаты фырт Ахъбад æд æфсад куы рацыд, уæддæр. Лæгæйлæгмæ æргом хæсты мæлын зын нæу. Адæймаг стыр æвгъау у, сæрджын сагау, фæсаууонæй багæрах кæнынæн. Фæсаууонæй гæрах кæнын чи уарзы, уыдонæй мæм æртын æвдæм азы октябрæн йæ фынддæсы æхсæвæрафон æртæ æрбацыд æмæ уæнгæлтау фæсдуар слæууыдысты. Сæ иу уыд, цъерийы хъилау, даргъ æмæ къæсхуырдзæсгом. Йæ къухтæ йæ фæныкхуыз макинтошы дзыппыты нытътъыста. Йæ сыджытхуыз шляпæйы фæтæн чъилы бынæй-иу хатт йæ цæстытæ бирæгъы цæстытау ферттывтой. Æз æй уайтагъд базыдтон æмæ мæ зæрдæ фæкъæпп ласта. Иннæ дыууæйæн сæ уæлæ уыд сæрак къурткæтæ, сæрак картузтæ, сæрак галифетæ æмæ хром цырыхъхъытæ. Се 'нгæсыл зынд, макинтошджын сыл къухдариуæг кæй кодта, йæ иу фæсидтмæ-иу адæймаджы стджытæ дæрæн кæнын кæй райдыдтой.

Уыдон мæм куырм къæбыстæй хъауджыдæр нæ кастысты, фæлæ мын сагъæссаг уыд, макинтошджын мæм кæй æрбафысым кодта, уый. Йæ кой мæм Дыгурмæ æрбайхъуыст, МАК-ы искæй «бахардз» кæнын куы бафæнды, уæд уымæ фæсиды, зæгъгæ. Йæ хуыз, дам, хамелеонау ивы. Куы йæ бафæнды, уæд, дам, цъæх бирæгъ фесты. Кæддæр мын æй Дзæуджыхъæуы уынджы чидæр йæ къухæй ацамыдта æмæ мын сусæгæй загъта: «Ныртæккæ йæ цъæх макинтошы мидæг дæлæ дæ цæсты раз лæууы, фæлæ изæры, чи зоны, фалæ Гудзаретгом, кæнæ Къахетгомы искуы тохынайы фæздæгдзоны сбыра, йæ тæккæ цъуппыл цъæх бирæгъ феста æмæ иу-æртæ лæджы ахæра, афтæмæй, йæ былтæ сдæргæ, йæ дзæхст ам фæцæуа!»

«Малиты Геуæрги ды дæ?» — йæ марг скалдта макинтошджын æмæ йыл æз пыхсæй ныххуырстон: «Мæ фыдтæ хæрынæн нæ бæззынц æмæ дын нæ батайдзысты!» Уый йæ былтæ зыдæй сдæрдта æмæ бахудт: «Мæ ахсæны мæт ма кæн, уым дур дæр батайдзæн, ме ’мбæстаг!» Къурткæджынтæ уайтагъд мæ фæйнæфарс февзæрдысты æмæ сæ иу, йе ссыры сызгъæрин цъар ферттивын кодта, афтæмæй загъта: «Дзандар Падоевич, ам нын сбæлвырд кæнинаг ницыуал ис æмæ куы ацæуиккам, уæд уым нæхимæ хуыздæр равзариккам нæ хъултæ!» Макинтошджын йæхи мидæг батæлфыд æмæ æз фæфиппайдтон йæ фæныкхуыз макинтошы рахиз дзыпп куыд уæззу хъеллау ныккодта, уый. «Цæмæй уым нæ хъултæ дзæбæх равзарæм, уый тыххæй уал мын цы лæг тæккæ ам дзуапп хъуамæ ратта мæ фыццаг фарстæн. — Дзандар Падоевич къурткæджын богъыл иувахс ахæцыд æмæ та мæ æхситгæнгæ афарста: — Малиты Геуæрги ды дæ?» Куыддæр мæ дзыхæй схауд, Малиты Геуæрги дæн, зæгъгæ, афтæ мæм дыууæ дæрæнгæнæджы фæлæбурдтой æмæ мæ сау-сауид автомашинæйы æхгæд гуыффæйы талынг хуылфмæ баппæрстой. Айдагъ хæдоны мæ кæдæм ласут, мæ къандзол мæ уæлæ æрбаппæрстаин æмæ мæ бинонтæн дыууæ дзырды уæддæр загътаин, зæгъгæ, ныххостон кабинæйы фæстаг къул, фæлæ... Æнæхин адæймæгтæ афтæ æнхъæлынц, цыма тигъы хæдзарæн æртæ уæладзыджы йеддæмæ нæй. Ис ма йын æндæр уæладзгуытæ, фæлæ йын уыдон зæххы хуылфы афардæг сты, аргъауы къулыбадæг усы ссырау. Уым мын æппæты рæбинагдæр хатæны бæлвырд кодтой: дун-дунейы пролетариаты генион фæтæг æмæ æппæт зæххы цъары кусæг кълассы зонынджын

ахуыргæнæг Сталины ныхмæ хæцыдтæ, йæ национ сконды йын интеллектуалон диверситæ арæзтай, адæммæ колхозты саботажмæ сидтæ æмæ йыл басæтт, зæгъгæ. Æз та сын бæлвырд кодтон: аив дзырд æмæ æмдзæвгæимæ ныхæй-ныхмæ хæцыдтæн, æппæтдунеон пролетариаты генион фæтæджы ныхмæ тох кæнынмæ мæ не 'вдæлд æмæ саботаж мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, зæгъгæ. Нæй, нæ сæ бауырныдта, уæддæр афтæ æнхъæлдтой, цыма Сталины политикæйы ныхмæ мæ поэтикон дзырд бомбæйау басгуыхт. Цæй, куыд бауырнын кодтаин маузеры хотыхдартæн, æмдзæвгæ сау политикон боныхъæды рæмудзæн æрмæг нæ, фæлæ адæймаджы уд ноггæнæн æвдадзы хос кæй у? Цъæх макинтошджын æмæ йæ дыууæ фæсдзæуины цыппæрæм бон æрбахастой гæххæттыты стыр тыхтон æмæ, йæ фисыныл игæрхуыз мыцъа кæмæн уыд, ахæм къæнцылары чиныг. Фидар синагæй дыууæрдæм баст тыхтон мын мæ дæларм куы скодтой, уæд бынтон æрлæмæгъ дæн æмæ æгасæй сгæвгæв кодтон. Мæ удæн нæ фæтарстæн, мæ дæларм ме 'нæмыхуыргонд æмдзæвгæты баст кæй уыд, уый базыдтон æмæ цъæх макинтошджын фыццаг хатт ныллæгъстæ кодтон: «Дзандар Падоевич, уыдон ницы гæнæг сты. Уыдон ссæрибар кæнут æмæ æппæт фыдракæндты хыгъд дзуапп мæнæй æрдомут!» Цъæх макинтошджын йæ тæнæг былтæ æлгъæй фенцъылдта, афтæмæй загъта: «Граждайнаг, фыдракæнды фæдагуырды процесс аххосджынтыл банымадта уæ дыууæйы иумæ æмæ дзуапп дæр хъуамæ раттат иумæ! Афтæ домы тæрхоны дамгъæ!» Стæй йæ хус æнгуылдзтæй къæнцылары чиныг рафæлдæхта, йе 'ртындæсæм фарсыл сæрæй ставд дамгъæтæй «Ирыстоны оппозицион интеллигенцийы хъуыддаг» фыст кæм уыд, уым номхыгъды кæрон нымæц «13» рæсугъд сæвæрдта, йæ фарсмæ йын «Малиты Гæдойы фырт Геуæрги» бафыста æмæ мын цæстæй ацамыдта, йæ бакомкоммæ дæ къух æрфысс, зæгъгæ. Æз ахорæны тылд фыссæн райстон æмæ цалынмæ кæронæй мæ къухфыст æрæвæрдтаин, уалынмæ номыртæ æмæ мыггæгтыл мæ цæст æрхастон уæле дæлæмæ: 1. Барахъты Падейы фырт Гино. 2. Къосирати Уырысбийы фырт Сæрмæт. 3. Хъороты Алыксандры фырт Хъазыбег. 4. Гаглойты Гбийы фырт Рутен. 5. Гаглойты Григолы фырт Ефрем (Цуцукк). 6. Тогуызты Иласы фырт Газакк (Илас Æрнигон). 7. Фæрниаты Солтийы фырт Къоста. 8. Беджызаты Леуаны фырт Чермен. 9. Хъуылаты Садуллæйы

фырт Сикъо. 10. Тыбылты Арсены фырт Алыксандр. 11. Зæгъойты Уасилайы фырт Сарди. 12. Дзаттиаты Михелы фырт Алыксандр... Æртындæсæм уыд мæ мыггаг æмæ уый онг куы æрхæццæ дæн, уæд мæхи мидæг сæрыстырæй загътон: «Адон сты нæ Иры равзаргæ лæппутæ æмæ кæд сæ аккаг дæн, уæд мæ къух цæмæннæ бафыссон!» Æз мæ къух бафыстон. Ныр та кæй рад у, цыппæрдæсæм чи уыдзæн æмæ кæй рауæлдай кæндзæн нымудзæг? Цъæх макинтошджыны хъуыдымæ гæсгæ ацы бетон бункеры хуылфы мæн хъахъхъæнын нал хъæуы æмæ куыддæр йæ хъæлæсы февзæрдтæн, афтæ мæ иунæгæй фæуагъта. Æз мæхи æгады ранмæ нал æппарын æмæ никæмæнуал лæгъстæ кæнын, ме 'мдзæвгæты мын ацы фæндагыл ма арвитут, зæгъгæ. Уадз æмæ ацæуой, нæ Иры равзаргæ гуырдтæ кæуылты цыдысты, ууылты! Цъæх макинтошджынмæ сæ куы ныууадзон, уæд сын, чи зоны, фыдæнæн фыддæр фыдмитæ фæкæна. Æз ам дæн, мæ уд та уæлæ баззад. Хъыгаг у, йæ иу хай йын синагæй кæй сбастой æмæ мын æй мæнæ мæ дæларм кæй скодтой, уый. Уадидæгæн кæмдæр радио скуыста, æмæ бункер хыр-хырæй айдзаг: «Малийы-фырт, æрмæст комкоммæ кæс, афтæмæй цу æмæ сæмæны сырх хаххæй иу сантиметр дæр ма фæиппæрд у!» Æз æмæ мæ уды иу стъæлф сæмæны сырх-сырхид хаххыл цæуæм рæстæмбис къахдзæфæй. Мæ къах-иу размæ куы авæрдтон, уæд та-иу афтиды мидæг, цыма исчи рынчынæй уынæргъыд, уыйау анæрыд ме 'рчъийы фæлмæн тъæпп: тæхх-х! Сырх-сырхид хахх галиуырдæм фæзылд, æз мæ къахдзæф йæ фæдыл самыдтон æмæ къуымæй куыддæр баивгъуыдтон, афтæ æнæнхъæлæджы ныййазæлыд гæрах. Синагæй баст тыхтон мæ буармæ тынгдæр нылхъывтон, афтæмæй къуымы тæккæ рæбын ауыдтон, йæ фондзæхстонимæ дурдзавдæй æмраст чи лæууыд, ахæм салдаты. О-о-о, уый та дын репетитор, гъе, фæлæ кæд фондзæхстонæй уый фæгæрах кодта, уæд йæ фыццагон уавæры афтæ æвиппайды куыд алæууыд? Æз цыдтæн сæмæны сырх-сырхид хаххы кæронмæ, уымæн æмæ уый онг бацыдысты: Барахъты Гино, Беджызаты Чермен, Къосирати Сæрмæт, Фæрниаты Къоста, Хъороты Хъазыбег, Тогуызты Газакк, Хъуылаты Сикъо, Тыбылты Алыксандр, Гаглойты Рутен, Гаглойты Ефрем, Дзаттиаты Алыксандр, Куымæриттаты Шакро... Æз æртындæсæм дæн! Куыддæр сырх-сырхид хаххы кæроныл мæ галиу къах æрæвæрдтон, афтæ фæцыд æвдæм гæрах æмæ бункеры хуылфы тæвдæй ныййазæлыд

дæнг, дæ-дæ-дæ-дæнг! Цалынмæ комхæлиу сау афтиды мидæг ме 'нæмыхуыр фыстытимæ аирвæзтæн, уалынмæ мæ цæсты рухсы фæстаг ферттывд ауыдта, митау урс-урсид къулыл егъау сырх-сырхид тæпп æвиппайды куыд фæзынд æмæ йæ лыстæг стъæлфæнтæ, фæйнæрдæм фæпырх кæнгæйæ, йæ уæлæ æрдуйы стæвдæн æндæхтæй атомы нæмгуытау куыд ацауындзæг сты, уый. Гъе, ууыл фæцис æппæт æмæ мæн бауырныдта: Поэттæ се 'мдзæвгæты рæнхъыты кæрæтты тæппытæ сæвæрынц сæ фыссæн систæй. МАК-ы кусджытæ та сæ хæрзиуæджы хъуыддæгты кæрон стыр тæпп сæвæрынц нæмыгæй!..

Кудза глобусы æрттиваг къул тымбыл къухæй ныххоста æмæ сабийау зæрдæбынæй ныккуыдта, фæлæ йæм ныхасыбадджытæй фæрсмæ ничи фæкаст. Йæ алыварс æрзылд, Нигер чердæм каст, уым слæууыд æмæ ныббогъ кодта, уæ авджы дуар мын бакæнут, мидæмæ мæ бауадзут, зæгъгæ. Ныхасы лæгтæ уæддæр се 'рттиваг аквариумы бадтысты æмæ сæ хъуыдытæ нывæзтой æвæлмæсхуызæй. «Авгæн йæ гъæд у ахæм: уырдыгæй ацырдæм уынæр уадзы, ардыгæй уыцырдæм та цæсты рухс! Хорз дзæнæт сын скодта æппæтдзæнæтон пролетарон мæрдты генион фæтæг! Сæхи сын уынынц æмæ сын хъусынц се сулæфт дæр, фæлæ уыдон сæхæдæг ницы уынынц æмæ ницы хъусынц! Иугæр йе 'ппæтдзæнæтон революци адæймаджы кæсаджы уагмæ æрæппары, уæд æм æз цæуын мæхæдæг!» — Кудза уыцы иу зылд фæкодта æмæ цæстыныкъуылдмæ дыккаджы уый хуызæн глобусы раз куы февзæрд, уæд фырдисæй йæ улæфт фегуыппæг. Глобусы тæккæ астæу, сызгъæрин къæлæтджын æнцойгæнæнтыл йæ къухтæ уæгъдæй æрæвæрдта, афтæмæй бадтис даргърихи æмæ халасхил лæг. Йæ фыссæн стъол, йæ тилифонты коммутаторы игæрхуыз асыкк æмæ йæ къæлæтджыны æхсæн цыма сæдзгæ ныккодта, уыйау зындис æрмæст астæуæй уæлæмæ. Галиуырдыгæй коммутаторы æрвгъуыз цырагъ куы ссыгъдис æмæ хæтæлмæ йæ рахиз къухæй куы бавнæлдта, уæд Кудза базыдта, йæ галиу къух бынтон йæ раны кæй нæ уыд, уый. Стæй та йе стъолы тигъыл æргъæу сæхтæг йæ кæстæр æнгуылдзæй куы нылхъывта, уæд æй базыдта бæлвырд æмæ йæхимидæг æхцон сулæфыд, а-гъа, мæ фæндаджы кæронмæ æрбахæццæ дæн, зæгъгæ. Стæй йын йæ базонын уадиссаг зын нæ уыд, уымæн æмæ йæ йæ урс зæлдаг китель æмæ йæ лампасджын хæлафы мидæг иу æмæ дыууæ хатты нæ федта кинойы. Глобусы æддейæ

кæрæдзимæ æмиас дæрддзæгыл дурдзавдæй цы æртæ лæджы лæууыд, уыдоны дæр базыдта Кудза. Сæ иуæн уыд уæздан цæсгом æмæ йæ тæссармæ фаст сæры хъуынты уылæнтæ афтæ æрттывтой, цыма сыл сой ауагъта. Иннæ уыд иезуиты хуызæн æмæ йæ цъæх картузы худæмбæрзæны бын йæ пенсне тыххæй зынд. Æртыккагæн дæр йæ фындзы рагъыл дзедзыро кодта пенсне, фæлæ йæ былтæ уыдысты зыд æмæ йæ цæстытæ та хинæй æмдзаг. «Кæсыс, æппæтдунеон пролетариаты генион фæтæг æмæ æппæт зæххы цъары кусæг къласы зонынджын ахуыргæнæгæн йе ’ртæ гильотинæйы йæ уæлхъус лæууынц иумæ! Иугæр Ягодæ, Ежов æмæ Бериа бафидыдтой, уæд æппæтдзæнæты пролетарион мæрдты генион фæтæгæн йæ бандон фидар уыдзæн ам дæр! Ардæм цæстныкъуылдмæ кæй æрбахаудтæн, уый хорз у, фæлæ нейтралон тагæй кæй фæиртæстæн, уый мын æвзæрмæ расайдзæн. Цæй, архайын хъæуы æвæстиатæй, цалынмæ уæртæ уыцы æртæ не скуыстой æмæ мыл сæ куыйтæ нæ сардыдтой, уалынмæ! — Кудза глобусырдæм йæхи баскъæрдта, йæ аразгæ зæрдæ, ифтыгъд бомбæйау, фехста æмæ, мидæгæй чи бадт, уымæ йæ тых-йæ бонæй басидт: «Дæхæдæг дæр кæсагау æрттиваг аквариумы куы дæ, уæд де скæнгæ дзæнæт цы уыдзæн, мæгуыр дæ бон фæуа! Дæлимонты хай фæуæд дæ деспотизм æмæ дæ мæнг дзæнæт! Кæд дæхæдæг дæр аразгæ зæрдæйæ нæ кусыс, уæд ма дæ аквариумæй æддæмæ рахиз æмæ дæ дæлбары уавæрмæ æркæс, кæддæра цы зæгъис!» Аразгæ зæрдæ куыддæр глобусы уæлæ æрхаудта æмæ портийау уæлæмæ фесхъиудта, афтæ фæтæг йæ рахиз къух уæлейæ дæлæмæ цæхгæр æруагъта, цыма йе схъæл хистæр æнгуылдз зæххы, зæгæлау, ныккъуырынмæ хъавыд, уыйау. Дурдзавд æртæ гильотинæйы цæхгæр фæзылдысты, сæ рахиз къухтæ уыдон дæр уæлейæ дæлæмæ цæхгæр æруагътой æмæ уайтагъд фæйнæрдыгæй æрбагæр-гæр кодтой цъæхдарæсджынтæ. Сæ иутæ Кудзайæн йæ аразгæ зæрдæ æрбаскъæфтой, иннæтæ йыл сæхи ныццавтой, йæ къухтæ йын сыздыхтой æмæ йын йæ риуы цыппæрдигъон кæрдих йæ тугæрхæм джиппæй фелвæстой, цæмæй мæрайы хуылфы ногæй бавæрдтаиккой, Аминон дзы цы бамонтаж кодта, уый.

— Æдт, шпион æмæ змæнтæг цыдæр, кæд ныудздзынæ дæ идеологон диверсийы куыст? — арс кæрдо куыд ныууигъы, афтæ йæ ныууыгътой уыдон.

— Уæ аразгæ зæрдæ сфыцут æмæ йæ сызгъæрин тæбæгъы бахæссут уæ рихиджын фæтæджы размæ!

— Мах дын ныртæккæ базонын кæндзыстæм, иу операци цæй аргъ у æмæ уый хуызæн зынаргъ дзаума, бомбæйау, фæтæджырдæм фехсын куыд хъæуы, уый!

— Суадзут Нигер æмæ Геуæргиит ы! Суадзут Гино æмæ Черменит ы! Суадзут Газакк æмæ Сикъоиты!.. Æниу, сымах кæй суадздзыстут, уæ рихиджын фæтæг йæхæдæг дæр, кæсагау, аквариумы куы ис æмæ йæ йе 'ртæ куыдзы хъахъхъæнгæ куы кæнынц, уæд!..

— Нывонд галау цы уасыс?.. Уæлæмæ раст!..

— Мæ кæрдих мын æриут! — фæбогъ кодта Кудза йæ риуыл хæцгæ.

— Кудза, цы кæныс, райхъал у!..

— Уæлдæф! — æппынфæстаг куы райхъал, уæд фæхатыд, йæ мад Саудар йæ фарсмæ кæй бадтис æмæ йæ дыууæ къухæй кæй уыгъта, афтæмæй йæм фæдисæй кæй сидтис:

— Кудза, Кудза!.. Райхъал у æмæ фест уæлæмæ, кæннод ацы ныккæнды сæфæм æмæ нын нæ мæрдтæ ничи ссардзæн!

— Цæй ныккæнды сæфæм? Цытæ дзурыс, нана? Кæм стæм? — лæппу кæлмдзæфау фæгæпп ласта, фæлæ саудалынджы æппындæр ницы ауыдта.

* * *

Æнгом æхгæд ныккæнды мидæг авдæй аззадысты: Цымытийы райкомы фыццаг секретарь Хæдзарæгаты Сæрæгас, йæ шофыр Æрнæгаты Кудза, Кудзайы мад Саудар, хæдзары хицау Сауиты Бетъа, Бетъайæн йæ чысыл фыртыфырт Батыр, йæ чындз Рохсанæ æмæ йæ хæрæфырт Мадæ. Зæй сæ авдæй бафснайдта удæгæстæй ингæны хуызæн ныккæнды мидæг. Гæныстойнаг уынæр, зындоны абухын æмæ æвирхъауы æхситты фæстæ алфæмбылай мæрдæмыр ныццис. Æрдзы цыма лæмаргæ ныччынди æмæ дзы цъацъайы йеддæмæ ницыуал аззад, уыйау лæууыд æдых æмæ æмырæй. Уæлейæ сыбыртт нал хъуыст, сабырдзинад пъæззыйау ныббадт зæйлæстыты удтыл. Кудза æппынфæстаг райхъал æмæ йæ хъуыды йæхимæ æрцыд. Æрмæст йæ мæрдты бæсты æбуалгъы нывтæ нырма дæр йæ цæсты раз цардæгасæй лæууыдысты, йæ тæссаг цæстылуайæнтæ нæма айсæфтысты æмæ йын рахизырдыгæй йæ риу цыдæр нылхъывта. Цы уыдысты уыдон æмæ сæ алы фæзынд йæ хъуыдыйы дамгъæйау цæмæн аззад? Æцæг фыдфынтæ федта, æви царды æрцæуæг хабæрттæн

сæ нывтæ кæйдæр хъуыдыты баззадысты æмæ цыдæр тыхты амындæй Кудзайы хъуыдыты дæр цардæгасæй сфæлхатт сты? Йæ риуыл йæ къух арауадз-бауадз кодта, уыцы Аминон мын æй йæ лазеры кæрдæнæй æцæг ма слыг кæнæд æмæ мын йæ кæрдих харбызы цыппæрдигъон лыггагау мачи фелвасæд, зæгъгæ. Саудар ын йæ сæр даудта, хæрчысылæй-иу ын æй куыд даудта, афтæ. Йæхæдæг æндзыгæй лæууыд æмæ тармæ дзагъырæй каст. Йæ хъуыддæгтæ дыууæрдыгæй конд фесты, цæуинаг никуыдæм уыд æмæ йæ ницы домдта, фыркастæй йæ къæмисæнтæ цы рыстысты, уый йеддæмæ. Ардæм æрдæг фынæйæ æрхауд æмæ кæм февзæрд, уый бæстон нæма зыдта. Æнуд æмæ сымæры мидæг сулæфын кæй фæзын, уымæй базыдта, зæйы бын кæй фесты æмæ сæм уæлдæф кæй нæ калд. Уазал бетоны уæлæ бадтис, афтæмæй йæ буары хъарм тæф калдис. Йæ алфамбылай уырзæй асгæрста æмæ йæ къух уазалыл куы анычдзæвд, уæд базыдта, къултæ дæр бетон кæй уыдысты. «Нæ хатæн æвæццæгæн у, Малиты Геуæргийы МАК цы бетон бункеры ауагъта, уый хуызæн! Зæйы раз куыд фæлæууыд? Науæд æй Бетъа цæмæн сарæзта æмæ дзы цы хъавы? Ау, зымæгмæ цæхджынтæ æфснайынæн бетон бункер сарæзта?» Кæм ис Сæрæгас? Цы фесты Мадæ, Бетъа, чысыл Батыр æмæ Рохсанæ?

— Кудза, райхъал дæ, мæ хур? — Бетъайы хъæлæс. «Кудза, райхъал дæ?» — ау, афтæ бирæ фæфынæй кодта?

— Æрбаздæхтæн, Бетъа. — Кудза йæхиуыл схæцыд æмæ йæ сæр истæуыл куы скъуыра, уый тасæй йæ къухтæ уæлæмæ сивæзта куырмæджы, фæлæ йын ницæуыл анычдзæвдысты. «Иугæр мын мæ хуыссæджы хабар Бетъа дæр базыдта, уæд дзæвгар афынæй кодтон æмæ мын мæ райхъал кæныныл фæцархайдтой бирæ!» — ахъуыды кодта уый.

— Æрбаздæхтæ, зæгъыс? Æмæ кæцæй æрбаздæхтæ, кæйонгты афтыдтæ, кæмыты фæхæтыдтæ, кæм фæсерноба кодтай Къостайы загъдау? — иннæтæн сæ зæрдætæ ацаразыны сæраппонд хъазгæйæ загъта Бетъа.

— Кæмыты фæсерноба кодтон, кæ, мæрдты бæсты, — бынтон æнæхъазгæйæ загъта Кудза æмæ æвиппайды фенкъардта, мæрдты бæсты коймæ сылгоймæгтæ сæ улæфт кæй фæурæдтой, уый.

— Мæрдты бæсты фæсерноба кодтай? — сфæзмыдта йæ хъазгæйæ Бетъа, — æмæ уæдæ кæд уымыты дæ хъуыддæгтæ

ærbæстон кодтай, уæд ныр та ам æркæсæм нæ уавæртæм.

— Кæннод ацы бетон табæты бадгæйæ негас дæр уырдæм куы бацæуæм серноба кæнынмæ, уымæй тас у. — Мадæ Бетъайы дзырд фæцæхджын кодта.

— Дæ дзыхыл æрхæц, чызг! — фæхъызыд æм Бетъа.

— Уæ зонджын ныхæстæ уæхимæ куы ныууадзиккат æмæ уæ хъуыдытæ уæлæмæ сирвæзынырдæм куы фæцауазиккат, уæд хорз уаид! — бабустæ сын кодта Саудар.

— Демиург, дæ шефы тагъд балас Цымытимæ, кæннод ын абон дыууæ сахатыл бюройы рабадт ис æмæ байрæджы кæндзæн! Æниу, дыууæ сахаты зæгъын, фæлæ нын, чи зоны, бонтæ æмæ æхсæвтæ дæр схæццæ сты! Цы бон у абон, науæд бон у ныртæккæ, æви æхсæв? — фелхыскъ кодта Мадæ, фæлæ йæ зæрдæйы маст кæуыл калдта, уый йæхæдæг дæр нæ зыдта.

— Чызг, ахæм æлхыскъ ныхас кæныс, цыма æрдз йæ хъæд æмæ йæ хуызтæ партийы уынаффæмæ гæсгæ ивы æмæ зæй Цымытийы райкомы бюройы дзырдæй рацыд! — Бетъа Мадæйæн бауайдзæф кодта.

— Уый ма нæ хъæуы, гъе, цæмæй æрдз партийы уынаффæмæ гæсгæ ива йæ ахаст! Æрдзы йæ фæндоныл атæрынмæ чи хъавыд, ахæмтæ дæр нæм уыд. Гакка, хъуыды ма кæныс «нæ дуджы стыр ахуыргонд Мичурины» теори? Норильскы кæмдæр хъармуаты микроклимæты уавæрты алтъамийæн дидин рафтауын кодта уыцы сæнтдзæф æмæ стæй дун-дунейы пролетариаты генион фæтæджы фæндыры цагъдмæ кафгæйæ раппæлыд: махæн нæ бон нæу æрдзы хæрзаудæнмæ æнхъæлмæ кæсын, мах нæхæдæг хъуамæ ратонæм, æрдзмæ цыдæриддæр хорзæй ис, уый!.. Цæмæн ын сæ хъуамæ ратонай, дæ мард бынысæфт фæуа? Стæй ды кæй бастигъай, уый ма цæй æрдз уыдзæн?.. Хуыцау нæ бахизæд ахæм теоритæй! — уæзбынæй загъта Мадæ.

— Æрдз Мичурин æмæ Сталины хуызæн мæнг ахуыргæндтæ æмæ мæнг гуманистты фæндоныл куы ацæуа, гъеуæд сарæх уыдзысты зæйтæ æмæ лæсæнтæ , гъе! — Бетъа къулгæрæтты сгаргæ бацыд æмæ, йæхи кæуылдæр куы скъуырдта, уæд дзыхълæуд фæкодта: — Кæцы дæ, кæ?

— Æз дæн, Бетъа, æз, — æрæджиау сдзырдта Кудза.

— Кудза, уæдæ уый ды дæ, уæд ма мæм дæ къух авæр, ацы талынг ныккæндæн йæ азмæлæнтæ æз дæуæй хуыздæр зонын!

— Иугæр нæм рухс нæй, уæд мыл хæц, Бетъа, æмæ мын куырмæджы снывкæн нæ хатæнæн йæ равзæрд, йæ дæргъ, йæ уæрх,

йæ цары бæрзæнд æмæ йæ къулты зыхъхъырты сусæгдзинад.

Иу дыууæ минуты бæрц Бетъа сыбыртт не скодта, æмæ Кудза фæхатыд, ныккæнды фæрстыл æй дзурын тынг кæй нæ фæндыд, фæлæ йын йæ удыл нæ ныллæууыд, афтæмæй йæм банхъæлмæ каст.

— Хохæй ардæм куы æрлыгъдыстæм, уæд ам зæхх скъахтам иуырдæм цыппар метры, иннæрдæм та æртæ метрæй чысыл фылдæр æмæ дзы сарæзтам цæрынæн бæзгæ сыджыткъæс. Дуар ын скодтам скæсæнырдыгæй, йæ царыл ын схæцыдыстæм, адæймаг йæ быны лæугæйæ куыд цыдаид, афтæ. Уый фæстæ йын хæдзары къултæ комкоммæ йæ уæлæ суагътам æмæ бынæй дон куы схъара, зæгъгæ, уый тасæй йын йæ къултæ æмæ йæ зæхх мæхи къухæй сбетон кодтон. Куынæуал мæ бахъуыд æмæ йын йæ дуарыл гуыдыр куы сæвæрдтон, уæд мæхицæй дæр айрох æмæ мæ цот æгæрыстæмæй зонгæ дæр нæ кодтой, мæ ныккæнд кæй уыд, уый. Йæ сæр никæй уал бахъуыд æмæ рохуаты аззад, фæлæ та мын æй ацы сырх хъаймæт æрымысын кодта. Иуырдæм цыппар метрæй чысыл фылдæр, иннæрдæм æртæ метрæй чысыл фылдæр æмæ аннæрдæм та лæгбæрзæнд. Уый дын нæ хатæны параметрæ, Кудза! Йæ цар æмæ йæ къултæ нын сæттын нæ бакомдзысты, уымæн æмæ сæ цæмæй басæттæм, ахæм ницы ис нæ къухы. Йæ дуарыл дæр иуæй гуыдыр ис æвæрд, иннæмæй та йын зæй йæ уæлæ æрбакалдтаид мит æмæ нын фæзын уыдзæн йæ бакæнын. Куы нын бакома, уæддæр уырдыгæй ахизын пайда нæу...

— Цæмæннæ?

— Уырдыгæй ахизгæйæ дыууæ зæйы бакæлыныл бафтдзыстæм æмæ уымæн... Æндæр аххосæгтæ дæр ма дзы ис, фæлæ уыдоныл стæй æрдзурдзыстæм!.. Æмæ дын уый дзырдтон!.. Хуссарырдыгæй зæххæй æлмæрин уæлдæр къулы мидæг скодтон чысыл уæлдæфдзон хуынкъ... Ардæм кæуылты æрхызтыстæм, уый нæ федтай, фынæйæ кæй архайдтай, уый тыххæй. Зæгъын, уæд та цæмæн бахъуыдысты, загътон мæхи нымæры æмæ дуарæй æрбахизгæйæ рахизырдыгæй сарæзтон хъæдын тæрхæджытæ!.. Уый дын нæ хатæны сусæгдзинæдтæ, рухс куы уаид, уæд сæ дæхи цæстæй фенис!..

Кæд дæ ницæмæн бахъуыд æмæ рохуаты баззад, уæд ма йын йæ царыл танчы люкы хуызæн æмбæрзæн цæмæн сарæзтай, зæгъгæ, фæндыд Кудзайы афæрсын, фæлæ йæхи фæурæдта. «Кæд дæ ницæмæн хъуыд, уæд æй сыджытæй цæмæннæ байдзаг кодтай?

Ам хæфсытæ æмæ хилджыты бадæн сарæзтай барæй, æви дæ цæмæн хъуыд? Нæ, де 'взаджы бын ма цыдæр кæй ис, уый æнкъарын!» — Кудза Бетъайы уыдæттæй нæ афарста, уæд та йæ сылгоймæгты цур æппæтыл дзурын нæ фæнды, зæгъгæ, æмæ ма æрмæст афтæ бакодта:

— Уæдæ нæ хæст цæмæй райдайæм, Бетъа?

— Цæмæй та цы хоныс? Цæмæй, цæ, уæлæмæ схизынæн амал скæнынæй!

— Куыд?

— Иу лæджы дон фæцæйласта æмæ, донбылгæрæтты йæ цæст куы никæуыл схæцыд, уæд йæ дыуучæ къухы уæлæмæ сдардта, афтæмæй ныхъхъæр кодта, уæ, стыр Хуыцау, ме 'ххуысгæнæг ды фæу, зæгъгæ. Уæд дын æм донбылгæронæй иннæ сиды, дæ къухтæ уæлæмæ ма дар, доны мидæг сæ базмæлын кæн, райдианы уал дæхæдæг сархай æмæ дын уый фæстæ стыр Хуыцау дæр баххуыс кæндзæн, зæгъгæ. Донласт йæ дзыхæй змæст дон рату ласта æмæ йæ зондамонæгмæ хуыфгæ радзырдта: «Æммыст мæ раны ды куы уаис, уæд цы ми кæнис?» Зондамонæг йæ фæдыл донбылгæрæтты уад æмæ йæм бадзырдта: «Дæ раны æз дæуæй раздæр фæдæн æмæ ленк кæнын нæ зыдтон, фæлæ скувыны агъоммæ ме 'рдтæ доны мидæг батылдтон æмæ мын уый фæстæ стыр Хуыцау дæр баххуыс кодта...» Уæлæмæ цы амæлттæй хъуамæ сирвæзæм, уый бæлвырд нæма хатын, фæлæ нæ фезмæлын кæй хъæуы æмæ, ардæм кæуылты æрбырыдыстæм, ууылты фæстæмæ сбырын кæй хъуамæ бафæлварæм, уый гуырысхойаг нæу.

— Бетъа, хуыссæг æмæ дзæбæх фынты фæстæ мæ тых мæхимæ æрыздæхт æмæ дæ цæуылдæриддæр фæнды, ууыл мæ бафтау, фæлæ уал уæдмæ, Сæрæгас Дзандарович æмæ чысыл Батыр кæм сты, уый куы базонин!

— Уыдонæй иу йæ фыртæвдæй фынæй кæны æмæ иннæ та йæ фыртæссæй. Уадз æмæ уал фынæй кæной, цалынмæ сын фадат ис, уалынмæ. Стæй уый фæстæ æркæсдзыстæм сæ дыууæмæ дæр. — Бетъа ма йæ дæлæвзаг цы сусæгдзинад амбæхста, уый уайтагъд фембæрста Кудза æмæ йæ дзырд барæй æндæрырдæм фездæхта:

— Æтт, алæмæты æгъдауæй иу æрттывд куы фæкæнид æмæ мæ цæст иу хатт куы ахæссин нæ хатæны къуымтыл!

— Кæд дæ уый йеддæмæ ницы уромы, уæд дын ацы талынджы цæсты рухсæй æз басгуыхдзынæн, — йæ зæрдæ йын ацарæзта Бетъа.

— Кæд афтæ у, уæд мæ разы нæ фæлæудзæн Хъарсы фидар дæр! — куыддæр Кудза йæ ныхас конд фæцис, афтæ алæмæт æцæгдзинад фестад. Ныккæнды тæккæ астæу зынгхосы хætæл, сыф-сыфгæнгæ, спæртт ласта, йæ арты бургомау æвзаг, гæлæбуйау, стыбар-тыбур кодта æмæ талынг афтæ атæнæг, цыма арв ферттывта æмæ йæ рæхысы тæмæн æгæрон тыгъды судзгæйæ баззад. Рухс æй æвиппайды фæкуырм кодта æмæ йæ цæстытæ æрæхгæдта, фæлæ куы ракаст, уæд арты æндзыг æвзаджы фале, аргъуаны къулыл фрескæйау, ауыдта Мадæйы æрхæндæг цæсгом.

— О, ныхыдзуар фæхæссай, мæ дзæбæх чызг, кæд дæм ацы бахъуаджы сахаты нæ удты хос зынгхос кæцæй февзæрд! — Бетъа æхцон сулæфыд æмæ рухс ахуыссыны тасæй Кудзайыл ахæцыд, афтæмæй бацыд, цы чысыл æмбæрзæны фæлгæты æрбырыдысты, уый бынмæ.

— Æмæ загъта Хуыцау: уадз æмæ уа рухс. Æмæ ныррухс и. — Мадæ кæцæйдæр парафины бургомау цырагъ, æхсаргардау, фæцъортт ласта æмæ йын йе 'ндахы æнæсхъауд кæроныл зынгхосы арт сдардта.

— Афтæ зар, гъе, мæ дзæбæх чызг! Кæннод æрдæбон ахæм æлхыскъ ныхас скодтай, цыма нын ацы сырх хъаймæт нæ хæдзар йæ быны кæй анорста, уый Кишойы фырт æмæ йæ шофыры аххос у! — Бетъа Мадæйы къухы парафин цырагъ судзгæ куы ауыдта, уæд æй цæхгæр афарста: — Уæддæр дæм кæцæй февзæрд нæ удты хос зынгхос?

— Фæдис куы ныхъхъæр кодтай, уæд таройыл мæ тæккæ цæсты раз æвæрд фесты æмæ сæ рассывтон. Зæгъын, уæд та цы нæ вæййы!

— Стыр Хуыцау дæ саразæд! Нæ удты уаргъ уал нын дæ цырагъы рухсæй фæрог кодтай! Маладец, мæ хъæбул, дæ хъуыды кусы!

— Иугæндзон нын рухсмæ бадыны фадат нæй, Гакка, фæлæ развæлгъау æрбæрæг кæныны амал цæмæн ис, уымæ сæрмагондæй æркæсæм æмæ, гæнæн уæвгæйæ, талынджы сархайæм! — бардзырды хуызы тызмæггомау загъта Мадæ.

— О-о-о, уый мын капитан куы дæ, капитан, мæ дзæбæх чызг æмæ дæ куынæ зыдтон! Ахæм хъæбæр бардзырд рауагътай, æмæ та, чи зоны, чысыл фæстæдæр расидай, иугæр ацы æнæ рухсыцъыртт бæлæгъы капитан æз дæн, уæд мын мæ дзырд чи нæ сæххæст кæна, уый хъызт денджызы уылæнтæм рæцугъдзынæ,

зæгъгæ, — цыма сыл зæй нæ рацыд æмæ сæ табæты хуызæн бетонкъул ныккæнды мидæг йæ быны нæ фæкодта, уыйау хъазгæйæ бафиппайдта Бетъа æмæ хъæдын асины бинаг къæпхæныл слæууыд, афтæмæй æнгом æхгæд æмбæрзæнмæ скæстытæ кодта.

— Фидар æгъдау æппæты тынгдæр хъæуы зын уавæрты! — хъæбæрæй загъта Мадæ.

Цалынмæ Бетъа ныккæнды æмбæрзæнмæ кæстытæ кодта, уалынмæ Кудза къуымтыл йæ цæст ахаста æмæ рацагуырдта архайæн гарз. «Оптимизм æмæ хъазын хорз сты, фæлæ айдагъ къухæй хъоргъы къултæ ничи сæтты. Сархайыны агъоммæ уал хъуамæ ссарæм, нæ къухмæ цы сисæм, уый!» — скарста та йæхинымæры лæппу. Мадæ йæ цырагъыл уæлдæр схæцыд æмæ йын йе 'ндзыг арт æввахсдæр бахаста хæрзæнгом æхгæд æмбæрзæнмæ.

Уæлæмæ схизæн хъæдын асины цур зæххыл тыгъд сау нымæты уæлæ дæргъæй хуыссыд Сæрæгас. Кудза йын йæ уæззау улæфтмæ куы байхъуыста, уæд базыдта, Цымытийы райкомы фыццаг секретарæн ныртæккæ фыртæвдæй йæ буар цæхæртæ кæй калдта æмæ нырма абæстаг кæй нæ уыд, уый. Сæрæгасы комкоммæ къуымы, йæ фынæй сабийы йæ хъæбысы скодта, афтæмæй мадæл уæрццау нынныгъуылд Рохсанæ. Уый фалейæ къулы цыппæрдигъон фæлгæты мидæг арф бахауд, йæ даргъ æвдузæнтæ кæмæн нызгæ сты æмæ рагæй чи нал байгом и, ахæм дуар. Рагон хæдзæрттæн-иу арæзтой ахæм хуымæтæджы дуæрттæ. Сæ саразынæн стыр дæсныйад нæ хъуыд. Æфсæйнаджы даргъ æвдузæнтæн ричъитæ сараз, развæлгъау сæ фæхуынчъытæ кæн æмæ сыл бахой фæрæтæй амад бæзджын фæйнæджытæ! Дуарæй суанг ныккæнды галиу къуымы онг къул бацахстой зæронд æрхуы æгтæ, хъæдын тæбæгъты цъæлтæ, йæ тæккæ æмбисыл фаст стыр арынг, сæ тæлытæ кæмæн феуæгъд сты, ахæм донхæссæнтæ æмæ авджы афтид банкæтæ кæуыл срæдзæгъд, ахæм тæрхæджытæ. Тæрхæджыты фале цары тæккæ бын, саугуырм цæстау, сау-сауидæй зындис мæнг бынат. Кудза йæ куы ауыдта, уæд базыдта, уый уæлдæфдзон хуынкъ кæй уыд, фæлæ йыл æддейæ мит кæй æрбакалд æмæ йæ кæй сæхгæдта. «Раст мын сныв кодта Бетъа йæ ныккæнды равæрд! Уæлдæфдзон æй куынæ сног кæна, уæд иу-дыууæ сахаты фæстæ ам туаггуыр нал аззайдзæн, æмæ ацы ныккæнды фæхуыдыг

уыдзыстæм! Лæг уæлдæфдзон хуынкъæй æддæмæ куы абыра æмæ ардыгæй куы аирвæза, уæддæр афтид къухæй цы сараздзæн?.. Мит цæмæй айгæрдæм, ахæм гарз нæ хъæуы, кæннод бынысæфт фæуыдзыстæм ам. Охх, уæд та чысыл саби куынæ уаид немæ!» — Кудзамæ сæ тæссаг уавæр ныр тынгдæр бахъардта æмæ фынæй сабимæ кæсгæйæ йæ сæрæй йæ къæхты бынмæ ныддыз-дыз кодта. Уæлдæфдзон хуынчъы галиу фарс къулы мидæг сагъд зæгæлыл рагон сæгæйдзаг Сафайы рæхыс ауыгъдæй куы ауыдта, уæд хингондау фæцис. Фыдæлтыккон стыр фарны дзаумамæ афтæ нымдзаст и, цыма йæ уыцы дзаумайы æгъуыстаджы тых фервæзын кодтаид йæ зын уавæрæй. Цæмæн хъæуы Бетъайы ацы табæты хуызæн ныккæнд? Хæдзар куы сарæзта, уæд уый фæстæ цы куыст кодта æмæ йæ сыджытæй цæмæннæ байдзаг кодта? Кæд æй зымæджы бонтæм цæхджын памидортæ, джитритæ æмæ алыхуызон туæгтæ æфснайынæн хъуыд, уæд уæртæ уыцы консервы банкæтæ афтид цæмæн сты? «Цæй, цæмæн æй хъуыд, кæнæ дзы куыд пайда кодта, уый уал фæуадзæм æмæ нæ зæрдыл бадарæм рагон дуар, йæ фæлгæтыл æнгом æвæрд æмбæрзæн æмæ, зæй йæ салд мит кæуыл æрбакалдта, уыцы уæлдæфдзон! Кæнæ сæ иу, кæнæ се 'ннæ, кæнæ та аннæ!»

— Кудза, мæ хур, хъуына къултæ бæрджытæ кæнын уал фæуадз! Æнæ бацамонгæйæ уæддæр се 'ппæт нæ фæфиппайдзынæ æмæ уал дæ дзæбæх цæстытæй мæнæ уыцы æхгæд æмбæрзæнмæ скæс! — загъта Бетъа æмæ Кудза фырдисæй йæ цæстытæ фæирд кодта. Афтæ æнхъæлдта, йæ хъус мæм ничи дары, зæгъгæ, фæлæ Бетъа фæфиппайдта, дурдзавдау кæй лæууыд æмæ цыдæр кæй агуырдта, уый.

— Нæ капитаны бардзырд æххæст кæнын, Бетъа! Иугæр загъта, рухс уын иугæндзон нæ уыдзæн, зæгъгæ, уæд нæ хатæны мидрававæрд мæ хъуыдыйы мидæг смыхуыр кодтон, цæмæй куырмæджы архайынæн истытæ кодтаин, уый тыххæй.

— Æмбарын дæ, мæ хур! Уæдæйнырмæ æз дæр мæ хъуыдыйы демæ ракæс-бакæс кодтон æмæ мæ зæрдæмæ фæцыд дæ архайд, фæлæ уал мæнæ уыцы бæдæйнаджы люкыл куы ацархаиккам! Æгæр нынгом æмæ йыл уæлейæ цы æруæз кодта, уый куы базониккам, уæд нæ дæлимонтæй иу фæхæсгарддзæф кæниккам, — Бетъа йæ аразгæ хъазæн ныхас уæддæр нæ уагъта.

— Иугæр дзы уæлдæф нал кæлы, уæд зын бамбарæн нæу, уæлейæ йыл цы æруæз кодта, уый. — Мадæйæн йæхи дæр нæ

фæндыд, афтæмæй йæ дзырд ардуанау суад, чи йæм хъуыста, уыдон зæрдæтыл.

— Бетъа, фарн дæм бадзурæд, фæлæ ма дæлæмæ æрхиз, мæнæ уым слæуу æмæ дæ бынатмæ мæн суадз! — цæхгæр загъта Кудза, цæмæй Мадæйы дзырды мидис ноджы ма фæкарздæр уыдаид, уый тыххæй.

— Табуафси, мæ хур, табуафси! — Бетъа хъæдын асины къæпхæнæй дæлæмæ æргæпп кодта æмæ йæ бынатмæ схызт Кудза. Танчы люкау æнгом æмбæрзæны зыхъхъыртыл йæ цæст куынæ схæцыд, уæд Мадæмæ фездæхт:

— Капитан, дæ цырагъ ма æввахсдæр рахæсс æмæ йæм дзæбæх æркæсон. Зыхъхъыры цы стъыссæм æмæ йын йæ къæпсыртæ цæмæй феуæгъд кæнæм, ахæмтæй нæм нырма ницы ис, фæлæ хахх кæуылты цæуы, уый базонын нæ хъæуы уæддæр.

Æмбæрзæн уæлейæ цы æрæлхъывта, уый аивтæй загъта Мадæ æмæ йыл Кудза гуырысхо нæ кæны. Мит ыл куынæ æркалдаид æмæ йæ æмырæхгæд уый куынæ ныккодтаид, уæд уæлейæ уæлдæф кæлид æмæ ныккæнд афтæ тынг нæ сæнуд уыдаид. Бæлвырд у, комкоммæ йыл кæй уæз кæны, уый. Астæуæй йæ, къæлæтау, цы æртасын кодта, уымæн базонæн уыд æмбæрзæны фæйнæджыты бæзнмæ гæсгæ.

— Бетъа, ацы цыппæрдигъон æмбæрзæнæн йæ фæйнæджытæ цæй бæзнæн сты?

— Æртæ сантиметры бæзнæн.

Кудзайæн йæ зæрдæ асыгъд. Уый бæзнæн фæйнæджы цы уæз æртасын кодта, ууыл уæлæмæ схæцын æнцон хъуыддаг нæ уыд, фæлæ уæддæр рæдауæй загъта:

— Æгайтма уымæй бæзджындæр не сты! — асинтыл уæлдæр схызт, йæ къæпхæны кæрætты æрсагъта æмæ гуыбырæй слæууыд, афтæмæй йæ сæвджын фæсонтæ царыл сныхæста. — Ныр ма мæ къæхты бын асины къæпхæн куынæ ныссæттид æмæ мæ рагъы стæг куы сраст кæнин, уæд нæ хъул сах абадид.

— Раттут мын мæцъис æмæ уын æз зæххы къори сфæлдахдзынæн! — фелхыскъ æй кодта Мадæ.

— Уыцы хин бердзенаг хорз зыдта, ахæм мæцъис ын азæххы цъарыл кæй не ссардтаиккой, уый! — Кудза йæ уæрджытæм йæ къухтæ фæбыцæу кодта, гæзæмæ базмæлыд, цыма къамбецау йæхи ныхта, уыйау æмæ, арф сулæфгæйæ, йæ тых-йæ бонæй ныккæнды æмбæрзæныл уæлæмæ схæцыд. Æмбæрзæн бахъыс-хъыс кодта,

асины къæпхæны цъæхснаг къæс-къæс ссыд æмæ уæлейæ уазал сæх-сæх æрыхъуыст, фæлæ цыппæрдигъон æмбæрзæн йæ фæлгæтæй нæ фæхицæн и.

— Демиург, асины къæпхæн æрсæтдзæн, дæ астæуы стæг æркъæдз кæн! — фæхъæр кодта Мадæ æмæ, фыртæссæй йæ къухтæ уæлæмæ куы фæдардта, уæд цырагъ ахуыссыд. — Дундунейæн йæ боныхъæд нæ бакаст дæ коммæ æмæ йын ныр, атлантау, йæхи сисынмæ хъавыс?

— Атланты дæр, æвæдза, мæ мады хуызæн сылгоймаг ныййардта!

— Уый дæр мах хуызæн лæппу уыд æмæ махау уынгты цъыфтæ надта. Йæ къæхты скъуыдтæй хæфсытæ куы суасыдысты, уæд зæххы къорийы йæ æрвдымбылимæ йе 'ккой скодта, фæлæ дун-дуне уæлæмæ куы систа, уый фæстæ ма æнцой цæуыл кодта, æнцой? — йæ дзырд æм баппæрста Бетъа дæр.

— Сымах хуызæн лæппу бæргæ уыд, фæлæ уый сымахау талынг ныккæнды нæ бадтис. Стæй уый йæ уаргъ уæлæмæ нæ иста, æрмæст æй уромгæ кодта, — бафиппайдта Мадæ.

— Мадæ, кæд ма нæм рухсмæ кæсын æмбæлы, уæд ма дæ парафины цырагъ ссудз æмæ ма зæххы къорийыл иу хатт схæцон æндæрхуызон гуыры æвæрдæй. Мадæ зынгхос ацагъта, æмæ та цырагъы бургомау рухсы фалейæ йæ рæсугъд цæсгом разынд фрескæйау.

— Мæ къухы нырма æппындæр ницы бафтыд, фæлæ ахæм уавæрты æнцойгæнæны фарстæн ис стыр нысаниуæг. — Кудза йæ дзабыртæ раласта æмæ йæ бæгъæмвад къæхтæ фæбыцæу кодта асинæн йæ къæпхæнмæ нæ, фæлæ йæ къæпхæны фæйнæг æмæ йæ гæзæнхъæды æлхынцъытæм.

— Мæ къухы нырма ницы бафтыд, зæгъгæ, куы дзурыс, уæд уæлейæ уазал сæх-сæх кæй æрыхъуыст, уый ницы у? Æви уыцы уынæрæн ницы нысан ис æмæ йæ дæ хъуыдыйы нæ бафидар кодтай? — афарста йæ фырты Саудар.

— Маладец мын дæ, нана, маладец! Уынæрмæ гæсгæ хатдзæджытæ кæнын æмæ афтæ лыстæджытæ луарын хъазыны хъуыддаг нæу! Уыцы уазал сæх-сæх мæнæн дæр мæ зæрдæйыл æхцонæй аныдзæвд, уымæн æмæ мæ бауырныдта, уæлейæ æппæт цъенгæсалд кæй нæ ныццис, мæнг бынæттæ ма дзы кæй аззад æмæ ма дзы цæмæндæрты азмæлæн кæй ис. — Кудзайæн йæ цæсгом, цæхæрайау, ныссырх. Йæ хъуыры дадзинтæ ныггæркъа сты æмæ

йæ цæстыты гагуытæ ралиуырыныввонг систы, фæлæ йæ архайдæй ацы хатт дæр ницы рауад, уæлейæ та уазал сæр-сæр цы æрыхъуыст, æндæр.

Кудзайæн иунæгæй куы ницы бантыст, уæд ыл Бетъа асины фаллаг хъæдырдæм ахæцыд, йæхæдæг та ардыккагыл слæууыд æмæ æмбæрзæныл дыууæйæ схæцыдысты. Мадæ йæ цырагъ Саудары къухы фæсагъта, асины къæпхæнмæ сгæпп ласта æмæ сын уый дæр феххуыс кодта, фæлæ фæйнæджытæ уымæл хъыррыст цы ныккодтой, уыййеддæмæ фæлгæтæй нæ фæхицæн сты. Асиныл æртæйæ куы слæууыдысты æмæ йæ мæллæг къæс-къæс куы ссыдис, уæд Бетъа фæхъæр кодта, не 'нцойгæнæн сæтты, бынысæфт кæнæм, зæгъгæ æмæ сегас дæр дæлæмæ æргæппытæ кодтой.

Мадæ Саудары къухæй цырагъ райста, бафу йыл кодта æмæ талынджы йæхи æруагъта, кæм лæууыд, уым.

— Ацы мадзал уал нын ницы рауад æмæ нæ хъæуы ног мадзал бацагурын. Тæппудтæ не стæм æмæ нæ уæззау уавæрыл æрдзурæм æргом! — цæхгæр загъта Мадæ, ныккæнд мæрдон æмыр куы ацис, æмæ чысыл Батыры хыр-хыримæ Сæрæгасы уæззау улæфт куы сæхъуыст, уæд.

— Раст зæгъыс, нæ цытджын капитан. Нæ уавæрыл æз мæхирдыгонау ахъуыды кодтон æмæ мæхинымæры цыдæртæ анымадтон, — æцæг сенаторы хъæлæсы уагæй загъта Кудза.

— Мæнæн, æвæццæгæн, мæ хъуыды цъенгæсалд ныццис æмæ нымайын мæ бон нал у. Кудза, дæхинымæры цы анымадтай, уый ма мын зæгъ æмæ, кæд хæцыны аккаг уыдзæн, уæд ыл хæцон. — Бетъа лæппумæ бæстон æрыхъуыста æмæ йын йæ хъæлæсыуаг хæрзырдæм амонæг кæй нæ фæцис, уый тыххæй йæ тызмæггомау афарста.

— Фыццаджы райдианы анымадтон, нæ архайд алы ран дæр рационалон кæй хъуамæ уа, уый.

— Мæ лæппу, ахæм ныхас кæныс, цыма ацы ныккæнды æнæхъæн къуыри цæрдзыстæм æмæ нæ фæцауæрдын хъæуы нæ тыхыл! — уазалгомау загъта Саудар.

— Ам цас фæцæрдзыстæм, уый нырма нæ зонæм, нана! Базондзыстæм æй, уæлæмæ куы схизæм æмæ боныхъæдмæ куы æркæсæм, уæд. Сырх хъаймæт дунейæн цы зиантæ ракодта, уыдоныл хъуыды кæнынмæ нæ нырма не 'вдæлы, нана.

— Кудза, цымæ уæ дыууæ Мадæ уæ фæдисы дзæнгæрджытæ

ӕгӕр тыхджын не ’рцагътат? — уавӕрты дагъытъайлаг мидис рогдӕр хуызы равдисыны сӕраппонд Бетъа йӕ ныхас лӕгъзгомау ауагъта, ома, цӕуыл ӕрдиаг кӕнут, нырма ӕцӕг фӕдис не ’рцыд. Фӕлӕ Кудза ныккӕнды ӕмбӕрзӕн куынӕ сфӕрӕзта, уӕд ын йӕхи зӕрдӕ дӕр кӕрчытӕ хӕрын райдыдтой.

— Нӕ, Гакка, ӕгӕр сӕ не ’рцагътам ӕмӕ нын ды нӕ дӕрзӕг уавӕр дӕ фӕлмӕн ныхасӕй ма дау!

— Уӕй, цӕй дӕрзӕг уавӕр дзы ис нырма?..

— Цӕй дӕрзӕг уавӕр дзы ис, уый нын дзуры, Батыр фынӕйӕ хуыфын кӕй райдыдта ӕмӕ уӕртӕ рынчын сулӕфын кӕй нал фӕразы, уый. Ам цас стӕм, уый бӕлвырд нӕ зонын, фӕлӕ дзы сулӕфӕнтӕ нал ис, — йӕ хъуыды ӕгъатырӕй фергом кодта Мадӕ.

— Гъей, уый дын нӕ уавӕрты мидис дӕр ӕмӕ зӕйы фыдбылызты ас дӕр! — кӕуынхъӕлӕсӕй загъта Рохсанӕ.

Цыма ӕрвдзӕф фесты, уыйау ныхъхъус сты ӕмӕ сӕ зӕрдӕтӕм хъусгӕйӕ иу дзӕвгар рӕстӕджы дӕргъы хъыпп-сыпп нал скодтой. Стӕй Кудза афтӕ райдыдта дзурын, цыма йӕ къухы гӕххӕтт уыд ӕмӕ тӕрхоны хаст уынаффӕ кастис:

— Ӕнӕхӕдзар, ӕнӕарт, ӕнӕдарӕс, ӕнӕхур, ӕнӕ цӕсты рухс, ӕнӕхъус ӕмӕ ӕнӕ ’нкъарӕнӕй адӕймаг, чи зоны, фосы уагӕй фӕцӕра бирӕ, фӕлӕ йын уӕлдӕф, дон ӕмӕ дзул куынӕ уа, уӕд амӕлдзӕн тагъд.

— Ӕнӕуӕлдӕфӕй адӕймаг мӕлы ӕхсӕз минутмӕ, ӕнӕдонӕй — ӕртӕ-цыппар бонмӕ, ӕнӕдзулӕй та — авд ӕмӕ дыууиссӕдз бонмӕ, — цыма развӕлгъау дзырд бакодтой, уыйау Кудзайы ныхасмӕ бафтыдта Мадӕ.

— Цымӕ хъуыддаг ӕгӕр не сцӕхджын кодтат, капитантӕ? — мӕстыйӕ афарста Бетъа.

— Бацагурын нӕ хъӕуы ног амал! — Бетъа цырагъ ссудзынмӕ дӕр нал банхъӕлмӕ каст, афтӕмӕй къулгӕрӕтты куырмӕджы ацыд рагон дзауматӕй дзаг тӕрхӕджытырдӕм.

Рухс куы ссыгъд, уӕд ныккӕнды цӕрджытӕ Бетъайы ауыдтой къулыл ауыгъд фыдӕлтыккон Сафайы рӕхыс ӕмӕ уӕлдӕфдзон хуынкъмӕ ӕдзынӕг кӕсгӕ. Уӕллаг тӕрхӕджы уӕлӕ ӕвӕрд фаст арынгӕн йӕ хуылфӕй куыддӕр афтид банкӕтӕ систа ӕмӕ сӕ зӕххыл авӕрдта, афтӕ йын Кудза йӕ хъуыды фембӕрста ӕмӕ йын загъта:

— Бетъа, ӕрдӕбон сӕнтдзӕфау куы ракӕс-бакӕс кодтон,

уæд мæнмæ дæр æрцыд ахæм хъуыды, фæлæ мæм иннæрдыгæй та февзæрд цæхгæр фарст.

— Цахæм цæхгæр фарст у? — гуырысхойæ афарста Мадæ.

— Зæронд арынджы схъистæ кæныныл цæмæн хъуамæ фесафæм рæстæг, нæ къухы хуыздæр амал куы ис, уæд?

— Кудза, дæ рынтæ ахæрон, уыцы хуыздæр амалæн уал йæ кой ма скæн æмæ мын мæ риссагыл дæ цырыхъхъы зæвæтæй ма ныллæуу! — кæй зæгъын æй хъæуы, Бетъа фембæрста, Кудза хуыздæр фадат цы хуыдта, уый æмæ йæ хъуыры уымæн фæбадт.

Стæй уыцы ныхæстæ загъта карзæй, æндыгъдæй, цыдæр сусæг агъуды мидæг æвæрдæй, æмæ Кудзайæн йæ зæрдæ акъахта иу хъуыды: «Мæнæ ныридæгæн йæ зонд фæцыд ацы хорз лæгæн! Æз æй куыд бамбæрстон æнæ зæгъгæйæ, йæхæдæг дæр мæ афтæ фембæрста. Тынг хорз зоны, хуыздæр амал æз тæрхæджы хъилтæ кæй хонын, уый, фæлæ мын сæ кой скæныны бар дæр нæ ратта... Кæрæдзийыл сæ баныхæстаиккам æмæ сæ уæлдæфдзоны мидæг уæлæмæ тæссармæ суагътаиккам... Дзырд цæуы авд адæймаджы цæрæнбонтыл æмæ уый та йæ тæрхæджыты кой кæнын нæ уадзы. Йæ хæдзар ын æгасæй зæй куы ныххафта, афтæмæй нæ ам йæ хъазæн ныхæстæй ирхæфсынмæ куы хъавы, уæд тæрхæджыты хъилтæ Лувры экспонаттæ сты?»

— Фадгæ та йæ цæмæй кæндзыстæм? — фæдыгъуырццæг и Кудза.

— Ды мын уæлæ Сафайы рæхыс къулæй райс æмæ дын æз равдисдзынæн, хуыскъ арынг схъисгай фадын куыд хъæуы, уый! — Бетъа фаст арынджы бын тымбыл къухæй ныццавта æмæ йæ фæдыуæ кодта.

— Бахатыр мын кæн, Бетъа, фæлæ Сафайы йæ бирæ лæггæдты фæстæ йæ кады бынаты æз не 'рцауыгътон æмæ мын йæ райсыны бар нæй! — цæхгæр загъта Кудза. Ахæм тæссаг уавæры йæм дисау фæкаст Бетъайы хивæнд ми. Иннæрдыгæй та гуырысхо кодта, зæронд арынг синагау æмраст кæй афастаид æмæ йе схъистæ æмхасæнтæ кæнын кæй бакуыимдтаиккой, ууыл.

Бетъа йæхæдæг æриста къулæй Сафайы рæхыс. Йæ къух ыл фæлмæн æруагъта, куырд куынцгомы бавæринаг æфсæйнаджы лыггагыл куыд æруадзы, афтæ æмæ йын йæ аг ауындзæн къæпсыры гуымыдза тигъæй зæронд арынджы ныхтæ æрсаста. Ацы рагон мигæнæнæй фæцархайдтой йæ фыдымад, йæ мад

æмæ йæ бинойнаг. Ныр базæронд, афардæг æмæ йемæ ахаста Сауиты мыггаджы цæрæнбонтæй иу стыр хай. Йæ къухы æрмæст йæ бын куы аззад, уæд ын йæ ныхыл, кæронæй къæпсыры тигъ авæрдта æмæ йæ афтæмæй къулыл бацавта. Арынджы бынæй лыстæг схъис рахауд, фæлæ суанг кæронмæ нæ афаст æмæ йæ къухы аззад цыбыр лыггаг. Бетъа æвæццæгæн йæ хæдзары сæфтыл дæр нæ батыхст афтæ тынг, фæлæ йын æндæр гæнæн куынæуал уыд, уæд зæронд арынджы цъæл къуыммæ баппæрста.

— Гакка, Демиург дын раст загъта! Зæронд арынджы схъистæй мах зæйы ныхмæ тохгæнæн хотых нæ сараздзыстæм!

— Капитан, дæ дзырд фæуæд æмæ камандæ кæн уæдæ! — Бетъа Сафайы рæхыс йæ бынаты бацауыгъта æмæ тæрхæджы уæлхъус слæууыд.

— Гакка, дис дыл кæнын, дис! Ам дын ахæм бункер кæй уыд, уый нæ зыдтон. Стæй йын йе ’мбыд тæрхæджы хъилтæ Лувры колоннадæйы цæджындзтау кæй хъахъхъæдтай, уый дæр нæ зыдтон.

— Ды бирæ цыдæртæ нæ зоныс, мæ чызг, фæлæ уал ныр уыцы юмор иуварс фæуадзæм æмæ нæ уавæрмæ æркæсæм.

Кудза уайтагъд фæхатыд, йæ рад кæй æрлæууыд, уый æмæ уæзбынæй загъта:

— Нæ къухы æдæппæтæй ис æртæ цыбыр хъилы, кæрæдзимæ сæ куы бамхасæн кæнæм, уæд иумæйагæй рауайдзысты цыппар метр æмæ æрдæгæй чысыл фылдæр. Фæйнæджытæ æгæр фæтæн сты æмæ хуынчъы мидæг нæ бацæудзысты, фæлæ сæ æндæр ран спайда кæндзыстæм. Табу Хуыцауæн, хъилтæн сæ бинаг кæрæттæ цыргъ сты æмæ сæ сæфтаугæйæ куынæ кæнæм, уæд сæ амайын нал бахъæудзæн. Æрмæст ам цас фестæм, кæнæ уæлейæ мит куы фæуарыд, уый нæ зонæм æмæ сфаг уыдзысты æви нæ, уый нæ зонæм. Чи зоны, зæй къулрæбынтæй мит рахафта æмæ йæ стæнæг кодта... Чи зоны, уæлейæ йыл ноджы хъæпæнтæ сæвæрдта æмæ цы уыд, уымæй дыууæ ахæмы фестад!.. Фæсномыг ныхас ницы пайда у! Хъуамæ архайæм куырмæджы!..

— Фондз метры дæргъæн хъилы бырынкъ митæй уæлæмæ куынæ сзына, уæд та нын цы кæнгæ уыдзæн? — Мадæйæн йæ цырагъ йæ къухæй æрцæйхауд.

— Рагацау фæдис кæнын нæ хъæуы, Мадæ! Хъилæн комкоммæ уæлæмæ суадзæн куы уаид, фæлæ нын ахæм фадат уæлдæфдзон

хуынчъы уæрх нæ ратдзæн æмæ йæ миты мидæг хъуамæ суадзæм тæссармæ. Афтæмæй та нæ бахъæудзæн даргъдæр хъил, Пифагоры теоремæ дæ ферох и? Нæ хъил гипотенуза уыдзæн, катет нæ уыдзæн!..

— Кудза, нæ амæлттæ нын дæхинымæры хорз фæнымадтай. Ныр уал мæнæ уыцы тæрхæгыл цы хара-хура ис, уый дæлæмæ æрисæм, фæйнæджытæ ракалæм, хъилтæ зæххæй сæфтауæм æмæ цæстæй фенæм, уæдæйнырмæ дæхинымæры сæ дæргъ кæмæн фæнымадтай, уыдонæн, — загъта Бетъа.

— Рухсыл фæцауæрдын кæй хъæуы, уый иу минут дæр ма ферох кæнут! — бафæдзæхста сæ Мадæ.

Рыг æмæ хæлуарæджы тынæй æмыхгæд зæронд æрхуы æгтæ, тæбынгтæ, къæлæттæ, хуыскъ донхæссæнтæ, консервы афтид банкæтæ, чъирихæссæн ихсыд тæбæгътæ æмæ алыхуызон лыстæг дзауматæ зæхмæ æристой. Уромæн къæбæлтыл уæгъдæй æвæрд фæйнæджытæ ныхырдæм рабырын кодтой, фæлæ замана уыд хус зæххæй хъилтæ сæфтауын. Кæдæй нырмæ сты зæххы мидæг сагъд? Сæ бырынчъытæ нæ бамбыдысты? Над миты мидæг баныхсдзысты, гарачъийы фæлмæн къæртты мидæг цыргъ кард куыд баныхсы, афтæ? «Ацы фæйнæджытæ къулты æхсæн куы сарæхсиккой, уæд ныккæнды æмбæрзæн нысæттынæн дзæккоры бæсты басгуыхиккой! Иугæр уæлæмæ исын нæ бакуымдта, уæд æй хъæуы цъæл кæнын!» — анымадта та йæхинымæры Кудза. Астæуккаг фæлтæры фæйнæджыты сисыны рад куы ралæууыд, уæд Бетъа Кудзайыл иуварс ахæцыд æмæ йæхæдæг бавнæлдта тæрхæгмæ. Цыма сын асæттынæй тарст, уыйау архайдта хъавгæ, фæлæ рæбинаг фæйнæгыл куыддæр уæлæмæ схæцыд, афтæ къулсæрст лыгæй аззад æмæ къулы сау скъуыд афтæ разынд, цыма йæ исчи сартæй ныуувгард кодта. Кудза йæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ ныссæххæтт ласта: «Нæ, ацы ныккæнд æрмæст рагон дзауматæ æфснайæн хатæн нæу!» — уыгардыл йæ амонæн æнгуылдз уæрхырдæм ауагъта, йæ къулсæрсты згъæлæнтæ йын æддæмæ ракалдта æмæ йæ ноджы тынгдæр ныггом кодта. Цæхгæрмæ уыгарды кæрон йе 'нгуылдз фæбыцæу гуымыдза тигъмæ æмæ йæ уырдыгмæ, къулсæрсты згъæлæнтæ калгæ, куы æруагъта, уæд та уым дæр разынд носы хуызæн уыгард. Лæппу уайтагъд фæхатыд, ам цыппаркъуымон къусчы дзыхыл æфсæйнаг æмбæрзæн æнгом æвæрд кæй уыд æмæ йæ бааууон кæныны сæраппонд чидæр æддейæ чъырамæстæй

кæй байсæрста, афтæмæй йын йæ уæлæ уæрхырдæм тæрхæджы рæбинаг фæйнæджы тигъ кæй бавæрдта. Ныр базыдта, Бетъа зæронд арынджы афадыныл цæмæн архайдта, кæнæ тæрхæгмæ февналын цæмæннæ уагъта, уый æмæ йæхи нал баурæдта:

— Бетъа, ам мæнæ!..

— Кудза, деддæ уал фыццаг къул банкъус æмæ йæ арæхстгай сæфтау, йæ бырынкъ куыннæ фæгуымыдза уа, афтæ! — Бетъа Кудзайæн йæ къухыл дæлæмæ æрхæцыд, иуварс ын æй акъуырдта æмæ йын йæ зæгъинаг йæ хъуыры фæбадын кодта. — Уæрмытæ сын не скъахтон. Æфсæндзæккорæй сæ æрхостон комкоммæ æмæ сæ сæфтауын фæзын уыдзæн, фæлæ нын хуыздæр амал нæй. Зæгæлтæ хъахъхъæнут уæ цæсты гагуытау!

— Исчердæмыты архайдзыстæм æмæ зæгæлтæ дæр нæ цæсты гагуыйау хъахъхъæндзыстæм, Бетъа! — къулы сау уыгардæй йæ цæсты зул нæ райста, афтæмæй хъилы уæлæ хост хъæл фæрсырдæм фездæхта æмæ йæ тыхамæлттæй фæхицæн кодта.

Бетъа йæхæдæг та дыккаг хъилыл ныззезелæг ис. Хатт-иу Кудзамæ аивæй бакаст, ома, цы федтай, уый дæ зæрдæйы æмбæхстæй дар æмæ йæ сылгоймæгтæн ма равдис. «Æз бæргæ сæвæрдзынæн мæ дзыхыл гуыдыр, фæлæ Мадæйæ цыма ницы басусæг и æмæ йæхи барæй ницыфенæг скодта, афтæ мæм кæсы», — хъуыды кодта Кудза. Мадæ йæ цырагъ Саудармæ авæрдта, уæлдæфдзон хуынчъы тæккæ бын цы хъил уыд, ууыл фæхæцыд, фæйнæрдæм ыл арахæц-бахæц кодта æмæ Рохсанæмæ фæкаст:

— Чындз, Батыр афтæ бирæ кæй фынæй кæны, уый мæм куыддæр хорз нæ кæсы æмæ йæ куы райхъал кæнис!..

— Куы кæуа, уымæй тæрсын! — базыр-зыр кодта Рохсанæ.

— Ныууадзут лæппуйы, æвæццæгæн йе ’хсæвы фынæйы хай кæны! — загъта Бетъа, йæ ми нæ фæуагъта, афтæмæй.

— Цафон æхсæвы фынæй у? — ныддис кодта Мадæ.

— Цæуыл дис кæныс, Мадæ? Ома, нæма æрыхсæв уыдаид уæлæуыл? — афарста йæ Кудза.

— Æхсæвы æрцыд саби фыццаджы райдианы фенкъары йæ буары скондæй. Кæй æрæхсæв ис, уымæн фынæй кæны Батыр, — загъта Саудар.

— Уадз æмæ фынæй кæнæд, фæлæ йæ хуыфæг та?.. Æви афтæ æнхъæлут, æмæ адæймаджы сусты фынæйæ къаддæр туаггуыр хъæуы?

— Мадæ, дæ цæхгæр рæстдзинад хорз у, хатыр кæй нæ зоны, уымæй! — йæ хъæлæс ризгæйæ загъта Саудар.

— Рæстдзинад хатыр куы зонид, уæд ромаг æфсæддонтæ Есо Чырыстиимæ дзуарыл зæгæлтæй цы дыууæ къæрныхы бахостой, уыдонæн сæ дзуарон хъизæмæртты хыгъд сæ фыдмитæ барст æрцыдаиккой æмæ уæлæрвтæм стыр Хуыцауы хæтæнтæм стахтаиккой.

— Капитан, дæ дзуары рæстдзинады нымадæй нын ам æппæты фыццаг Кишойы фырт бæргæ у æркæсинаг, фæлæ уал нын ныббарæд æмæ уал исчердымæты бафæразæд! — Бетъа тæрхæджыты хъил зæххæй сæфтыдта, йæ зæгæлтæ йын тыхамæлттæй сласта æмæ сæ, сызгъæрины къæрттытау, йæ дзыппы бафснайдта.

— Гакка, мæ дзуары рæстдзинады нымадæй ацы æнуд ныккæнды негас дæр стæм æмхуызон уавæры, ис нын æмхуызон нæмттæ, не 'хсæн уæлбикъонтæ нæй æмæ нæ ам уæддæр ныууадз дæ дæлдæр-уæлдæрты титултæй! — Мадæ æвиппайды рамæсты ис æмæ йæ скæуынмæ бирæ нал бахъуыд.

— Капитан, æз кады нæмтты раз мæ зонгуытыл лæууынæй мæ хæлафы уæрджытæ куы никуы лæзæрын кодтон, уæд мын цæмæн дзурыс ахæм ныхæстæ? — Бетъайæн йæ хъæлæс чысыл фæдæрзæг ис.

— Æмæ нын, уæдæ, цæмæ гæсгæ у Кишойы фырт фыццаджы райдианы æркæсинаг? Уæлбикъон кæй у, уымæ гæсгæ?

— Нæ, йæ тыхст уавæрмæ гæсгæ! — Бетъа хъæр нæ ныккодта, фæлæ йæ цæсгомыл фæзынд, йæ маст тыххæй кæй баурæдта, уый.

— Мадæ, цыфæнды уавæры дæр рынчынæн æхсæнады схицæн кæнынц сæрмагонд бынат æмæ йæм уырдæм нæ балæгæрды æгæрыстæмæй удмар дæр! — йе 'хсæны лæджы хъæлæсы уагæй æппæт йæ раны авæрдта Саудар, фæлæ Кудза уæддæр нæ бамбæрста цыдæртæ æмæ йæхимидæг дис кодта: «Сæрæгасы кой кæнгæйæ Мадæ афтæ смæсты вæййы, цыма зæй æцæг дæр Цымытийы райкомы бюройы уынаффæмæ гæсгæ рацыд. Стæй... нана зоны, æз кæй нæ зонын, ахæм цыдæр æмæ Мадæимæ кæрæдзи уайтагъд бамбæрстой!»

Уалынмæ ныккæнды ноджы тынгдæр æрæнтæф, туаггуыр дзы нал аззад æмæ цырагъы рухс басырх æмæ æрмынæг. Батыр куы райхъал æмæ куы скуыдта, уæд сегас дæр андзыг сты. Кудза сæрмагондæй бауад æмæ Сæрæгасмæ æдзынæг ныккаст,

фæлæ йын ницы рахатыд, йе сулæфæнтæ йын йæ тæвд æрбауынгæг кодта, æви æнæ уæлдæф ныккæнд. Мадæ йæм рухс æрдардта, æмæ уыцы минуты чызджы цæсгоммæ Кудза куы фæкомкоммæ ис, уæд ныддис кодта: «Ахæм цæстæй йæм кæсы, цыма йæ цахæмдæр æбуалгъы фыдмийы хыгъд йæхæдæг амардта кардæй!» Бетъайæн йæ сатин хæдон йæ хидæй ныуудæст æмæ йæ дзых бахус, фæлæ йæ куыст нæ ныууагъта. Къæдз зæгæлтæ Сафайы рæхысы ауындзæн къæпсырæй фæйнæджы уæлæ сраст кодта, ногæй сæ йæ дзыппы ымадæй бафснайдта æмæ дыууæ хъилы кæрæттæ кæрæдзийыл куы авæрдта, уæд ын Кудза загъта:

— Бетъа, мæ амонынæй дæ Хуыцау бахизæд, фæлæ уал уæлдæфдзоны комы мидæг иу хъил куы суадзиккам, уæд нын æнцондæр нæ уаид?

— Раст зæгъыс, æмбал капитаны хæдивæг! Хицæнæй нын æнцонархайд уыдзæн æмæ йæ суанг кæронмæ куы суадзæм, уæд æм бамхасæн кæндзыстæм дыккаг! — Бетъа хъилы цыргъ бырынкъæй базмæста, уæлдæфдзоны хъæлæсы цы фароны сыфтæртæ, хус къæцæлтæ æмæ цъыф ныббадт, уыдон. Фæйнæг къулрæбын уæрхырдæм æрæвæрдта, йæ тигъыл слæууыд æмæ уæлдæфдзоны бырæттыл йæ къухæй фæйнæрдæм ахæцыд. Стæй арф бавнæлдта, миты чъизи къуыбар æрбайста мидæмæ æмæ тыхулæфттæнгæйæ рæдауæй загъта:

— Капитантæ, доны фарст уал алыг кодтам. Ныр ма нæм уæлдæф куы æрбакæлид, уæд нæ хъул сах абадид æмæ къæбæрыл дæр стох кæниккам.

Хъилы кæрон цыргъ бæргæ уыд, фæлæ зæйы миты мидæг æнцонæй не ссыд æмæ йын йæ сæр хойын бахъуыд фæйнæджы тигъæй. Суанг æй кæронмæ куы схостой, уæд æй фæстæмæ райстой, дыууæ зæгæлæй дыккаг хъил бамхасæн кодтой æмæ та йæ ногæй суагътой тæссармæ. Хатт-иу фæлмæны мидæг æнцонæн баныхст. Хатт та-иу афтæ фæфидар, цыма йæ бырынкъ дойнаг дурмæ фæбыцæу. Иу фæлтæр размæ æппындæр куынæуал акуымдта, уæд æй бырауы зылд æркодтой, фæстæмæразмæ йыл ахæцыдысты æмæ та йын фæйнæджы тигъæй йæ сæр схостой. Хойгæйæ хъилтæ куы фæхицæн уыдаиккой æмæ сæ иу миты мидæг куы баззадаид, уымæй тас уыд, фæлæ сын хуыздæр амал нæ уыд. Æппынфæстаг ма сæм цы зæгæлтæ баззад, уыдон схардз кодтой. Æртыккаг хъил дæр бамхасæн кодтой æмæ йæ суанг кæронмæ суагътой, фæлæ сæ цыппæрдигъон

ӕндзалм йӕ агъуды мидӕг фӕстӕмӕ-размӕ сӕрибарӕй куынӕ базмӕлыд, уӕд базыдтой, йӕ бырынкъ митӕй кӕй нӕ фӕуӕлдӕр и, уый. Цыма сын исчи сӕ къабӕзтӕ ацагъта, кӕнӕ сӕ саудалынджы сау ӕвдиу фӕхты мидӕг ныххоста, уыйу ӕрлӕмӕгъ сты ӕмӕ ӕгуыппӕг ныккӕнды адӕймаджы тыхулӕфт ныр сӕхъуыст тынгдӕр. Сӕрӕгасӕн йӕ дӕрзӕг хыр-хыр ссыд, фӕлӕ нӕ фезмӕлд ӕмӕ иу дзырд дӕр не схауд йӕ дзыхӕй. Батыры йӕ хуыфӕг райхъал кодта ӕмӕ йӕ мадӕн лӕнк-лӕнкгӕнгӕ загъта: «Лохсӕ, цом кӕлтмӕ! Лохсӕ, цом кӕлтмӕ! Лохсӕ, цом кӕлтмӕ!» Цас рауад, сырх хъаймӕт сӕ ацы бетон табӕты хуылфмӕ куы ӕркалдта, уӕдӕй нырмӕ? Иу бон? Иу къуыри? Ӕви иу мӕй? Ам ӕхсӕв ӕмӕ бон сиу сты ӕмӕ рӕстӕг йӕ цӕуынӕй ныллӕууыд. Цырагъ фӕцӕйхуыссыд, йӕ цъӕхснаг цъыс-цъыс ссыд ӕмӕ, кӕд Мадӕйы къух гӕв-гӕв кодта, уӕддӕр йӕ сырх-сырхид арт нал ӕнкъуыст. Батыр куынӕ уаид семӕ, уӕд сӕ дагъытъайлаг уавӕр рогдӕр уаид. Сбад къуымы, дӕ сӕр къулыл бавӕр, ма фезмӕл ӕмӕ туаггуыр къаддӕр бахардз кӕн! «Лох-с-, цом кӕлтмӕ!» — сабийы тыхулӕфт Кудзайӕн йӕ сӕрымагъз судзы ӕмӕ йӕ дзырдты скъуыддзӕгтӕ йӕ зӕрдӕйыл ныдзӕвынц авджы схъистау: «Лох-сӕ-ӕ-ӕ, цом кӕлтмӕ-ӕ-ӕ!» Ӕвӕццӕгӕн тагъд бахӕццӕ уыдзӕн Малиты Геуӕрги йӕ бункеры сӕмӕйнаг сырх хаххы кӕронмӕ ӕмӕ сындзӕхгӕд хатӕны мидӕг ныййазӕлдзӕн, адӕймаг къуырма кӕмӕй кӕны, ахӕм дӕнг, дӕ-дӕ-дӕнг! Мадӕйӕн, Батыры фӕсус хыр-хырмӕ хъусгӕйӕ, йӕ капитаны рохтӕ йӕ къухӕй аирвӕзтысты ӕмӕ дзы бынтон айрох, рухс фӕстауӕрц кӕй хъӕуы, уый.

— Гакка, зӕгӕлтӕ нӕм нал ис?

Бетъа зоны, Мадӕйы зӕгӕлтӕ цӕмӕн хъӕуы, уый. Дӕлӕ уым, авджы банкӕты цур иу ран ӕрӕвӕрдта, тӕрхӕджы фӕйнӕджыты цы цыбыр хъӕлтӕ урӕдтой, уыдон. Зӕгӕлтӕ куы уаид, уӕд сӕ цыппӕрдигъон ӕндзалммӕ бамхасӕн кӕн ӕмӕ йӕ уӕлдӕр суадз. Ӕтт, Амран, дӕ цонг иу чысыл уӕддӕр куы фӕдаргъдӕр уаид ӕмӕ рӕхысмӕ куы баххӕссис!

— Нал нӕм ис, капитан, фӕлӕ цалынмӕ нӕ бон змӕлын у, уалынмӕ хъӕуы архайын! — ныфсӕвӕрӕгау загъта Бетъа.

Куыд сархайӕм ӕмӕ цӕмӕй сархайӕм, Гакка? — Мадӕ уыцы иу гӕпп фӕкодта, цырагъ Саудары къухы фӕсагъта ӕмӕ фӕйнӕгмӕ фӕлӕбурдта. Кӕцӕй равзӕрд ацы зӕды хуызӕн

чызгмæ уый бæрц тых? Куыдфæцарæхст къуындæг ныккæнды? Фæйнæджы бырынкъ зæронд дуары æвдузæнмæ фæцарæзта æмæ йæ, уæззау уынæргъгæ, ныццавта: — Мæнæ уыдон зæгæлтæ не сты, Гакка?

Кудза йын йæ къухæй фæйнæг стыдта æмæ йæ къуымы банцой кодта:

— Капитан, цырагъы экономийыл дзурыс, фæлæ нæ ам нæ хъаруйыл дæр фæцауæрдын кæй хъæуы, уый дæ ферох и!

— Зæгæлтæ, Демиург, зæгæлтæ!..

— Фæлæуу, Мадæ! — Кудза асины цурмæ бацыд æмæ йын йæ уæллаг къæпхæн æрхоста йæ къухæй: — Бетъа, амæн йæ бынат хъуамæ фæивæм!

— Æмæ йæ кæдæм хъавыс бахæссынмæ? — фæджихау Бетъа.

— Уæлдæфдзоны бынмæ.

— Цы хъауджыдæр у?..

— Зæронд дуар сæттыны агъоммæ уал асиныл слæудзынæн æмæ æндзалммæ мæ цонг бамхасæн кæндзынæн.

Фæйнæг асины бынты батъыстой, йæ кæроныл ын æртæйæ рахæцыдысты æмæ йын йæ уæллаг был, цъæхснаг хъырыстгæнгæ, къулæй рарæдывтой. Сæ талынг табæт иу сахатмæ куынæ фæкъæртт уа æмæ йæ хуылфмæ уддзæф куынæ æрбакæла, уæд Кудза Сæрæгасы фале къуымы сбаддзæн æмæ йæм цæмæй Батыры фæсус хыр-хыр мауал хъуыса, уый тыххæй йæ амонæн æнгуылдзтæ йæ хъусты къæрмæджытау нытътъысдзæн æмæ ацæудзæн, Малиты Геуæрги цы сырх хаххы фæдыл ацыд, уый кæронмæ. Асин къулæнцой бавæрдтой æмæ йæ уæлæ схызт. Ницыуал зоны, уый йæ рынчын хъуыдыйы амынд у æви йæ фæстаг æмхасæн! Дуар сæттынæн тых хъæуы! Зæгæлтæн йæ сæфтауын æмæ се сраст кæнынæн дæр тых хъæуы! Афтæмæй йæ рахиз цонджы йеддæмæ ныккæнды нырма ницы ис, хъилмæ цы æмхасæн кæна, ахæм. Нæн-нæ, куыд у Брытъиаты Елбыздыхъомæ?.. Мæ къух рæхысмæ, йæ рæхыс мæ къухмæ!.. Уæддæр кæдæй нырмæ бадынц ам æмæ цæй æрфæн у мит?.. Йæ «Ориант» ныллæууыд æмæ рæстæг цæмæй банымайа, уый йæм нал ис. Стæй мит цæй æрфæн у, уымæн дæр чи цы зоны?.. Чи зоны, ацы сырх хъаймæт «Бекъайы цады» къуылдымæй цыдæриддæр мит рахафта, уый иууылдæр Сауиты Бетъайы хæдзаруатыл сцæнд кодта!.. Кудзайæн йæ улæфæнтæ æрбауынгæг сты, йæ тых бадон æмæ йæ цæстыты раз къомсихуыз тыччытæ атомы

нæмгуытау змæлынц, фæлæ, чысыл Батырыл хъуыды кæнгæйæ, йæ сæры магъз скуыста цырд æмæ бæлвырд. Æрмæст цæмæй йæ улæфæнтæ бынтон ма фехгæной æмæ ма æрхауа, уый тыххæй йæ хъæуы иу чысыл аулæфын æмæ йе 'муд æрцæуын. «Мæ къух райсынмæ, йæ рæхыс мæ къухмæ!» Тыхджын у Елбыздыхъо, тых-джы-ын, æмбал ын нæ уыд æмæ йын нæдæр уыдзæн!.. «Мæ цонг æндзалммæ, кæнæ æндзалм мæ цонгмæ, хи-хи-хи!.. Чи зоны, уыцы ран зæй æппындæр не 'руад æмæ, мит арвæй куыд æркалд, афтæмæй лæууы æнæвнæлдæй!.. Уæд ын куыннæ ис сбарæн? Цæй, нæ хъуыды æмæ нæ ныфс сфидар кæндзыстæм æрдзы æппæты хуыздæр уавæртæй æмæ йæм зæйы æбуалгъы змæсты æмгæрон не 'руадздзыстæм, афтæмæй сбардзыстæм миты арф!» Ныртæккæ йæ хъуыдытæ афтæ хынцыдтой, цыма уæлæуыл миты арф сбарыны фарст дæр сæ фервæзыны хъуыддаджы иу миниуæг уыд. Кæд ын йе сбарын бантыса, уæд аирвæздзысты ардыгæй æмæ нал хъусдзæн Батыры хус былты цъæхснаг цъæм-цъæм. Куынæ йæ банымайа, уæд нæ аирвæздзысты æмæ сын ацы ныккæнд сау ингæн фестдзæн! Цæй дæргъæн у дæ цонг?.. Кæнæ дæ сæры магъз схæццæ ис, кæнæ та!.. Фæразгæ та куыд кæны Батыр уыйбæрц рæстæджы дæргъы æнæфæмизгæйæ?.. Чи зоны, йæ бын ныххуылыдз кодта, афтæмæй бады йæ мады хъæбысы!.. Цæй, кæд мæ цонг сфаг уаид æмæ æндзалмы бырынкъ митæй фæуæлдæр уаид! Цымæ ма уаргæ кæны, æви арв сæгъы цæстау ныйирд и? Цæй, цы уа, уый уæд! Мæ къух рæхысмæ, йæ рæхыс мæ къухмæ!» — уыцы хъуыдытæ Кудзайы сæры мидæг ауадысты секундты дæргъы, фæлæ Бетъайæн, Батыры хыр-хырмæ хъусгæйæ, йæ бон æнхъæлмæ кæсын нал бацис:

— Кудза, цы бадæ?

— Ныртæккæ, Бетъа, ныртæккæ! — йæ галиу къухæй уæлдæфдзоны тигъыл ныззезелæг и. Йæ рахиз къухæй хъилыл фæстæмæ рахæцыд æмæ ма йе уæнгты цы тых аззад, уый йыл æртхутæг цæхæрау бакалдта, афтæмæй йæ размæ нытътъæпп ласта. Стæй та ногæй. Стæй та йæ æртыккаг хатт дæр асхуыста æмæ фырмæстæй ныккæуынæввонг ссис, фæлæ цыппæрæм цæфæн разæй мит куы фæкъæртт æмæ æндзалм уæлæмæ бынтон сæрибарæй куы слиуырдта, уæд йæ буары мидæг цыдæр феуæгъд. «Мæ нымад раст рауад, нæма сæрра дæн!» — ферттывта йæ хъуыды æмæ йæ хурхы дадзинтæ сзыр-зыр кодтой, афтæмæй ма тыххæй сфæрæзта дзурын:

— Бетъа, хъилыл ма фæстæмæ ахæц æмæ йæ хæрз цадæггай алвас!

Бетъа хъил хæрз цадæггай ралвæста, къулыл æй арцау банцой кодта æмæ Мадæйы къухы цырагъы æндзыг арт куы стыбар-тыбур кодта, уæд Кудзайæн фырцинæй йæ цæссыгтæ фемæхстысты æмæ йæ хъæлæсæй зынгау схауд æгуыппæг хъæр:

— Мадæ, дæ цырагъ уал ахуыссын кæн, рухс нæ нырма нæ хъæуы!

* * *

Кудза асинæй куырмæджы æргæпп ласта æмæ йæ фæсонтæ къулыл бавæрдта, афтæмæй бандзыг йæ мидбынаты. Хорз у афтæ! Талынджы дæ ничи уыны æмæ мæрдон æрдзæмы дæ зырзыргæнаг сым-сым никæмæ хъуысы. Йæ бинаг был йæ дæндæгты æхсæн акодта æмæ йæ фырмæстæй фелхъывта. Йæ дзых цæхджын тæнгъæдæй айдзаг æмæ йæ тыхамæлттæй аныхъуырдта. Кæуындзæджы хъылма къуыбар ын йæ хурх ахгæдта. Æрфæндыд æй æнахъом сабийау хъæрæй богъ-богъ кæнын, хæрзчысылæй-иу Саудары хъæбысы бадгæйæ куыд куыдта, афтæ. Йæ зæрдæ, Батырыл хъуыды кæнгæйæ, æрбауынгæг æмæ ноджы тыхджындæр срызтис: «Саби хæринаг куы æркура, уæд ын цы кæндзыстæм æмæ йæ цæмæй барæвдаудзыстæм? Къæбæрыл куы скæуа, уæд кæм бамбæхсон æмæ мæ хъусты цы бавæрон? Науæд ын цы зæгъон? Æнæхъуаджы ма ку, ардæм дын дзулы къæбæр ничи æрбахæсдзæн, зæгъгæ?» — дæрзæг хъуыдыты къуырмагæнæг дзæгъ-дзæгъ йе уæнгты мидæг апырх, къæдзæх куыд æркæлы æмæ йæ уынæр кæмтты куыд апырх вæййы, афтæ. Сырх хъаймæт сыл йæ уæззау дуæрттæ фидар кæй æрбахгæдта æмæ ардыгæй афтæ æнцонты кæй нал аирвæздзысты, уый зæрдæаивæй фæхатыд æмæ йæ гæв-гæв ноджы фæфыддæр. Саудары тæккæ фарсмæ йæхи æруагъта, йæ былтæ йын йæ рахиз хъусыл æнгом сæвæрдта æмæ йын сусæгæй загъта:

— Нана, дæ уæрджытыл дын мæ сæр æрæвæрдзынæн æмæ мæ, чи зоны, хуыссæг æрцахса, фæлæ-иу мæ фынæй кæнын ма бауадз.

— Нæ, нырма нын фынæй кæныны фадат нæй, мæ хъæбул! — Саудар уайтагъд фæхатыд Кудзайы зæрдæйы уæззау цавд æмæ дзургæ-дзурын лæппуйæн йæ хъæлæсы мыртæ кæй зырзыр кодтой, уый дзы нæ фæсусæг. Йæхирдæм ыл æрхæцыд, йæ

сæр ын йæ риуыл æрбаныхæста æмæ йын йæ былтæ йæ къæмисæныл сызмæлын кодта фæлмæн, хъарм: — Арв куыд фæнæры, къæвда æрвылхатт афтæ нæ фæуары. Нæ ахæстон нын цы æртæ æмгъуыды скодта, уыдонæй иу басастам æмæ иннæтимæ дæр тох кæндзыстæм. Адæймагæн йæ бон цас бирæ у, уый йæхæдæг дæр нæ зоны!..

Кудза фæхатыд, уæлдæф, дон æмæ хæлцы бæсты Саудар «æртæ æмгъуыды» кæй загъта. Ома нæм ардæм уддзæф кæй нæ калд, уый уыд нæ царды æппæты цыбырдæр æмгъуыд æмæ йæ басастам. Дон æмæ къæбæр куы ссарæм, уæд иннæ дыуучæ дæр басæтдзыстæм. Кæм сæ ссардзысты, цы хуызы?..

— Мæхиуыл æппындæр нæ мæт кæнын, нана!..

— Зонын æй, мæ хъæбул!.. Æнахъом сабийæн нæ бамбарын кæндзынæ, ацы талынг ныккæнды «баппа» нæй, æнæхъуаджы йæ ма агур æмæ уал исчердæмыты дæхиуыл фæхæц, зæгъгæ!..

— Нæ кæуы!.. Нæ домы!.. Фыртæссæй йæ мады хъæбысы бабукъ! — Кудза гуырысхо нæ кæны, Бетъа, Мадæ æмæ Рохсанæйæн дæр ныртæккæ сæ сагъæсты цырв Батыры уавæр кæй у, ууыл. Сæхицæн талынджы бадынц, алчи сæ йæхирдыгонау тыхсы æмæ сæ хъуыдытæ зилынц сабийы алыварс. Æддаг дуне йæ хъаймæттаг зиæнттимæ нырма тынг дард у æмæ йæ нæ уынынц. Талынг ныккæнд сæ ссæрибар кодта сæрибар дунейы сагъæстæй æмæ сыл ам сæвæрдта иумæйаг уды уаргъ. Уæлдæфдзоны хуынкъæй уддзæф куы æрбакалд æмæ сæ тæбæкк сустæ туаггуырæй куы айдзаг сты, уæд æцæгдæр сæ фæлахс уæнгты æхцон уылæнтæ хъыдзыгæнгæ хъардтой. Æмхуызон æрлæмæгъ сты æмæ сæ хуыссæг æрцахста. Кудза йæ хъуыдыты мидæг алцыппæт йæ раны авæрдта æмæ кæцыфæнды хъуыддагæн дæр йæ нысан зыдта йæхирдыгонау. Æрмæст не ’мбæрста, Саудар, Мадæ æмæ Рохсанæ Сæрæгасмæ сæхи афтæ тызмæг цæмæн дардтой, уый. «Рынчын адæймагмæ сæ зæрдæтæ та куыд лæууынц? Ома, райкомы фыццаг секретарь кæй у, уый тыххæй йæм нæ уæндынц?.. Æви йыл емынæ ис æмæ дзы сæхи уымæн дард ласынц?.. Мадæйы Сæрæгасимæ дзургæ цы хуызы федтон, уый фæстæ йыл дис кæнын!.. Не ’мбарын нанайы дæр!»

Мадæ йæ дзулы къæбæртæ æмæ йæ парафин цырæгъты тыхтон талынджы йæ фæдыл аласта æмæ йæ цыппæртыл Рохсанæйы цурмæ бабырыд. Тыхтон йæ зæнгтæй балхъывта, цыма йын аскъæфынæй тарст, уыйау. Батыры йæ мады хъæбысæй

йæхимæ æрбайста, йæ риумæ йæ нылхъывта æмæ йын йæ фæлмæн цæсгомыл йæ рус авæрдта. Сабийы дзыхæй æрдæбон иу цалдæр хатты «лухсы» кой сирвæзт, фæлæ йын цырагъ куы ничи ссыгъта, уæд ныхъхъус и. Мадæ гæв-гæвгæнгæ æнхъæлмæ каст, ныртæккæ «баппа» дæр æрдомдзæн, зæгъгæ, фæлæ, йæ дзыхæй хæринаджы кой куынæ схауд, уæд ныддис кодта: «Ау, ныхысæры йас саби дæр йæ бон зоны?» Ныр ын иугæр фадат фæцис, уæд йæ тыхтонæй зынгхосы къоппы йас дзулы къæбæр систа, Батырæн æй йæ гыццыл армытъæпæныл æрæвæрдта æмæ йын æй йæ пумпуси æнгуылдзтæй фидар æрбалхъивын кодта. «Фид-дар ыл хæц, Батыр, ма дын ахауæд! Кæннод дын æй нæ Сырдон гино аскъæфдзæн!» Мадæ сабийы йæ мады хъæбысы нывæрдта. Рохсанæ лæппуйы æхцон сым-сым куы фехъуыста æмæ йын йе 'мбудæнтæ дзулы æхцон тæф куы ныццавта, уæд Мадæйы къух ацахста, йæхирдæм ыл æрхæцыд, Батыримæ йæ ныхъхъæбыс кодта æмæ йын йе 'лвыд сæр йæ уырзтæй адаудта.

— Æ, дæ рæсугъд низтæ дын ахæрон, Мадæ! — Батыры былты адджын цъæм-цъæм куы фехъуыста, уæд йæ хъæлæсæй цины арт ныссæххæтт ласта.

— С-с-с, хъæр ма кæн, нæ рынчын райхъал уыдзæн! Мæ рæсугъдæн бын нæй, мæ корто сæримæ! — Мадæ Рохсанæйæн йæ былтыл йæ къух авæрдта æмæ йæ бамыр кодта.

Ныккæнды мидæг дыдзы уддзæфимæ дзулы сæрзилынгæнæг тæф дæр азылд æмæ æгæрыстæмæй Сæрæгасы дæр базмæлын кодта. Мадæйæн йæ комыдон акалд æмæ йын йæ дыуучæ дзидзийы æхсæн арф кæмдæр, хус æрчъиагау, сæмпылд. Иу бон æмæ иу æхсæвы дæргъы афтæ тынг нæ сыстонг уыдаид æмæ йæ ахсæн уаддымд кæй нæ ныууыдаид, уый базыдта. Йæ къух тыхтоны æлхынцъырдæм фæцæйхылд, фæлæ йæхи фæурæдта: «Уæд дзы фыццаджы райдианы иу къæбæр раттын хъæуы рынчынæн!.. Рынчын уæддæр рынчын у!.. Стæй Демиург дæр уымæй хуыздæр нæу!.. Куы йæ байуарон, уæд ма дзы Батырæн цы аззайдзæн! Нæ, фæлтау алчи дæр зонæд: нæ ныккæнды уавæрты сабийы йеддæмæ хицæн закъон ис!» Исдуг загъта, тыхтон Рохсанæмæ ратдзынæн, уадз æмæ дзулы къæбæртæ Батырæн чысылгай уый дæттæд, фæлæ йæ фæндон уайтагъд фæивта: «Нæ, уый нæ бахъахъхъæндзæн сабийы сæрмагонд закъон! Ахæм уавæрты ныййарæджы хæрзадджын уарзтыл амад закъон ницы пайда у! Ахæм уавæрты хъæуы рæстадæймагон тызмæг, раст, æнæсæттон

æмæ æвронг уарзтыл амал закъон, цæмæй лæг йæ фыртæригъæдæй абон ма бавнала, райсом кæй хъуамæ бахардз кæна, уымæ. Рохсанæ мад у æмæ йæ фыртæригъæдæй Батырæн йæ дæс боны хæлц дыууæ бонмæ бахæрын кæндзæн!.. Афтæмæй та йын нымадæй хъæуы дæттын къæбæртæ, муртæ, мисхалтæ!.. Иу — абон! Иу — райсом! Иу — иннæбон!.. Иу — дæс боны фæстæ!.. Цæмæй фылдæр ахæсса!.. Иннæтæ рынчынæй-æнæнизæй бафæраздзысты!.. Дæс боны... дыууадæс боны!.. Гакка афтæ куы дзырдта, авд æмæ дыууиссæдз бонмæ мæ къухты ныхтæй суанг Сан-Францискойы онг тъуннел скъахдзынæн, зæгъгæ!.. Табу Хуыцауæн, донхъуаг не стæм. Куы сдойны уай, уæд уæлдæфдзонæй мит æрбайс æмæ хæр! Нæ проблемæтæ иууылдæр лыг сты сæйраджы йеддæмæ! Уый дæр алыг кæндзыстæм!.. Нигер, гени уæвгæйæ, йæ цæргæ-цæрæнбонты дæргъы МАК-ы изоляцийы куы фæцард, уæд уый уавæртæ мах уавæртæй хуыздæр уыдысты?» — йæ тыхтон йæ къухы систа, Кудза æмæ Саудары цурмæ бабырыд æмæ сæ дыууæйы æхсæн тыххæй ныллæст. Фæйнæрдыгæй йæ хъарм æхцонæй бандæвта æмæ бынтон æрлæмæгъ. Стæй йын Саудар йæ уырзтæй йе 'лвыд сæр куы адаудта æмæ йын йæ фæлмæн рустыл куы баузæлыд, уæд йæхи нал баурæдта. Йæ сæр ын йæ риуыл бавæрдта æмæ сусæгæй ныккуыдта.

— Демиург, цымæ, ныртæккæ уæлæуыл мит уары æви нæ? — æппынæрæджиау загъта Мадæ фæсус хъæлæсæй.

— Уары! — æцæг Демиургау загъта Кудза.

— Цæмæй йæ зоныс, Демиург?

— Цæмæй йæ зонын, цæ, Демиург дæн æмæ уымæй.

— Ноджы ма йæ цæмæй зоныс?

— Ноджы ма йæ зонын, ды йæ цæмæй зоныс, уымæй.

— Æз æй цæмæй зонын? — гыццыл сабийау йемæ хъазын райдыдта Мадæ.

— Хуынчъы мидæг миты тъыфылтæ никкалд æмæ та...

— С-с-с, мацыуал зæгъ, Демиург! — Мадæ Кудзайæн йæ армытъæпæнæй йæ дзых ахгæдта.

— Капитан, кæд ма дæм цырагъ ис, уæд рухс ссудз! — æрбадзырдта Бетъа.

— Æгæр бирæ абадтыстæм æмæ ахæм уавæрты бадын пайда нæу! — загъта Кудза.

— Гакка, цæмæй райдайæм?

— Капитан, æз мæ хъуыдытæ фæзæгъын, мæ цæстæй куы фæуынын, уæд.

Мадæ зынгхос ацагъта æмæ парафин цырагъы фитылыл арт сдардта. Кудза фестад, чызджы къухæй цырагъ райста æмæ йæ ныддардта Сæрæгасы цæсгоммæ... Рынчынæн йæ ныхы дагъты мидæг хид ныллæууыд. Йæ цæсгомы æнцъылдтæ фæарфдæр сты. Кудзаимæ Цымытийæ фæдисы куы рацыдысты, уæдæй нырмæ бæрæг фæасдæр и... Йæ риу æмæ йæ хъуырыл æртæхтæ дæлæмæ лæсыдысты цæппузыртау. Йæ сæрыхъуынтæ уымæлы нычъчъиу сты, йæ рустæ æмæ йæ роцъойыл хæмпæл схæцыд, йæ цæстыты гагуытæ сæ къуырфыты мидæг арф бахаудысты. Тæвдниз æй æвиппайды æртайын кодта, йæ хæмпæлимæ зындис, цы уыд, уымæй дыууæ ахæм асдæр æмæ мæллæгдæр. Йæ цæстыты хаутæ кæй не змæлыдысты, уымæй Кудза базыдта, Сæрæгасæн йæ хъуыды йæхимæ кæй нæ уыд. Туаггуырæй мæгуыр уæлдæф-иу уыциу сыллыпп скодта, йæ хуылфы мидæг-иу æй фегуыппæг кодта æмæ-иу æй æлхъывдæй куы суагъта, уæд-иу йæ уынæргъын цъæхснагæй ныддаргъ, хъызт боны зыхъхъыры мидæг дымгæйы ниуын куыд ныддаргъ вæййы, афтæ. Бетъа æмæ Саудар фæстиау талынджы лæууыдысты æмæ цымыдисæй кастысты, рынчынæн йæ ных æмæ йæ цæстыты бынты царды хуыз бонасадæн куыд кодта, уымæ. Мадæ йæ галиу фарсырдыгæй дыдзы рухсмæ къулыл конд фрескæйау зындис. Кудза йæ цырагъы рухс рынчыны цæстыты тæккæ цур банкъуыста æмæ йын йæ цæсгомыл иу нуар дæр змæлгæ куынæ ауыдта, уæд фæтарст: «Мæнæ мæгуыр лæг нæ разы мæлы æмæ йын нæ бон баххуыс кæнын нæу!.. Ау, афтæ хъуамæ афардæг уа, æмæ йын йæ хъæлæс мауал фехъусæм? Æниу ма уый дæр цæмæн хъæуы?.. Негас дæр ныридæгæн, чи зоны, уыцы бæсты суинаг цæрджытæ стæм! Хи-хи-хи, Æрнæгаты Кудза, хи-хи-хи! Ногæй та ницы загътай, уымæн æмæ алы удæгас адæймаг дæр у фидæны мард!»

— Сæрæгас Дзандарович! — Кудза йæ цырагъ Мадæмæ авæрдта æмæ рынчыны раз æрзоныгыл кодта.

Сæрæгас йæ хъæрзын суагъта, йæ хус былтæ, цъæхснаг цъæмцъæмгæнгæ, асдæрдта æмæ йæ цæстыхаутыл, зыр-зыргæнгæ, афтæ схæцыд, цыма йын сæ кæрæттыл здыйы къоритæ уыд ауыгъд. Йæ цæстытæ ногæй куы æрцъынд сты æмæ йæ уынæргъын дымгæйы цъæхснаг ниуынау куы адаргъ, уæд Кудза асиныл схызт, уæлдæфдзонæй миты къуыбар æрбайста æмæ йæ Сæрæгасы ныхыл ауагъта.

— Сæрæгас Дзандарович! — Кудза тынг стыхст, Сæрæгас æм кæй не сдзырдта, ууыл. Уыцы минутыл цæмæндæр йæхи фенкъардта зыбыты иунæг æмæ, йæ уæлхъус гуымирыты лæуд цы адæймæгтæ кодтой, уыдонмæ скаст æххуысæнхъæл.

— Демиург!.. — Сæрæгас æппынфæстаг цæстæй ракаст, æмæ мидбылхудт йæ цæсгомыл мæрдты хурау атылд.

— Мæнæ дæн, Сæрæгас Дзандарович! Ам дæн, консул! — Кудзамæ афтæ фæкаст, цыма йын йæ риуæй хъарадзалайаг тæтæйраг Худиайы рæгъæд харбызы цыппæрдигъон лыггаджы хуызæн кæрдих цы мæнг Аминон систа, уый йæм фæсидт, фæлæ йын йе сныхас уыд æхсызгон.

— Кæйонг æрхæццæ стæм?..

— Раирвæзтыстæм сырх хъаймæтæй, Сæрæгас Дзандарович.

— Кæдæм æрбахаудтам?..

— Кæдæм фæнды куы æрбахауæм, уæддæр, кæм уыдыстæм, уымæй хуыздæр у.

— Нæ басыдыстæм?.. Не 'ргъæвст риуты нын ног зæрдæтæ бавæрын нæ бахъæудзæн, Демиург?..

Уый фыны фенгæ мæрдты бæсты æбуалгъы ныв нал уыд. Уый уыд тызмæг æцæгдзинады цардæгас цау, фæлæ йæм сидгæ та ногæй фæкодта МАК-ы цъæхдарæсджын Аминон. Фæуыргъуыйау, йе 'взаг йæ комы мидæг ахус æмæ йæ рохст цæстытæ Мадæмæ фæцарæзта, фæлæ дзуапмæ нæ фæцарæхст.

— Ромы стыр сахар нырма дард у, Цезарь, фæлæ дæ кæд дæ бæхтæрæджы хорзæх уа, уæд æм тагъд бахæццæ уыдзынæ. — Мадæ йæ цырагъыл тырысайау уæлæмæ схæцыд æмæ æввахсдæр бацыд.

Сæрæгас уызынау стымбыл æмæ йæ улæфт бынтон фехгæдта. Стæй йæ хъæлæсæй цахæмдæр арауæг худæджы мыртæ суагъта æмæ йæ ныхас аивæзта даргъ, даргъ:

— А-а-а, Алæгаты рæсугъд Елда, де 'хсæвы хæтæнты дæ ныр та ардæм æрбаппæрстой?..

«Æхсæвы хæтæнты» коймæ Кудза срæмудзынæввонг ссис, фæлæ, цырагъдар зæды дурдзавд цæсгоммæ куы фæкомкоммæ и, уæд йе 'взаг аныхъуырдта. Ныртæккæ йын кæрæдзиимæ схæццæ сты, æрмæст фын æмæ æцæгдзинад нæ, фæлæ адæймæгты цæсгæмттæ дæр æмæ кæмæ цы æвзагæй сдзырдтаид, уый нал зыдта.

— Цезарь, «ардæм», зæгъгæ, куы зæгъыс, уæд мæ кæдæм хъуамæ æрбаппæрстаиккой ме 'хсæвы хæтæнтæ? Науæд кæм стæм, уый зоныс? — Мадæ йæ цырагъы рухс йæ сæрæй уæлдæр

систа, йæ уæрджытæ дæлæмæ æруагъта, афтæмæй æрæвнæлдта æмæ сау нымæты кæрон куы басчъил кодта, уæд йæ быны разынд цъæх бæрæзент хъатара. Сæрæгас æм йæ къух фæдардта, йæхирдæм ыл æрбахæцыд æмæ суынæргъыдта:

— Алæгаты рæсугъд Елда, кæд гæныстонмæ æрхаудыстæм, уæддæр ын цы зоным!..

— Цезарь, æмæ нæ дыууæ Демиург демæ кæй стæм, уымæй дæ гæныстойнаг уаргъ рогдæр кæны?

— Куыннæ, куыннæ!..

— Уæдæ хуысс æмæ бырс, цалынмæ дын дæ хæстон цыппæрдзалхыг дæ тæккæ цурмæ æрбатулой, уалынмæ! — хъæбæрæй загъта Мадæ æмæ сыстад.

Сæрæгасы ныртæккæ æппæты тынгдæр тыхсын кодта дойны. Йе 'взаг йæ комы мидæг рауадз-бауадз кодта цæхæрыфых картофау æмæ йын йæ хъæлæс цыдæр сыгъта. Тынг æхсызгон ын уыд, уыцы талынджы йæ уæлхъус Мадæ æмæ Кудза йеддæмæ кæй ничи февзæрд, уый. Уыдон уыдысты куыст æмæ царды йæ амидингæнæг æмæ йын ам дæр удылхæцæгæй хъуамæ басгуыхтаиккой уыдон. Саудар æмæ Бетъайы нæма фæфиппайдта. Рохсанæ та йæ чысыл лæппуимæ талынджы баддис æмæ нæ зынд. «Сæ дыууæ дæр топпыхосау сгуыпп кæнын зонынц, фæлæ семæ дзурæн ис!.. Сайын нæ зонынц!» — йæ хъуыды иу тæппыл асалд æмæ йæ цæстыты раз къомсихуыз къоритæ схъомпал сты. Ныртæккæ йæ хъуыд дзурын æмæ змæлын, дзурын æмæ змæлын... Кæннод та йæ хъуыды сау-сауид мæрддзаджы быи фæуыдзæн æмæ ногæй аирвæздзæн рохуаты гæныстоны... Цæстылуайæн æндæрджытæ не сты, æцæг сæ уыны!.. Рахизырдыгæй Демиург æмæ галиуырдыгæй та Мадæ... Мадæ... Мадæ... Иттæг хорз у, йæ уæлхъус ацы дыууæ Донкихоты йеддæмæ кæй ничи февзæрд, уый!.. Уымæй æцæгдæр йæ гæныстойнаг уаргъ фæрогдæр!.. Кæйонг фæхæццæ сты, кæдæм æй æрласта Демиург?.. Мæлын афтæ æнцон кæй уыд, уый цæмæннæ зыдта?.. Адон сайын нæ зонынц! Мæнг ныхас сæ уды хос куы феста, уæддæр æй сæ дзыхæй не суадздзысты, афтæмæй амæлдзысты... Охх, йе 'взаг афтæ тынг куынæ бахус уыдаид æмæ йæ комыкъултыл ардуанау куынæ ныдзæвид!.. Йæ уæлтъыфалтыл тыхамæлттæй уæлæмæ схæцыд, къомсихуыз къориты æхсæнты акаст æмæ, фæйнæрдыгæй æндæрджытæ куы ауыдта, уæд дзырдтæ ауыылдта:

— Æмæ уæ лазареты рынчынты дойныйæ марынц?..

— Сæрæгас Дзандарович, ма тыхс, дон дын ныртæккæ самал кæндзыстæм! — Кудза асиныл дыккаг хатт сгæпп ласта,

уæлдæфдзон хуынкъæй мит æрбахафта æмæ дзы иу къуыбар Сæрæгасы дзыхмæ бахаста.

— А-а-а, Демиург, нæ хъуыддаг афтæ у? — миты уазал дон Сæрæгасæн йæ дзыхмæ куы ныллæдæрст, уæд къомсихуыз къориты хъомпал фæсабыр æмæ Мадæйы тæккæ фарсмæ сау мигъæй размæ рацыд дыккаг сылгоймаджы æндæрг. Нæ йæ бауырныдта. Афтæ фенхъæлдта, цыма йын тæвдниз йæ цæстытæ схъулæттæ кодта æмæ йæ разы февзæрд иу адæймаджы дыууæ сихы. Афтæ нæ рауад. Дыккаг сылгоймаг йæ тæккæ фарсмæ æрбадт, йæхи йæм хæрзæввахс æруагъта æмæ йын фæлмæн хъæлæсæй загъта:

— Афтæ у нæ хъуыддаг, Сæрæгас, афтæ!..

Йæ ивгъуыд ын йæ разы иууыл хъулон гауызтæ нæ айтыгъта. Йæ ивгъуыд æм æрбаздæхт хæрзæнгом æмæ бынат нал фæуагъта гуырысхойæн, кæнæ та цæстылуайæнтæн. Йæ ивгъуыд æм йæ тæккæ æгъатырдæр сих, карды комау, фæдардта æмæ йæ рагон хæстæ æрдомдта. Сæрæгас йæ цæстытæ стыбар-тыбур кодта æмæ йæм ныккаст... Фæрæдыд, дыууæ Донкихоты æвджид нæ аззад, ам ма ноджы чидæр ис!.. Сæрæгас йæ амонæн æнгуылдзæй Саударæн ацамыдта, ома, дæхиуыл нoджы дæлдæр æрхæц. Саудар йæ хъус рынчыны дзыхы тæккæ цурмæ бахаста æмæ йыл аныдзæвд дыдзы хъарм.

— Уæу, мæнæ цы зæдты къухмæ æрбахаудтæн!.. — загъта æнæниз хъæлæсæй.

— Æмæ дын æхсызгон нæу æви цы? Хуысгæ кæн, Сæрæгас, дæ тыхыл фæцауæрд, бахъæудзæн дæ! — хæрзсур хъæлæсæй загъта Саудар.

— Сæрæгас, мæ хур, æцæг лазаретмæ кæй не 'рбахаудтæ, уый дæхæдæг дæр хорз фиппайыс æмæ уал исчердæмыты фæраз. Стæй та кæд бон æрцæуид æмæ нæм фарн æрхæссид. — Бетъа цырагъы рухсмæ ралæууыд æмæ Сæрæгасмæ комкоммæ ныккаст. Сæрæгас æй куы ауыдта, уæд дзы цыма мидæгæй исты аскъуыд, уыйау æрлæмæгъ, йæ цæстытæ адзалы æрттывд скодтой æмæ уæззау лæнк-лæнкгæнгæ йæхиуыл рахæцыд.

— Сæрæгас Дзандарович, хуысгæ кæн, хуысгæ, дæуæн нырма уæлæмæ сыстæн нæй! — Кудза йыл дæлæмæ æрхæцыд æмæ йын куыддæр йæ сæр сау нымæтыл æрæвæрдта, афтæ рынчын ногæй йæ цæстылуайæнты хъулон хуыдымы аныгъуылд.

Уыдзæн ма

Хуыбецты Никъо — Веселæйы хъæуы бындурæвæрæг. Æрæджы Веселæйы цæрджытæ сæ уынгтæй иуыл сæвæрдтой Никъойы ном.

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

ДИДИНВÆДИС, ЦЪИУВÆДИС

ФÆНДАРАСТ

Фыды къона, фыдыуæзæг, фыдызæхх...
Йæ хорзæхæй дæ сбуц кæнæд Хуыцау!
О Арвы Фарн, Ирыстонмæ æрыздæх
Æмæ йын сис йæ судзгæ хъыгты сау!..

Дæ базыры бын ног дуджы дзæбæхæй
Уый араст кæн Дæхи фæндиаг ныр,
Хæрзмæ йыл ауд, бахиз æй фыдæхæй, —
Йæ фæндаг ын ныррухс кæнæд Дæ Дзырд!

Дæхæдæг ын фæндараст зæгъ, Хуыцау, —
Цы нæ йæм хъуызой сон æмæ фыдрынтæ!..
Цы нæ бабын уой рагфыдæлты бынтæ:
Ирон æвзаг, æфсарм æмæ æгъдау.

ÆНАХУЫР ФЫН

Æнахуыр фын... цы карз уыди, цы дæрзæг!..
Ныццарыдта, ныццæлхъ ласта мæ рис...
Мæ зæрдæ мын ныррус кодта цыдæр зæд,
Уыраугæ удæй ратыдта æрхъис...

Фæудаист дæн, оххай-гъе, фæуадзыг,
Пехуымпарау, мæ рыст зæрдæ ныддур,
Цыма мыггагмæ нал æрцæудзæн уалдзæг,
Тъымы-тъымамæ ахуысдзæни хур...

Æнахуыр фын... Æнахуыр фын... Æнахуыр...
Цынæ фендзæн, цынæ бавзардзæн лæг...
Мæ удæртау мæ тарф фыны фæкъахыр...
Цы зæд, цы дуаг æм бакодта хæлæг?..

ЧЕЛЕЙЫ АРДУАН

Зæронд дзауматæ бауарзтон æз дæр,
Чысылгай сæ мæ сарамæ æмпъухын...
Хæрз æрæджы та, хорз у æви ’взæр —
Челейы ардуан бафтыди мæ къухы.

Кæм хъæуынц мæн, кæйдæр армæн йæ хъарм
Цы мигæнæнты бацавддур и, уыдон?
Цы сæ айсдзынæн — фарн æви хæрам,
Цы сыл баззайдзæн — рыг æви æрвырон?..

Зæронд дзауматæ: ардуан уа, пъæнæз,
Быраузилæн, дзæбуг, дзæккор, хъæсдарæг...
«Цæй, кус нæ исты, бафидæм нæ хæс
Æмæ та ногæй райхъуыса нæ зарæг!»

ÆРФÆНИ ФÆД

Абисалти Юрийи конд хузæмæ гæсгæ

Цуппар цæсти кæсунцæ: мед арви
Рагоц кодта хонсармæ Æрфæн,
Ниххæлеу æй дуйней итигъд арми
Æ цæфхæдти сахир æрдæфæн.

Фæттæхуй, агоруй хуæздæр хезнæ,
Бунæрдæмæ не ’рдаруй йе ’нгаст, —
Десæ-месæ дзæнхъатæн се ’рхъестæй
Ма ниууа еске зæрдæ еххуаст.

Ниддумдта... Нæуæг ма ’й æ цæхæр фæд...
Ниддумдта... Нæ ин ес иссерæн...
Нæ тонунцæ се ’нгаст арви хæрвæй
И Гуйман æд æ лимæн — Селæн...

Æ фæдбæл ниддор æй цуппар цæсти,
Фал Æрфæн нæбал зиннуй, нæбал...
Æз дæр ма, рахезгæй, цид, сæ рæзти,
Сæ гъенцъунæн исун æмæмбал.

* * *

Дидинвæдис, цъиувæдис!..
Ралæууыд та уалдзæг.
Райхъал бал бæлас, хæрис,
Дауы бæрз йæ хъал зæнг.

Уалæ къуылдымтæм ысхиз,
Дардыл акæс, мардзæ!
Дидинвæдис, цъиувæдис
Байдыдта та уалдзæг.

ФЕЦЕ ÆМА УÆРИККÆ

Фæсхонх æрæллау уодзæй хор...
Цæурæхци геунцæ будуртæ...
Зелуй æ уæриккæ агор
Феце æд лæдзæг æ бузгъурти.

Зелуй дивилдун, дусæскъуд,
Къелдзо, фиймезгæй, бæгъæнсарæй,
Цæститæ сугæй — фуррæсуд,
Ædта ин и уæр ци хъазар æй!..

Даруй ин уадусмæ дзедзе,
Æ халæ дæттуй доргин нигæ...
Кæми ’й дæ хъуригънæг, феце,
Кæми ’й дæ еунæг — дæ уæриккæ?

Изолмæ кæд хори ’суидта,
Уаста ’ймæ: раздæхæ, мæ мадæ!..
Нифситæ æ хъурми бидта...
Фал æй бахуардтонцæamмамматæ...

* * *

— Куд æй дæ уасæ?
— Сабур — мæ хуасæ.
— Ци æй дæ хуасæ?
— Сабур — мæ уасæ.

* * *

— Ци ’й а царди кадавар?
— Зунд, æфсæрми, уоди гъар.
— Ци ба нæ йæй кадавар?
— Зуст, соцъа æма уодхар.

* * *

— Цæбæл æй дæ катай, ци дæ маруй,
Ци хъурдох дин нилвасуй дæ хъур?
— Лæги цард, асугъд гъæмпау, цубур,
Ниггупп ласуй æма æрбатар уй...

* * *

(Малити Геуæргийæй)

Ци сах уаруй! Мæ инод къæс
Нитталингæ ’й, ниммæтъæл,
Фæ-ммæ-кодта фудæхсæвæ
Фунти фарнæй фудæнгъæл.
Уæ, ме ’дард лимæн, ме ’нгарæ,
Мæ рохс бæлди цæдесон,
Тæходуй æма а усми
Фæ-мма-уинæ дæ цæсгон!
Ниццæйтухсинæ де ’фцæги,
Æркъолæ кæнгæй мæ сæр,
Фæккæуинæ хъæбæр берæ,
Мæнкъæй сабийяу, æз дæр.
Мæ дзиназунмæ нийгъосгæй,
Мæ ниллæг къæси æнде
Æрæллау уидæ сах уарун,
Æрфунæй уидæ дуйне...

ГÆБÆРАТЫ Феликс

САБИБОНТЫ ТАВС

Азтæ ныл цас фылдæр ивгъуыйы, уыйбæрц нæ сабибонтæ арæхдæр æмæ æхсызгондæрæй æрæфтынц зæрдыл. Уыдон сты иуыл райдзастдæр æмæ амондджындæр. Чи сæ вæййы хъæлдзæг, чи — æнкъард, фæлæ уæддæр адджын зæрдæйæн.

ÆРВАДÆЛТÆ

Хæсты хæд фæстæ азты зымæгон бонты æнахъом сабитимæ нæ сыхæгтæм — не 'рвадæлтæм — арæх згъордтам хъазынмæ уыдон сывæллæттимæ. Афтæмæй сæ хæдзар та уыд хæрз гыццыл — иу уат æмæ тыргъ, хъæдæй конд. Æмæ дзы цардысты бинонтæ: мад æмæ фыд, сæ дыууæ чызджы æмæ æртæ лæппуйы.

Æмæ ма ноджы дыууæ дынджыр кусæг галы. Галтæ уаты! Уыдысты раст сæ бинонтыл нымад — сæ къæбæр дæр бинонтæ уыдонимæ дих кодтой. Кæвдæсмæ уыдысты баст æмæ афоныл сæ хæрд — сæ разы, сæ бынтæ — кæддæриддæр сыгъдæг, сур æмæ хæрзæфснайд.

Абон дæр ыл дис кæнын, куыд быхстой, куыд нæ нæ фæлмæцыдысты махæй уыцы рæдау бинонтæ, нæ хъæлæбайæн куыд фæрæзтой, ууыл.

Галтæ афтæ æрмахуыр, ахæм æмбаргæ уыдысты æмæ нæ цæвгæ нæ, фæлæ мах æдасдзинады тыххæй уæлдай змæлд сæ бынаты нæ кодтой. Мах та-иу, цъындæмбæхстытæй хъазгæйæ, сæ бынты разгъор-базгъор кодтам, кæвдæсы кæнæ галы дæллагхъуыр æмбæхстыстæм. Æнахуыр æмбаргæ кæй уыдысты, уый ма уымæй бæрæг уыдис, æмæ-иу сæ йе 'рдзон домæнтæ кæнын исчи райдыдтаид, уæд-иу æй фæурæдта, цæмæй йæ бын ма байсафа æмæ йын бинонтæй исчи сæрмагонд гарз йæ бынмæ бавæра. Дунейы диссæгтæн кæрон нæй...

САБИЙЫ ФЫДÆХ

Æхсæзаздзыд цыдæр уыдаин, афтæмæй дын æз дæр дзоныгъæй бырынмæ куы ацæуин хъæугæрон къуыбырмæ. Рæстæг — рагуалдзæг, хур æхсызгон рæвдыдта, мит ма хæцыд цæгатвæрсты лæхъир цъыфимæ.

Хæсты фæстæйы мæгуыр дуджы дарæс, нывыл дзабыр дæр кæм уыди — мæ мады хуыд хæцъилдзабыртæ мыл, джиппæйфыст хъуымацæй мыл хæлаф, йæ комдæлы æмæ зæнгты резинæтæ, хæдон дæр ахæм цыдæр. Хур дзæвгар акъул, уæдмæ хъазыныл фæдæн æххормагæй, хуылыдз æмæ цъыфæй амæстæй.

Æрæджиау ма мæ зæрдыл æрæфтыд, хæдзармæ цæуын дæр ма дзы кæй хъуыди — æмæ катай байдыдтон, куы мæм хæцой, уый тæссæй. Мæ хистæр æфсымæр, хæсты архайæг, æрæджы æрыздæхт æфсадæй, ныр иу къуырийæ фылдæр Тбилисы ис — уæлдæр скъоламæ бацæуыныл архайы. Гъе, æмæ, зæгъын, уæд та уый куы фæзынид, уæд нæхимæ ууыл узæлыныл, цинтыл фæуаиккой, æмæ æз фæсвæд аззаин... Фæкастæн æмæ æцæг иу афицер йæ даргъ цинелы уартæ фæндагæй æрбазынд. Æрбаввахс æмæ æцæг ме 'фсымæр разынд. Баузæлыд мыл, æцæг мæ йæ хъæбысмæ нæ систа, афтæ цъыфæйдзæгтæ уыдтæн. Мæ тæнæг хæлафы фадгуытыл уыйбæрц цъыф ныххæцыд, æмæ йæ комдæлы резинæ нал урæдта, æмæ йыл галиу къухæй уæлæмæ хæцыдтæн, рахизæй та мæ дзоныгъыл. Афтæмæй ме 'фсымæры фæдыл згъордтон къæбылайау.

Раст æй банымадтон: уый руаджы мæм карз уайдзæф не 'рхауд. Мæ хо, иу дыууадæсаздзыд чызг, ме 'фсымæры цырыхъхъытæ ахсадта æмæ, тæвд доныл фæстауæрц кæнгæйæ, уыцы чъизи доны та мæ хæлаф ранхъæвзта.

Абон дæр ма нын худæджы хос фæвæййы, уæд та мын стыр хъыг уыди, мæ хомæ тынг фæхæрам дæн...

УИСОЙÆ ЗОНД

Хъæууон царды алы кары адæймагæн дæр йæхи аккаг куыст разыны. Хæрз сабийæ-иу мæ мæ мад сæрдыгон раджы фестын кодта:

— Цу, дæ нывонд фæуон, уæрыччыты уæртæ къуыбырмæ аздах æмæ, цалынмæ сатæг у, уæдмæ ахизой уымæл кæрдæгыл.

Иу фондз-авд уæрыччы фæдыл бахæццæ дæн хизæнуатмæ. Баййæфтон ма дзы нæ сыхæгты усы йæ æртæ уæрыккимæ. Уый мын афтæ:

— Цæй, æмæ нæ иу хæдзармæ ацæуæд, ам дыууæйæ цы пайда стæм?..

Фæлæ æз ницы мæ хъустыл схæцыдтæн, нæ йæ бамбæрстон, кæй йæ не 'вдæлы æмæ мын æмбарæн ныхас кæй кодта, уый. Иу дæс минуты фæстæ та афтæ зæгъы:

— Уæдæмæ ды ацу уæхимæ, æз сæм фæкæсдзынæн. — Æмæ æз дæр цингæнгæ куы рацæуин хæдзармæ. Мæ мад кæрт мæрзы уисойæ æмæ мæ джихæй афарста:

— Æмæ дæ уæрыччытæ цы фæкодтай?

Зæгъын, Надя сæ хизы... дыууæйæ, дам, цæмæн хъæуæм...

— Гъæйтт, афтæ дæ æмæ уфтæ дæ, ацу æмæ йæ арвит сæ хæдзармæ, æмæ йæ райсомы куыстытæ бакæна! — æмæ мыл дзæбæх уисойæ æруади. Æрбаздæхтæн уæнтæхъилæй мæ уæрыччытæм, æмæ мын Надя, гæзæмæ мидбылхудгæйæ, зæгъы:

— Цæмæ ма æрбаздæхтæ, æз ам фаг нæ дæн?

Сæргуыбырæй, мæ къæбуты дудгæ сырхытæ æууæрдгæ йын къæмдзæстыгæй афтæ зæгъын:

— Ды ацу уæхимæ — мæн фæнды лæууын сæ цуры.

Йæ мидбылты худгæ ацыд... Æппæт дæр бамбæрста сылгоймаг.

ГАЛ — ИУ ПУТ МÆНÆУЫЛ

Мæ фыды æфсымæр-иу кæстæртæн рагон хабæрттæ дзураг уыд. Иу хатт та нын стонг 1930-æм азты тыххæй дзырдта, адæм куыд тыхстысты, цас хъизæмæрттæ æвзæрстой, уыдæттæ.

— Мæ къонатæ, афтæ стыхстыстæм æнæ хойрагæй, æмæ æз æртæазыккон гал гуырдзыйы горæт Хашурмæ аскъæрдтон æмæ йæ пут мæнæуыл баивтон.

Æз, кæд æнахъом уыдтæн, уæддæр сарæхстæн афтæ зæгъын стыр лæгау:

— Абел, æмæ пайдадæр нæ уыдаид уыцы галæн йæ дзидза бахæрын?

— Гъе, мæ хæлар! Дзидза дæр æнæ хойрагæй хъуыры нал хызти, æмæ уыцы мæнæуы ссадæй тæнæг цымгæтæ кодтам — йемæ æнцондæрæй хордтам дзидза, кæрдæджытæ кæнæ халсартæй конд хæринæгтæ.

ЦЫ ФЕСТЫ МÆ ЗАРДЖЫТÆ?!

Фæндзайæм азты нæ хъæумæ дæр радиойы телтæ æрбахæццæ, æмæ адæм, уæлдайдæр сабитæ, тынг цин кодтой. Иу сæрдыгон бон та радиойæ ирон зарджытæ лæвæрдтой æмæ йæм сыхæгты къаннæг лæппу цымыдисæй хъусы.

Уæд æм йæ мад æрбадзырдта, Валерик, родты фæдыл, дам, ауай сæрвæтмæ. Лæппу радио æрзылдта, иу хатт ма йыл йæ хъус авæрдта æмæ йæ ницыуал мыртæ дзы хъуысы, уый куы бауырныдта, уæд азгъордта.

Родтæ хизынæй куыд æртардта, афтæ уайтагъд радиомæ фæцис йæ зарджытæм байхъусынмæ. Фæлæ уый уырыссагау цыдæртæ дзырдта. Лæппу мадмæ фæцис:

— Чи мын рауагъта мæ зарджытæ радиойæ?!

ХЪÆБАТЫР ЛÆППУТÆ

Не скъолайы 1932 азæй 1956 азтæм ахуыр кодтам гуырдзиаг æвзагыл. Æмæ-иу хъæуы астазон скъолайы дæр арæх куыстой гуырдзиаг ахуыргæнджытæ. Сæ иуы дзы уæлдай бæлвырд бахъуыды кодтон. Æрыгон лæппулæг Тодадзе, фæлæ йæ Тода хуыдтам. Чи зоны, хорз уды хицау уыд, фæлæ æгæр фæлмæн, æмæ йæм ахуыргæнинæгтæ дæр æгæр уæндон уыдысты, ноджы ма-иу семæ хъазыд, тамако дымдта.

Иуахæмы йæ хистæр кълæсты лæппутæ фæрсынц:

— Тода, æмæ чызджытимæ дæр фæтезгъо кæныс?

— Нæ, æз устытимæ фæтезгъо кæнын, фæлæ ис ахæм хъæбатыр лæппутæ дæр, æмæ чызджытимæ чи фæтезгъо кæны.

ЦЫ ШВОЛОЧТÆ МЫН ДЗУРЫ?!.

Æндæр, дæрддзæф хъæуы скъолайæ нæм дыууæ лæппуйы æрбацыд. Æвæццæгæн, сæ хъуыддæгтæ сæхи скъолайы сæ хуыздæртæй нæ уыдысты. Арæх-иу цухтæ кодтой, ахуыр дæр ардыгæй дæумæ.

Химийы урок цæуы, фæсте бадынц ацы дыууæ лæппуйы, урокмæ нæ хъусынц, хъæлæба кæнынц. Ахуыргæнæг сæм смæсты æмæ дзы сæ иумæ фæдзырдта:

— Пилиев, фæйнæгмæ-ма рацу!

Арсы хуызæн лæппу партæты 'хсæнты тыххæй рабырыд. Ахуыргæнæг ын тызмæгæй зæгъы:

— Мел сис æмæ мын ныффыс щелечтæ!

Лæппу, «щелечь» циу, уымæн ницы зыдта, хъусгæ дæр æй никуы фæкодта, фырмæстæй рафыхти æмæ мах, мæстæй фыцгæйæ, афарста:

— Ай мын цы шыволочтæ дзуры?!.

ПИЛИЕВ, «Б» КЪЛАСЫ ГÆБÆРАЕВ ДЕ 'ФСЫМÆР У?

Дæсæм «б» къласы Гæбæраты Вася æмæ мах «а» къласы Плийы-фырт æнгæсæнтæ уыдысты. Ног æрыгон чызг ахуыргæнæг нæм фыццаг хатт æрбацыд, немæ базонгæ, фæлæ дын Плийы-фырты куы афæрсид:

— Пилиев, «б» къласы цы Гæбæраев ахуыр кæны, уый дæ хæрз æфсымæр у?

Æнæхъæн къласæй дæр куы ныххудтыстæм, уæд чызг фæсырх æмæ ма афтæ бакодта:

— Барæй йæ бафарстон, уæдæ цæуыл ахудтаиккам æндæр...

ХÆЛÆГ

Цхинвалы нывгæнæгыл ахуыргæнæндоны мын уыд тынг хъæлдзæг, зæрдæхæлар æмæ дзырдарæхст æмбал Вадик. Уыд рагуалдзæг, хур мадау рæвдыдта, уынгты мит батад, æмæ фæндæгтыл митдоны цултæ айдæнтау æрттывтой хурмæ. Мах тезгъо кæнæм, нæ ныхмæ дыууæ æрыгон чызджы æрбацæуынц. Вадик ныддис кодта:

— О, о, о! Уартæ цы рæсугъд чызг æрбацæуы!

Æз дæр æй афарстон:

— Сæ кæцыйæ зæгъыс?

— Иннæмæй, — загъта æмæ худæгæй бакъæцæл.

Цæуæм та дарддæр. Иу хæдзары раз дыууæ æрыгон чызджы лæууынц. Æрыгондæр — рæхснæг, рæсугъд, ставд даргъ дзыккутæ йын. Æнæдыс къабайы бæласы зæнгыл банцой кодта æмæ йе 'мбалимæ цæуылдæр сабыр ныхас кæны. Вадик чызгмæ ныккаст æмæ æнкъардæй афтæ бакодта:

— Тæхуды, æмæ æз уыцы бæлас куы фестин!..

Чызг йæхи бæласæй æваст куыд фæиртаста, уый нын худæджы хос фæци.

РАТУ

Дзауы комы хох æрлæбырд æмæ Леуахийы дон ныццауæзта. Сырæзти дзы дынджыр цад, æмæ йæм адæм уынынмæ цыдысты. Мах дæр æм иу авд лæппуйæ ацыдыстæм. Нæ къамтæ фæистам, фæзылдыстæм рæсугъд бынæттыл. Æрæджиау бæрзонд хохыл суыдтам дынджыр сырх стъалы егъау къæйдурыл. Къахвæндаг æм цæуы, фæлæ æгæр бафæлладыстæм уырдæм хизынæн. Фæлæ, уырдыгæй ракæсгæйæ, цы рæсугъд æнкъарæнтæ райгуырид лæгмæ, уыдон нымайæм: чи æрдз сныв кæнид, чи — уым хорз фæминас кæнид, чи дзы къамтæ фæисид, чи дзы йæ уарзон чызгимæ бæргæ куы фестид...

Алчи дæр нæ йæ фæндон загъта, иу сабыр, мадзура лæппу Юрикæй фæстæмæ. Нал æй уадзæм, ды та дзы цы саразис, зæгъгæ.

Æрæджиау схæц-æрхæцгæнгæ афтæ зæгъы:

— Тæхуды, уырдыгæй рату кæн, цымæ кæйонг рахауид?

Уæдæй фæстæмæ Рату сси йæ фæсномыг.

НÆ ХЪÆУЫ ЦАРДÆЙ

Кæд Куатетрийы хъæуы Фыдыбæстæйы хæсты фæстæ азты цыппар сыхы цардис 400 хæдзары онг, уæд ма дзы абон, гуырдзыйы æрбабырсты фæстæ, цæрынц иу15—20 хæдзары, сæ бинонтæ та — иугай-дыгай зæрæдтæ.

Фæлæ, дам, цард цæуы æмæ фарн йемæ хæссы... Æмæ та дзы кæд цард сæндидзид нæ хъæу æмæ йæ хъæздыг уæрæх быдырты раздæрау.

ДЗÆГЪÆЙЛАГ РУХСЫТÆ

Нæ хъæуккаг зæронд лæг Готтыр Чъребайæ фистæгæй æрбаздæхт сæхимæ — уæд нæм автобустæ нæма цыдысты. Йæ фæндаг гуырдзыйы хъæу Дирбыл ракодта æввахсдæрæн. Сæ уынгты цырæгътæ сæрдыгон изæр тæмæнтæ калынц. Мах хъæу та талынг — телтæ та кæмдæр гуырдзыйы зæххыл аскъуыдысты. Готтыр бацыд сæхимæ æмæ мæстæйдзагæй хъуыр-хъуыр кæны:

— Ацы дзæгъæйлаг рухс ардæм нæма схæццæ ис? Уæдæ Дирбы цæй тынг судзынц сæ цырæгътæ?!.

ГОДОЙЫ БÆХ

Годо дзырдарæхст, æмгарджын лæг уыд. Йæхæдæг — бæрзонд, бæзæрхыг, йæ бæх та — къаннæг, фæлæ тыхджын æмæ фæразон.

Адæмимæ æмбæлын йæ уд, йæ дзæцц уыд Годойæн æмæ-иу йæ бæхыл арæх цыд комбæсты. Алы хъæуы дæр ын зонгæтæ уыд. Хабæрттæм хъусын æмæ хабæрттæ дзурын уарзта. Æмæ-иу ыл йæ зонгæтæй исчи куы фембæлд, уæд-иу йæ бæхы баурæдта æмæ — дардыл ныхæстæ. Бæх дæр фæцахуыр. Æнахуыр лæг сыл фембæлд, зæгъгæ, уæд-иу йæхæдæг рагацау æрлæууыд.

Иу хатт ыл Годойы фырт Чъребамæ ацыд. Горæтмæ куы æрбаввахс, æмæ адæм сæ фæрсты дыууæрдæм куы кодтой, уæд бæх ныллæууыд, нал цæуы, фæоцани, барæджы коммæ нал кæсы. Изæрдалынгтæм афтæ фæлæууыдысты.

ГÆБÆРАТЫ ФÆТК

Гæбæраты фынгыл сыкъа æппарын нæ фæччыди, раджы кæддæр сæм уый тыххæй лæгмæрдтæ кæй æрцыд, уый хъуыды кæнгæйæ. Хъуыддаг, дам, рауад афтæ: ноздджын уазæг куывды афтид сыкъа уырдыгыстæджы сыхырнамæ æппæрста, фæлæ сыкъа сыхырнамæ нæ, фæлæ уырдыгыстæджы сæрыл бауад æмæ йын йæ туг акалдта. Афтæмæй хъаматæ сæ куыст бакодтой расыг адæмы къухы дыууæрдыгæй.

Годо нæм уазæгуаты сæмбæлди иу кусгæ бон, ныр хæдзары ничи ис зæронд куырм Была æмæ гыццыл лæппу Закройæ дарддæр. Была Закройæн фынг авæрын кодта, гыццыл дурыны дзаг сæм арахъхъ дæр разынд. Закро сын уырдыг лæууы. Куырм зæронд лæг Хуыцаумæ скуывта, уазæджы æмæ йыл сæхи бафæдзæхста æмæ банызта. Сыкъа йе дзагæй Годомæ æрхæццæ. Иу цæстæй Годо гыццыл дурынмæ кæсы, æмæ Гæбæраты æгъдау йæ зæрдыл æрæфтыд. Акуывта, арахъхъ анызта æмæ сыкъа Закромæ баппæрста. Саби уæвгæйæ Закро фырмæстæй цæхæртæ

акалдта, йæ хъаст Быламæ бахаста, уазæг, дам, сыкъа аппæрс-та, зæгъгæ. Была афтæ зæгъы:

— Байдзаг æй кæн æмæ йæм æй ратт.

Годо ивар банызта æмæ та йæм сыкъа баппæрста.

З а к р о: — Была, уазæг та йæ сыкъа аппæрста.

Б ы л а: — Æртæ йын бадар фæд-фæдыл.

Годо фыццаг банызта æмæ йæ сыкъа радта Закромæ, дык-каг дæр афтæ. Æртыккаг банызта æмæ та сыкъа баппæрста.

З а к р о: — Аппæрста та йæ сыкъа.

Б ы л а: — Фондз ын бадар.

Цыппар сыкъайы ма рантыст дурынæй. Годо дæр бахудтис, йæ былтæ асæрфта æмæ афтæ зæгъы:

— Уæ цæрæнбон бирæ, Гæбæратæ, хорз фæтк æрхъуыды кодтат.

ЗАКРОЙЫ КÆНГÆ ÆФСЫМÆР

Закромæ фыццаг дунеон хæстмæ æрсидтысты. Хицауадæй йæм лæг æрцыд æрсидты гæххæттимæ. Фæндаг хъæумæ уæлмæрды фæрсты цыд. Уыцы рæстæджы Закро уым йæ фыды ног ингæны уæлхъус æнкъардæй лæууыд. Лæг æй бафарста, ам, дам, Гæбæраты Закро кæм цæры, зæгъгæ. Закро йæм бакаст, йæ зæрдæ йæ базыдта æмæ йæ бафарста ды, дам, чи дæ, цæмæн æй агурыс. Лæг ын бамбарын кодта, чи у æмæ Закройы цæмæн агуры, уый.

Закро йæ цæстытæ асæрфта æмæ кæугæйæ афтæ зæгъы:

— О, рухсы фæбада, фæлтау тохы быдыры куы басгуыхта-ид! Кæрдзыны къæбæр йæ хъуыры фæбадт æмæ йæ мæнæ ба-вæрдтам. Уый мæ кæнгæ æфсымæр уыди, — æмæ та кæугæ йæ сæр хойы.

Лæг дзы хатыр ракуырдта æмæ фæстæмæ аздæхтис.

ÆРЫГОН МАД

Гекке Пиранмæ хонæг барвыста — абадæм, дам. Пиранмæ дæр уазæг уыд æмæ йын нæ ацыд, мæ уазæгæй худинаг у, нæй мын фадат, зæгъгæ. Дыккаг хатт дæр та æрбацыд хонæг ахæм ныхасимæ, цæмæй уазæджы дæр рахоной æмæ рæстæгыл сæмбæлой. Æмæ уазæг дæр йæхи куы рарæвдз кодта цæуынмæ,

уæд ма Пиранæн цы гæнæн уыд æмæ æвæндонæй ацыд. Геккейæн йæ ус ацæргæ дæр уыд йæхицæй. Фынгтæм йæ хъус дары. Уазæг куы банозтджын ис, уæд афтæ зæгъы фысымæн:

— Маладец, Гекке, хорз æрыгон мад ма дын ис.

Фысым æрæджиау афтæ зæгъы:

— Нæ, мæ хур, уый мæ мад нæу, уый ме 'фсин у.

ХЪАРМ БОН

Сæрды тарфы адæм быдыры нартхор дыккаг рывд кодтой. Сусæны мæйы хур йæ зынг цæстæй куы ныккаст дунемæ, фыртæвдæй улæфæнтæ куы нал уыд, уæд адæм сæ куыст ныууагътой æмæ бæлæсты бын аууоны сæхи бафснайдтой. Чи дон нуазы, чи дзы йæ къæбут хуылыдз кæны фенцондæрæн. Æрмæст ма иу зæронд лæг кусы. Йæ уæлæ йæ фырты фырты æфсæддон бушлат æмæ хъусджын зымæгон худ.

Æрæджиау уый дæр йæ куыст ныууагъта, бацыд бæласы бынмæ, йæ къæпи æрæппæрста æмæ афтæ зæгъы:

— Æвæдза, абон дæр цы дзæбæх хъарм бон скодта, мæрдты дæр мемæ уа!

ИУ МАГУСА...

Иу нæ хъæуккаг лæгмæ зæххытæ бирæ уыд: цæхæрадæттæ, дыргъдæттæ, сæндæттæ. Бинонтæ сæхæдæг сæ кусинæгтыл не 'ххæссыдысты, æмæ-иу кусджытæ баххуырстой. Сæ цурты-иу хæдзары хицау рацу-бацу кодта æнæдзургæйæ, стæй-иу афтæ бакодта:

— Ех-х, мæ кусджытæй иу, магуса цы вæййы, уый у æмæ йын æй изæры зæгъдзынæн, — ома мызд фидгæйæ. Кусджытæй алчи фысымы уайдзæф йæхимæ æмбæрста æмæ-иу æз хъазуатондæрæй куыстой.

ДЫУУÆЙЫ ФАГ

Ингæнкъахджыты абæрæг кодтой æгъдауимæ мæрдджынты хæдзарæй. Чидæр сæ сдызæрдыг, гыццыл ингæн уын ма рауайæд, зæгъгæ. Уыдонæй иу фæцырд:

— Цытæ дзурыс! Ам дыууæ марды дæр бацæудзæн!..

НАРД УАРАЙ

Иу лæг нæм ахуыргæнæг уыд, фæлæ æнæфенд митæ кодта. Цины уа, зианы уа, дзидзатæ-иу йæ тамакойæ бур къухтæй фæравзар-бавзар кодта æмæ-иу дзы хуыздæр æмæ стырдæр кæрдих систа, стæй-иу йæ фарсмæ бадджыты афарстаид:

— Ай уæ искæй хъæуы?

— Никæйуал! Хæлар дын уæд!

Уалынмæ йæ фыд куы 'рбамæлид. Адæм дæр æм хæрнæгыл бадынц, уæдæ цы. Уалынджы зианджын фынгмæ 'рбацыд арфæ кæнынмæ. Иу чидæр дынджыр хай систа æмæ йе 'мбæлттæм адзырдта:

— Ай уæ искæй хъæуы?

Зианджын дæр иннæтимæ худтис.

РОХГÆНАГ

Быттыр базæронд и. Адæм æй æвронгæй хорз, æгъдауджынæй зыдтой, фæлæ-иу гыццыл фæхъæстæ, уæд-иу йæхицæй æлгъыста, æвзæр дзыхæй дзырдта. Сыхаг хъæуæй нæм æрыгон лæппу тракторыл куыста. Уымæн дæр йæ мады ралгъыста. Лæппу йын хистæры хатыр ныккодта, ницы йæм сдзырдта.

Дыккаг бон Быттыры фæрсы, куы ницы дын ракодтон æвзæрæй, уæд мын мæ мады цæмæн æлгъыстай, зæгъгæ. Быттыр ард хæры, сомы кæны, ницы, дам, хъуыды кæнын. Фæлæ та йыл изæры куы амбæлд расыгæй, уæд та йæ ногæй æнæфсарм ралгъыста.

Лæппу дæр нал бабыхста æмæ Быттыры ахсджиагдæртæн хорз арфæтæ ракодта.

Райсом Быттыр лæппуйæн уайдзæфтыл куы схæцид. Адæм кæрæдзимæ фæрсæджы каст бакодтой. Лæппу дæр æй цæхгæр афарста:

— Æмæ, расыгæй цы фæдзурыс, цы фехъусыс, уый куынæ бахъуыды кæныс, уæд дæм ныр куыд бахъардта?

Уæдæй фæстæмæ Быттыр никуыуал никæй ралгъыста.

РАДГÆНÆГ

Зондæй цауд лæппуйæн йæ хъæздыг ныййарджытæ ус æрхастой. Чындзæхсæв ахицæн, уазджытæ сæ фæрныг хæдзæрттæм

фæцыдысты. Лæппуйы чызджы фарсмæ тыхтæй-амæлттæй схуыссын кодтой. Дыккаг æхсæв дæр та йæ æрвитынц, фæлæ лæппу нæ комы. Иу хатт ын загътой, дыккаг, æртыккаг хатт, æмæ уæд лæппу фæхъæр кодта:

— Гъеныр та дзы æндæр исчи схуыссæд, æз алы æхсæв цы уынгæджы фæдæ?!.

ÆЦÆГ ИУМÆ, ИУМÆ!

Цины фынджы уæлхъус бадгæйæ, адæм срæдау вæййынц, кæрæдзийæн нуазæнтæ фæдæттынц. Ахæм уавæры бахауд Паулик дæр æмæ, чи йæм хатыд цæмæй уыдон дæр фæнозтджын уой, уый тыххæй иунæгæй нæ разы кодта баназын.

Фæлæ йын уæддæр фегæр. Иннæтæ сæ хæдзæрттæм заргæ фæцыдысты, Паулик та фынгыл дæлгоммæ фынæйæ баззад. Фысымты ног чындз æм бацыд æмæ йын аивæй йæ хъусы бадзырдта:

— Паулик, рацу æмæ дæхи æруадз.

Базмæлыд Паулик, банхъæлдта нуазын та йын кæнынц æмæ цъынд цæстæй сдзырдта:

— О, о! Æцæг иумæ, иумæ!

Чындзы уадултæ сырх-сырхид афæлдæхтысты æмæ феддæдуар.

Уæд та йæм хæдзары æфсин æрхатыд:

— Паулик, мæ хур, рацу æмæ сынтæджы баулæф, — æмæ йын йæ цонгыл схæцыд. Паулик дæр та ног фæкодта:

— Æцæг иумæ, иумæ!

ФЫДБЫЛЫЗ

Нуца æнкъардæй фæцæуы Чъребайы. Йе 'мхъæуккаг ус Гыгы йыл амбæлди. Кæрæдзийæн салам радтой, хабæрттæй фæрсынц:

Гыгы: — Цæй æнкъард дæ, Нуца, исты хабар?.. Мæ мард фен, ма ку!..

Нуца: — Куыд нæ кæуон, куыд, мæ лæппу Дзабо куы рахауд, уæд?! — æмæ Нуца хъæрæй ныккуыдта.

Гыгы: — Мæгуыры сау бонтæ!.. Кæцæй, куыд?..

Нуца: — Æртыккагæй, æртыккагæй, мæ сæр амæла!..

Гыгы: — Мæ арт бауазал, æмæ дын куыд у? Хуыцау бахизæд!.. Кæм и?

Нуца: — Изæры нæхимæ æрцæудзæн, йæ мад амæла!
Гыгы: — Æгайт-ма сæрæгас баззади! Кæцæй рахауди, загътай?
Нуца: — Уалæ институтæй, æртыккаг фæлварæнæй!
Гыгы: — Ацу, ме 'нæуынон фæу, æмæ Дзабойы низтæ бахæр!

УРС ЛОБИАТÆ

Райсомæй сæ фос рауагътой хъæубæстæ. Сылгоймæгтæн ныхас бацайдагъ. Æвзарын байдыдтой, хъæуы фæсивæдæй ахуырмæ чи бацыд, чи нæ бацыд, уыдæттæ. Уæлæ, дам, Тасолты Сона, мæгуыр, нæ бахауд институтмæ, уымæн æмæ йын условиятæ нæ уыд. Зæронд ус Нано бахъынцъым кодта:

— Мæ сæр амæла, æмæ цы зыдтон, уый йеддæмæ йын æз радтаин урс лобиатæ, мæ уæлхæдзары ма мæм иу-дыууæ голладжы куы ис!..

ДÆ ЗÆД, ДÆ ЗÆД!..

Иу лæг нæм искæй фынджы уæлхъус йæхиуыл нæ ауæрста хæрд-нозтæй. Сыкъа-иу быннуæзт акæнгæйæ, йæ былтæ дæр асдæрдта æмæ-иу афтæ бакодта райгондæй:

— Дæ зæд, дæ зæд!.. Уæдæ ацы нуæзт чи æрхъуыды кодта, Хуыцау уымæй лæгдæр нæма рафæлдыста а дунейы.

Кæд-иу стæм хатт йæхи хæдзары бадтысты, уæд, сыкъа йæ дзыхмæ схæсгæйæ, йæхи сæнцъылдтæ кодтаид æмæ иу арф ныккæрзыд:

— Цымæ, ацы нуæзт чи æрхъуыды кодта, уый дæр лæг уыди?! Ацы нуæзт лæгау лæг хъуамæ йæ дзыхмæ дæр ма схæссид!..

ДÆ РАЙСОМ ХОРЗ, ПИРАН!

Нæ хъæуы алы карæны лæгтæ къордæй гуырдзыйы хъæу Дирбы уыдысты. Пираны æрдхорд Котуашвили Сега сыл фембæлд æмæ сæ йæ хæдзармæ фæхуыдта. Цæл-минас кæнынц. Джангел, æрыгон лæппу, æнæкувгæйæ йæ сæн ануазы. Æмæ фысымы зæрдæмæ уый нæ цыд. Пиран æй фембæрста: гуырдзыйæн се 'нахъом сабитæ дæр кувын фæлварынц фынджы уæлхъус.

Пиран Джангелæн иронау бамбарын кодта, чысыл-иу акув, зæгъгæ.

— Хорз, — зæгъы Джангел.

Минас дарддæр цæуы. Сидты рад Джангелмæ куы ’рхæццæ ис, уæд фестад, фæлæ гуырдзиагау нал фæцарæхст æмæ иронау срæцыгъта уалдзыгон изæрмилты:

— Дæ райсом хорз, Пиран!

Фысым иронау нæ зыдта, афтæ банхъæлдта, уымæн ракуывта æмæ йын арфæтыл схæцыд:

— Мадлоб, мадлоб, шени чъири ме (бузныг, бузныг, дæ рын бахæрон)!

РÆДИЙЫНГÆНÆГ

Чымытъа фæцæуы фæззыгон талынг изæр Дудунайы цæхæрадоны цурты æмæ бацыбæл рæгъæд сæнæфсиртæм. Фæлæ йæ зоны, Дудуна йæ исбон æхсæв дæр хъахъхъæнгæ кæй фæкæны, уый. Лæууы Чымытъа æмæ хъусы, фæлæ ницы уынæр хъуысы. Уæд, хъуыддаг раиртасыны охыл, бахъæр кодта:

— Дудуна, ам дæ?

Дудуна зондджын зæронд лæг уыд. Барæй йæхи ныхъхъус кодта, кæддæра дарддæр цы уаид, зæгъгæ. Уалынмæ цыдæр къæрцц фæцыди, пыхсыты сыбар-сыбур æрбайхъуыст, æмæ Дудуна дæр уынæрмæ йæхи баввахс кодта. Уыцы рæстæджы мигъты ’хсæнæй мæй дæр разынд, æмæ Дудуна Чымытъайы йæ сæнæфсиртæ тонгæ баййæфта. Фæлæ йæхæдæг ницыма сфæрæзта сдзурын, афтæ дын ыл Чымытъа йæхи куы сцæгъдид:

— Худинаг дын уæд, худинаг, Дудуна! Цæмæн мæ фæрæдийын кодтай, дæхи мын цæуылнæ схъæр кодтай?!

ГУЫБЫНХÆЛД

Пиран æмæ Пеза гуырдзыйы хъæу Церонисмæ гал уæрдæттыл ссинæгтæ аластой. Бирæ адæм дзы баййæфтой куыройы æмæ æгæр афæстиат сты, сæ хæринæгтæ дæр фесты. Афтæмæй цыппæрæм бон се ссæдтæ раластой. Цæуынц æххормагæй. Лыстæг хъæддаг хъæдур хъуыдыдыйæ фæндаггæрон хуымты — хæрх. Пеза фидæрттæ конд бæзæрхыг лæг стонгæн къаддæр быхста æмæ хъæдуртæй ахæр-ахæр кодта. Гъемæ йæ гуыбынæй хъæрзын байдыдта. Сæхимæ ма тыххæй схæццæ сты. Пиран рæвдз голджытæ ракалдта, йæ уæрдоны абадын кодта Пезайы æмæ йæ рынчындонмæ аскъæфта.

Уым Пиран суади дыккаг уæладзыгмæ, дохтырæн цыбыртæй бамбарын кодта хъуыддаг æмæ фæстæмæ рынчынмæ æрuади. Ныфсытæ йын æвæры, ус-дохтыр дæм рацæуы, дæхиуыл фæхæц, зæгъгæ. Пезайы базонын фæндыд, ома дæсны дохтыр у, фæлтæрдджын у, фæрсгæ та бакодта:

— Æмæ хорз ус у?

— Мæлæтæй уал фервæз, ус дæ æндавы ахæм уавæры?! — сбустæ йыл кодта Пиран.

ÆВЗÆРÆЙ ÆВЗÆРДÆРТÆ

Пиранмæ уазæгуаты æрцыд йæ мады æрвад Зари. Пиран æй фæдзæхсы, цæмæй уæлдай дзырд ма кæна, сыкъа ма æппара фыдæнæн æмæ афтæ дарддæр. Науæд, дам, Закро æмæ Парелайы дæр хонын дæ номыл куывдмæ æмæ сæ дæхи хъахъхъæн.

Зари былысчъилæй афтæ бакодта:

— Æмæ чи сты Закро æмæ Парела та мæнæн?

Куывд райдыдта. Зари дзырдта æмæ дзырдта, Пираны фæдзæхст мурмæ дæр не 'рдардта. Сыкъа дæр цалдæр хатты аппæрста.

Закро æмæ йæм Парела рамæстджын сты æмæ йын ивар ивары фæдыл дзæбидыры сыкъайæ бадардтой. Зарийæн фынгыл йæ сæр хаудæй баззади.

Куы æрчъицыдта фæскуывд, уæд æм Пиран хæцы, нæ дын дзырдтон, Закро æмæ Парелайæ дæхи хъахъхъæн, зæгъгæ.

Зари аракæс-бакæс кодта æмæ, йе 'фхæрджытыл йæ цæст куынæ 'рхæцыд, уæд загъта:

— Æмæ куыд уадзут уæ фынгтæм уыцы æвзæр Закро æмæ Парелайы?!

УАЗÆДЖЫ ÆРТÆ ГÆДЫНЫХАСЫ

Хистæртæй-иу арæх хъуыстон мæ сабибонты, зæгъгæ, уазæгмæ ис æртæ гæды ныхасы:

«Уазæг стонгæй куы мæла, уæддæр фæзæгъы: «Æххормаг мын нæу».

Уæдæ бынтон фæлладæй та афтæ бакæны: «Фæлмæцыд нæ дæн».

Хуыссæг æй йæ быны куы скæна, уæддæр фæзæгъы: «Ма тыхсут, фынæй кæнын мæм нæма цæуы».

КУЫ УÆНДИН, УÆД НÆ ХÆРИН, НÆ!

Хуссар Иры иу хъæуы уазæг фынгмæ не 'внæлдта. Æфсин æм зæрдиагæй æрхатыд:

— Ахæр ма, Микка, дæ нывонд фæуон, нæ уæндыс, цы?

— Куы уæндин, уæд нæ хæрин, нæ! — срæцыгъта уазæг йæ зæрдæйы сусæг сагъæс.

ХÆРДДЖЫН

Иу нæ хъæуккаг лæг, ног сиахс уæвгæйæ, йæ каистæм уазæгуаты бафтыд. Бинонтæ йыл бацин кодтой æмæ, фынг куы сцæттæ, уæд æм хатынц:

— Æххормагæй дæ амардтам! Æрбабад æмæ исты ахæрæм.

Сиахс ныфсæрмытæ ис:

— Бузныг, ницы мæ хъæуы, æндæрæбон, нæхицæй куы цыдтæн, уæд дзæбæх ахордтон...

РАЗДЕНЫ ЧЫЛАУИ

Иу мæгуыр лæг нæм хъомгæс цыди бæрæг мыздыл, стæй ма йын хъæубæстæ радыгай æхсæвæр хæрын кодтой. Иу изæр та йæ фос хизæнтæй æртардта, радон фысымтæн сæ фос сæ кæртмæ баздæхта æмæ сæ фæдыл чъызгæ бацыд, кæрты бæласы бын бандоныл йæхи æруагъта. Æнцад бады, æнхъæлмæ кæсы, уæдæ йæ фысымтæ кæд æрхъуыды кæндзысты, зæгъгæ. Уыдонæн сæ хæринг цæттæ нæма уыд, æмæ уал ын æфсин йæ разы тæбæгъы рæгъæд чылауитæ авæрдта. Æххормаг лæгæн цас ахæринаг уыдысты иу-авд чылауийы, фæлæ ма дзы иу фæуагъта тæбæгъы: фынгисæггаг...

Æрæджиау æй æфсин фæфиппайдта æмæ йæм бахатыд:

— Разден, уыцы чылауи ма цæмæн фæуагътай, ахæр æй, ныртæккæ æхсæвæр дæр сцæттæ уыдзæн!..

— О, о, бузныг, дæ рынтæ бахæрон, бузныг, нал мæ хъæуы, абон уал мын уыдон дæр фаг уыдысты. Сомизæр уæм зындзынæн...

ÆГЪДАУЫ УÆЗ

Иу стдæс азы мыл цыдаид, афтæмæй сæрды тарфы иу бон Дзауæй Къодибын хъæумæ фистæгæй фæцæйцыдтæн. Хæххон хъæу Бузалайы нарæг гакъон-макъон уынгты цæуын. Иу хæдзары дуармæ ауеоны бады æртæ сылгоймаджы. Хистæр, иу нæуæдзаздзыд, тæбын æлвисы къуымбилæй, астæуккаг — иу æвдай азы карæн — цъында бийы æмæ æртыккаг — дæс æмæ ссæдз азмæ æввахс ыл цыдаид — йæ хъæбысы сывæллон рæвдауы.

Сылгоймæгтæ, мæн ауынгæйæ, сæ куыст фæуагътой æмæ уырдыг фестадысты. Хистæр ус йæ къухтæ йæ риуыл дзуарæвæрд акодта æмæ мын мæ иударон бонхорзæн дзуапп радта:

— Стыр Хуыцау дын арфæ ракæнæд, хъæбул! Лæгтыдзуарæй фæдзæхст у, æххуысгæнæг дын уæд дæ цардвæндаджы!

Стæй мын æртæ сылгоймаджы дæр лæугæйæ сæ сæртæй ныллæг акуыввтой.

Уыцы сылгоймæгты æгъдау æмæ кады уæз абон дæр ма æнкъарын, фæндзай азы фæстæ...

ФИДАРАТЫ Руслан

ÆМБÆХСЫ РÆСТÆГ ГАМХУДЫ

УАЛДЗÆГ

Мæнæ та диссаг,
Мæнæ та уалдзæг!..
Риссæгтæ исаг,
Хъарутæ уадзæг...

Къалиу нывджынæй
Райхæлд мæ сæрмæ.
Зæрдæ ныфсджынæй
Кувы йæ сæрдмæ.

* * *

Дæ уалдзæг — тау, дæ фæззæг — най...
Дæ хур дæм рагау нал худы.
Дæлæ кæнай, уæлæ кæнай —
Æмбæхсы рæстæг гамхуды...

Дæлæ кæнай, уæлæ кæнай —
Æмбæхсдзæн рæстæг гамхуды...
Дæ уалдзæг — тау, дæ фæззæг — най...
Дæ фыртыфырт дæм бахуды...

* * *

Бырын хæрдмæ, куыд мын и мадзал,
Дзæмбыйау архайын ныхæй.
Уæлиау рындзыл ис мæ адзал,
Бырын уæддæр, бырын тыххæй...

Ысхылдтæн: ничи ис мæ разы.
Мæ дзæмбытæй лæдæрсы туг.
Дæн сабийау мæхицæй разы.
Лæгау мæ разы нæй мæ дуг.

Мæ дуг, дæ хъоргъойы мæцыдтæн
Æз уал азы цымæ цæмæн?
Мæ сæфты бæрзондмæ фæцыдтæн.
Уынын дæ æз, нæ уыныс мæн.

Нæ уыныс мæн, нæ уыныс никæй,
Нæ уыныс бур къуыбыртæ, хох...
Мæ дуг, уæдæ, мæ дуг, ныр — чи кæй?
Мæ дуг, уæдæ — мæлæтдзаг тох!

* * *

Зæрдæйы хъæн-ностæ...
Царды хъæдгом, нос...
Ма мын кæнут хостæ —
Нæй мæ низæн хос.

Чи зæгъдзæн: «Зондаби»,
Чи зæгъдзæн: «Æрра»...
Дунейы зонд ам и —
Тутт сæры мæра...

Ма мын кæнут хостæ —
Нæй мæ низæн хос.
Нал атондзæн бостæ
Ныр нывонды фос.

КУАДЗÆН

Ыскæн лæдзæгæй
Дæхицæн бæх
Æмæ хъæлдзæгæй
Ызгъор дзæбæх...

Дæ цинæй алкæй
Фæхайджын кæн.
Сырх-сырхид айкæй
Къуырыче кæн...

Къуыры-къуырыче...
Куадзæн рай!
Зæрдæйы буц чем,
Цæрай, цæрай!..

РУБАЙТЫ Барис

ХЪÆУККАГ ХАБÆРТТÆ

* * *

Моргуаты Бегойæ йе 'рвад боцкъа ракуырдта, рæстæгмæ мæм æй авæр, зæгъгæ. Фæлæ боцкъа фæстæмæ хæдзарыл нал æмбæлы. Бего фæрсы æрвады:

— Боцкъа ма дæ хъæуы?

— Бузныг, бузныг, нæ мæ хъæуы, дæхицæн æй уадз, ибон мын кæй радтай, уый мæ фаг у.

* * *

Боря хъæуы зиантæм нæ цыд. Йæ мад амард йæ хистæр æфсымæры хæдзары. Адæм зианмæ куы æрæмбырд сты, уæд Бего бафиппайдта:

— Афтæ нæ дзырдтой, Боря зианмæ нæ цæуы, зæгъгæ? Уæдæ дæлæ уый чи у?

* * *

Бирæ адæмы астæу Бегойы хорзы кой рауад. Сæ иу сдзырдта, æз Бегойы куынæ зонын, зæгъгæ. Уый йæхæдæг хæстæг лæуд фæци æмæ йæм дзуры:

— Æмæ кæд Моргуаты Бегойы нæ зоныс, уæд ма кæй зоныс?

* * *

Иу рæстæджы Джызæлы байгом кодтой æнæуи скъолаты йæ бон ахуыр кæнын кæмæн нæу, ахæм сывæллæттæн сæрмагонд скъола-интернат. Уыдысты дзы сыхаг республикæтæй дæр. Ахуыргæнæгæй дзы куыста Накуысаты Руслан дæр. Хорз кæй зыдта, ахæм æрыгон нæлгоймаг адæмы астæу йæхицæй æппæлыд. Æгæр куы кодта, уæд ын Руслан афтæ:

— Уæртæ мæм скъолайы дæ хуызæттæ алы къласы дæр дыууиссæдзгæйттæй бадынц. Уым дын райдайæн къласы зонгæйы хатырæй бынат скæндзынæн.

* * *

Сомихаг ӕгъдауджын лӕг Ш. Гриша фосы дохтыр у. Кусгӕ та кӕны зыбыты лӕвар, цыма алкӕмӕй дӕр исты хӕс дары. Иронау йӕхи мадӕлон ӕвзагӕй хуыздӕр зоны.

Иу зианы, кӕрт кӕй бар уыд, уый хъӕрӕй фӕсидти:

— Уӕ хорзӕхӕй, ирон адӕм, кӕртмӕ рахизут ӕмӕ зианы йе 'нусон бынатмӕ афӕндараст кӕнӕм.

Руслан Гришайы кӕртмӕ цӕугӕ куы федта, уӕд ӕм дзуры:

— Гриша, ды та кӕдӕм цӕуыс, нӕ фехъуыстай, куыд загътой, уый? Ӕви дӕ рох фӕци, ирон кӕй нӕ дӕ, уый?

* * *

Уазал зымӕгон бон иу зианы Русланы сабӕттӕгтӕ фыссӕгӕй сӕвӕрдтой. Тынг суазал, архайы, исчи йӕ рӕстӕгмӕ куы аивид, зӕгъгӕ, фӕлӕ ничи комы. Уӕд Руслан, йӕ цуры цы хъӕбӕр гӕххӕтт уыд, ууыл уырыссагау «перерыв», зӕгъгӕ, афыста, стъолыл ӕй ӕрӕвӕрдта, йӕхӕдӕг, арахъхъ цы агъуысты хъарм кодтой, уым фӕмидӕг.

* * *

Джызӕлы дуканитӕй иуӕн ӕхсӕвыгон йӕ дуар байгом кодтой ӕмӕ дзы цыдӕртӕ адавтой. Цы ахастой, уымӕй бӕрӕг уыд, ас адӕм нӕ уыдысты, уый. Уӕйгӕнджыты ныхӕстӕм гӕсгӕ, ардӕм арӕхдӕр цыдысты ахуырдзаутӕ. Русланы куы бафарстой, уӕ ахуыргӕнинӕгтӕй гуырысхойаг чи у, уӕд афтӕ:

— Бӕлвырд ӕй нӕ зонын, фӕлӕ уӕртӕ ӕхсӕзӕм къласӕй Васильевы афӕрсӕм, уымӕй дзы ӕргомзӕрдӕ дӕр нӕй.

Уымӕн лӕгъстӕ кӕнын нӕ бахъуыд.

— Ӕз мидӕмӕ нӕ бацыдтӕн, ӕз сын ӕрмӕст гуыдыртӕ бакодтон.

— Дӕгъӕлтӕ та дын кӕм уыд?

— Цыфӕнды гуыдырӕн дӕр телы гӕбазӕй конд гомгӕнӕн фаг у.

* * *

Дзыццыл хъуыстгонд хӕдахуыр адӕмон хосгӕнӕг уыд. Хостӕ кодта, ныртӕккӕ чи скуынӕг, ахӕм нарӕгастӕу даргъ цъӕх хъӕндилтӕй дӕр. Уый тыххӕй йын йӕ мыггаджы схуыдтой хъӕндилхортӕ. Дзыццылы агурджытӕй иронау чи нӕ дзырдта, уыдон дӕр-иу арӕх афарстой, Жук кӕм цӕры, зӕгъгӕ.

Хæст Джызæлмæ куы схæццæ, уæд адæм сæ сæр æфснайынмæ лыгъдысты хъæдмæ, фæлæ, йæ бинонтæй уæлдай, Дзыццыл никуыдæм акуымдта, йæ исбонæн тæрсгæйæ. Иу æхсæв нæхионты сармадзантæ æмæ «катюшæты» æхстæй хъæу æмризæджы ризын байдыдта. Дзыццыл дæр бамбæхсти. Бон куы 'рбарухс, уæд иу немыцаг дæр хъæуы нал уыд. Бæстæ ныссабыр. Фæлæ зæронд лæг афтæ фæтарст, æмæ цы кодтаид, уый нал æмбæрста. Боныгон фæтæгенæй фанар ссыгъта æмæ уыимæ йæ бинонты агурæг ацыд. Куы сæм бахæццæ, уæд, йæхицæй бирæ æнæфенддæр æмæ æнахуыргонддæр чи уыд, ахæм усыл йæхи сцагъта:

— Гормон, Саламон, куыннæ мын загътай, ахæм стыр хæст уыдзæни, уый?!

* * *

Къубалтæ æнæбары Пхалæгатæй фæтудждждын сты. Адæм сæ бафидауын кодтой. Пхалæгатæ æрдомдтой, цæмæй, горæтæй Джызæлмæ фæндаг цы æвзæр æрхы сæрты цæуы, уым тудждждынтæ сарæзтаикккой хид Пхалæгаты номыл. Хид куы срæвдз, уæд æй йæ аразæг, Хъырым ныффæлдыста сæхи мæрдтæн æмæ абон дæр баззад Къубалты хидæй.

* * *

Дойаты сыхы цасдæр рæстæг хъомгæс нæ уыд, æмæ сæхи мидæг дзырдтой, иу хорз лæг нæ хъомгæсæн куы фæуаид, зæгъгæ. Сæ ныхæстæм хъусгæйæ сæ Дойаты Ханджери афарста:

— Раздæр-иу хъæуыхицауæй æппæты хуыздæр лæджы нæ равзæрстой, стæй ныр дæр афтæ нæу?

— Афтæ у.

— Уæдæ дæлæ Гуыдиаты Бухар хъæуыхицау у, уымæй хуыздæр лæг ма кæм ссардзыстут? Æцæг ын, хистæртæ, уæхæдæг зæгъут, æз æм нæ уæндын — мæнæн мæ ахуыргæнæг уыд.

* * *

Торчынты Дæдæбе йæ царды ницы хъуаг æййæфта. Бирæ рæстæг ын уыд хъисын фæндырæй цæгъдынæн дæр. Иуахæмы йæм æххуысгур фæзынди, уынджы йæ комкоммæ чи цард, уыцы æрвад. Дæдæбе йæ цагъд дæр нæ ныууагъта, афтæмæй фæндыры зæлты тактмæ гæсгæ азарыд:

— Гæнæн нæй, ме 'рвад, гæнæн нæй, ме 'рвад...

Бонтæ цыдысты. Æрхæццæ бонджынты кулак кæныны фыдрæстæг. Дæдæбейы мыдыкъусы хуызæн хæдзар къуыввиттæй аззад. Ныр йæхи бахъуыд, уæдмæ цардхъомдæр чи фæци, уыцы æрвады сæр. Уымæн йæ дзуапп уыд цыбыр: рахиз къухæй нартхоры хъæд фелвæста, галиу къух фæтасын кодта, цыма хъисын фæндырыл хæцы, уыйау æмæ азарыд:

— Гæнæн нæй, Дæдæбе, гæнæн нæй, Дæдæбе...

* * *

Барахъты Дзамболат æмæ Пхалæгаты Мырзакка хорз лæгтæ уыдысты, стæй æфсымæрты цард кодтой. Дыууæйæ дæр тагъдтагъд дзырдтой стæй гæзæмæ къæзæнæг уыдысты. Уый-иу тынгдæр фæбæрæг фæйнæ-иу куы анызтой, уæд. Иуахæмы сын «фæйнæйæ» фæфылдæр, кæрæдзи нал æмбæрстой, æмæ уыцы хъизæмарæй фервæзыны охыл Мырзакка фæрæвдз:

— Дза-а-мболат, да-авай по-ру-у-с-с-ки!

* * *

Гуыдиатæй иу хорз лæджы йæхицæй бирæ кæстæр лæппулæг схъиуæццагæй æнæджелбетт фарст кæны:

— Сопрон, цал азы дыл цæуы?

Сопронæн тынг фæхъыг лæппуйы къæйныхдзинад:

— Нæ зонын! Ферох мæ!

* * *

Моргуаты Папа уыд ирон æфсарм æмæ æгъдауыл хæст, кæстæртæн зондамонæг. Иу бон уынджы фæцæуы, æмæ йæ йе 'рдхорд афарста, кæдæм цæуыс, зæгъгæ.

— Уæртæ йæ ирон æфсарм чи бахордта æмæ æвзæр худинаг кæм нæу, уыцы сыхмæ.

* * *

Сыхаг лæппу изæрырдæм Папайы рæзты æрцæуы æд чингуытæ.

— Кæдæм цæуыс ацафон дæ тетрæдтæ тилгæ?

— Дæлæ скъоламæ, вечернойтæм.

— Æмæ дæ боныгон хуры рухсмæ куы ницы рауад, уæд ма дæ æхсæвыгон мæйрухсмæ цы рауайдзæн? И-и...

ДЖИГОТЫ Елбырз

ФЫДÆЛГЪЫСТ

Æгад-æдзытæй ивгъуыйы мæ рæстæг,
Фыдудхæрттæй мæ сау бонтæ хæрын.
Мæ лæгæтмæ фæззыгон мигъ æрхæстæг,
Мæн хаттæй-хатт нæ фæфæнды цæрын.

Нæ гом дуар мын цæгатаг дымгæ хойы,
(Кæд Галæгон æрдзы тыхтæм фæсидт).
Æз бадын цыма Къадаты куыройы, —
Æрбайхъуысы мæм уады хъæр, æхситт.

Цы хуыйны лæг æнæ мæнузæгъæгæй! —
Кæй æрсуры фыдæлтыккон æлгъыст! —
Куы вæййæм сидзæр хорз мады зæнæгæй,
Нæ сæр куыд уа фыдбылызæй уæд хызт?

Æрæджиау мæ ныййарæг куы 'рбамард, —
Уæларвæй цыма расхъиудта мыл дур.
Мæ цæсты сæгад бахæрд æмæ бадард,
Рыст зæрдæмæ та нал бакæсы хур.

Цы бакæнон? — уæдæй нырмæ нæ зонын, —
Уæлхъæд рагъæнмæ хизинаг ысдæн.
Мæ уды хъйамæт сагъæссагæй тонын,
Уæвгæйæ та мæ уаты конд — лыстæн.

Лæг нæм куы фæуа цæхх-кæрдзынæй хъаджджын,
Уæд ма кæмдæр ын искуыдтæй быхсы.
Æнæ хион та цард нæ кæны адджын,
Æппæтæй фылдæр... иунæгæй тыхсы!

2007.25.12

«Мах дуджы» равдыст

Нæ равдысты —
мæздæггаг нывгæнæг
Юри Побережныйы куыстытæ

Мах æмæ сæрд.

Цъырцъырæгты зарæг.



Зæронд сахары фынтæй.

Настяйы удхар.

Æз дæр уым уыдтæн.

Салам чъилхудджынтæн!

Цомут ӕрыскъӕфтӕм!

Зæронд сахар. Æхсæв.

Стъалызгъæлæнтæ.



Дзыгъуыр карк.

Зæронд цад.

Арвæй зæххы 'хсæн, уалдзæг.



Сыфтæрты дыбал-дыбул.

Хур фæцæуы.

Рагон дуртæ.



Кæйдæр æхсынæнтæ.

Сæумæрайсом. *Изæры, дам, уаргæ кæндзæн.*



Ахст цъиу.

Фыййагдон. Кæройнаг сых.

Сабибонты ӕнӕном дон.

МУРАСТЫ Эльбрус

ЙÆ УДЫ ФАРН

Хатгай лæджы зæрдæйы цыдæр æбæрæг катай бацæуы. Æмбаргæ дæр æй нæма фæкæны, сдзурын дæр æй нæ фæуæнды, уæддæр йæ чемы нал вæййы. Цыма йæ сæрымагъзы цавæрдæр къаннæг дзæнгæрджытæ февзæрынц, афтæ бонæйбонмæ бæрæгдæрæй фенкъары се 'нахуыр зæлланг, сæ сусæг фæдисхъæр.

Раст ахæм катайаг хъуыдытæ æнцой нæ лæвæрдтой поэт Кокайты Тотрадзæн, нæуæдзæм азты райдианы фæстаг хатт Гуыцмæзты Алешыл куы сæмбæлд, уæд. (Хуссар Иры хæст йæ тæккæ тæмæны куы уыд, уæд иу хатт тæхгæ-уадæй æрбауад Дзæуджыхъæумæ, йæ радзырдтæ мыхуыры кæй цыдысты, уый тыххæй).

«Алешимæ уыцы бон бирæ фæныхас кодтам, нæхимæ мæм æрбацыд, — мысы Кокайы-фырт. — Ахæм дзурынмондагæй йæ раздæр нæ зыдтон, æмæ мæ зæрдæ фæкъæпп кодта: кæд мыййаг, тæрсы, æндæр фадат ын куынæуал фæуа æмæ тагъд кæны йæ зæгъинæгты ком райхалыныл? Æз хъуыстон йæ ныллæг, фæлмæн хъæлæсыуагмæ æмæ мæхицæн загътон: ацы хæст ын йæ зонд æмæ йæ удыхъæд бынтондæр аивта. Раздæры Алешæй ма баззадысты æрмæст йе 'фсæрмдзаст, рæвдауæг цæстытæ, фæлæ уыдоны дæр цавæрдæр æрхæндæг фæлм фæзынд. Æмæ уæд цыдæр развæлгъау

фæдис мæ сæры фæмидæг: «Ау, Алешыл мæ царды мидæг фæстаг хатт цинтæ кæнын?» Дзургæ-дзурын балкъонмæ куы рахызтыстæм, уæд ын афтæ бакодтон: «Алеш, кæд дæхицæн ардæм, Цæгатмæ, рацæуæн нæй, уæд дæ сывæллæтты уæддæр рарвит». Алеш уыцы хъуыды йæхицæн раджы сбæлвырд кодта æмæ фидарæй загъта: «Æз мæ сабиты куы рарвитон, уæд мæхæдæг дæр фæстæмæ иу къахдзæф акæндзынæн...» 1973 аз. Сусæны мæй. Хаджеты Таймураз, Агънаты Гæстæн, Кокайты Тотрадз æмæ æз (уæд радиокомитеты куыстон) цардыстæм Реданты — фысджыты хæдзары. Мах — дыууæ кæройнаг уаты, Плиты Грис та — нæ хæдфæскъул. Зын бамбарæн нæу, нæ тæккæ цæхæркалгæ кары цытæ кодтам...

Грис, дзуары хуызæн лæг, йæхи ницы уынæг скодта, кæд æй хъыгдардтам, уæддæр. Æрмæст-иу изæрмæ æввахс кæртæй бадзырдта: «Цы гæнæг стут, уæйгуытæ? Æххормагæй нæ мæлут? Багæдзæ кæнут, кæд та Афассыхъо (йæ цардæмбалы хъазгæмхасæнты афтæ хуыдта) истытæ сæрвитид. Уæд-иу уæ хонын ма бахъæуæд».

Иуахæмы нæ къæсæрыл февзæрд Алеш. Йе 'рбахызтæй йæ хæлар уайдзæф фæраздæр: «Хаджейы-фырт, хуссайраг дон дын нæфæтчиаг ссис? Мæ цæстытæ дæм куы ныуурс сты».

Ме 'мбæлттæ сæ бынæттæй фæгæппытæ кодтой. Хъæбыстæ, цинтæ. Æз иуварс лæугæйæ аззадтæн. Æрбацæуæг мæм æваст фездæхт, йæ къух мæм æрбадаргъ кодта: «Алеш». Æнтæф бон уыд æмæ йæ хид йæ къæхты бынæй калд. Бамбæрстон, трамвайы лæууæнæй дæллаг Редантмæ фистæгæй фæцыд.

Раст зæгъгæйæ, æддаг бакастæй йæм фыссæджы хуызæнæй ницы рахатыдтон. Нæ цæрæнуаты сæрмæ фæндаджы былтыл цы фыййæутты уыдтам, уыдонæй ницæмæй хицæн кодта. Йæ ныхасыхъæд — сабыр, цыма йæхицæй дæр æфсæрмы кодта, афтæ.

Хаджейы-фырт ын алы минут дæр йæ «туг нуæзта», мæстæй йæ мардта, уæддæр æм Алеш йæ бæзджын кæсæнцæстыты аууонæй цыдæр уарзæгой каст кодта. Æрмæст-иу хатгай зынанæзына мидбылхудт ахъазыд йе 'нæдаст цæсгомыл. Бæрæг уыд — Таймуразы æлхысчъытыл ахуыр уыд æмæ йæм нæ мæсты кæны. Дыууæ фаззоны хуызæн кæрæдзийыл æнувыд уыдысты. Фæсхохæй дæр уый фенынмæ ратындзыдта...

Грис нæ уатмæ куы 'рбахызт, уæд æппæты фыццаг Алеш фæцарæхст. Уæздан кæстæрау ын йæ бандон авæрдта. Нæ уар-

зон хистæры лæмбынæг фæрстытæн цыбыр, хиуылхæцгæ дзуæппытæ лæвæрдта.

Иуафон Грис йæхи фæцæуæг кодта. Алешæн бафæдзæхста: «Гуыцмæзты уæйыг лæппу, Гафез æмæ мын дыууæ Гиуæргийы фæфæрстытæ кæн. Кæд мын бантыса, уæд сæм а фæззæг зындзынæн...»

Уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыд. Царды уылæнтæ нæ фæйнæрдæм фæхастой, фæлæ Алешы нæ рох кодтон. «Фидиуæг»-иу мæ къухтæм куы райстон, уæд-иу фыццагдæр фысджыты нæмттæм фæкомкоммæ дæн: «Алæ-ма, Гуыцмæзыфыртæн дзы ногæй ницы ис?» Фæлæ мын ахæм хорзæх арæх нæ лæвæрдта. Мыхуыр кæныныл тагъд никуы кодта. Загъта-иу: «Цалынмæ уацмыс мæхи зæрдæйы не сфыца, уæдмæ йæ адæмы рæгъмæ хæссæн нæй».

Фæлæ-иу уæддæр йæ фыстытæй цæуылдæртыл цæст æрхæцыд. Сæ фылдæр уыдысты радзырдтæ æмæ аргъæуттæ. Æмæ диссаг! Цас сæ фылдæр кастæн, уый бæрц мæ сæры фидарæй-фидардæр кодта бæлвырд хъуыды: Алеш ацы хабæрттæ, ацы фæлгонцтæ мысгæ не 'ркодта, фæлæ сæ йæхи цæстæй федта æмæ сæ ныр дзуры, царды куыддæриддæр уыдысты, афтæмæй. Йæ хъайтартæ мæ зæрдæмæ афтæ арф ныххызтысты æмæ-иу мæхимидæг семæ дзурынтыл схæцыдтæн. Дзургæ цы — быцæуы дæр-иу бацыдтæн! Хатгай-иу гуырысхо кæнын дæр райдыдтон: кæд мыййаг, сæнттæ цæгъдын. Кæд уыцы цаутæн мæхæдæг дæр æвдисæн уыдтæн æмæ мын сæ фыссæг æрмæст ногæй мæ зæрдыл æрлæууын кодта...

Ахæм заман-иу мæ дард сабибонтæй мæ цæстытыл ауад æнæферохгæнгæ ныв. Нæ хъæугæрон хъарагъулы мусонг. Мæйрухс изæрты-иу уырдæм тагъд кодтон, цæмæй нæ дард хæстæг Джиоты Данелы диссаджы таурæгътæм байхъусон. Цалынмæ-иу мæ мæ мад кæнæ мæ хистæр хотæ агурæг нæ рацыдысты, уæдмæ-иу мæ зæронд лæджы разæй мæ къах нæ хаста. Дзурынмæ та Данел тынг дæсны уыд. Сæрдыгон стъалыты мынæг æрттывдмæ-иу йæ ныллæг хъæлæс цыдæр алæмæттаг фестад. Гоцъи, Мамиаты Хъарадзау æмæ æндæр хъайтартæ цыма ныртæккæ сæ фæринк кæрдтæй æхсæвы тар фæсурдзысты, афтæ-иу мæм каст æмæ-иу ногкарст хосæй æмбæрзт мусонджы хъилмæ мæхи нылхъывтон. Мæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп-иу ссыд...

Æвæццæгæн, æцæг аив ныхасы ад уæд ахъардта мæ туджы. Æмæ мын уыцы æрдхæрæн æнкъарæнтæ бирæ азты фæстæ мæ зæрдæйы сног кодтой Алешы уацмыстæ. Æвæджиауы цардæгас нывтæ! Лæг сæ кæсынæй не 'фсæст. Раст цыма сусæны мæйы фырдойныйæ мардтæ æмæ сатæг хæххон суадонæй дæ мондæгтæ уадзыс, фæлæ дын дзы бафсисы хъомыс нæй...

Йæ хæдбындур æрмдзæф ноджы ирддæр æмæ бæстондæрæй рабæрæг йæ роман «Дæ уды фарн»-ы. Чиныгкæсджытæ йыл сæ цæст æрæвæрдтой, тæлмацгонд æрцыд æндæр æвзæгтæм. Дзыхъхъы лæуд нæ баззадысты нæ критиктæ дæр: « Алеш нæ æхцон дисы æфтауы йæ фысты тæхудиаг арæхстæй, цард æмæ адæймаджы зонынæй, йæ аивады хъомысджын тых æмæ сфæлдыстадон фæрæзтæй, æвзаджы хъæздыгдзинадæй, — фыста Гусалты Барис. — Ныронг Гуыцмæзы-фыртау адæймаджы арф æмбæхст хъуыдытæм афтæ уырнинагæй, лæмбынæгæй æмæ къæрцхъусæй тынг стæм ирон фысджытæ ныккастысты».

Æцæг дæр, авторæн романы сæйраг герой Матронайы удысконды «æнæсгæрстæй æмæ æнæхурмæхастæй ницыуал баззад, сфæйлыдта йын йæ уды рæбинæгтæ — марг æмæ дзы цардæмбарæг адæмæн хæрам чъизи нæ разынд».

О, йæ уды азым æй сæрæй къæхтæм ныууыгъта, йæхи фæсмонæй хæры, йæ мойы хæдзарæй хæзгулдон кæй сарæзта, уый тыххæй, фæлæ уæддæр йæ ныфс нæ сæтты, уæддæр йæ зæрдæ цæуылдæрты дары. Ивгъуыды æндæргтæ кæм цоппай кæнынц, йæ уд хъуырмæ кæм сси, уыцы талынг уаты æргом кæны йæ тæккæ стырдæр бæллиц: «Ехх, тæхуды йæ цæргæ-цæрæнбонтæ йæ адджын бинонты æхсæн чи арвыста. Цымæ сылгоймагæн йæ адджын бинонтæй зынаргъдæр цы ис ацы царды!..»

Уастæн, дæлæмæ æрхауа, Матронайы хуызæн цардæууæрст уды уыцы хуымæтæг зæххон амондæй дæр чи фæцух кодта! Уазал, афтид къуымы æмбæхсгæ къæрцхъусæй фæлвары исты, уæд та хæрз чысыл удæгас змæлд фехъусын, фæлæ... «Ныр цал æмæ цал азы дæргъы нал фехъуыста хуысгæ уатмæ бинонты уынæр æхсæвы æгуыппæджы. Уый хъусгæйæ адæймагмæ цыфæнды талынджы, цыфæнды фыдфынты дæр хур æрбакæсы, амонды хур. Æвæццæгæн, сылгоймаг цæргæ дæр æрмæст уый тыххæй кæны, цæмæй йæ зæнæджы уынæр хъуса, Хуыцау æй уымæн сфæлдыста, цæмæй йæм хъуыса йæ зæнæджы удæгас ныхас, цæмæй

фыдæбон кæна йæ зæнæджы сæраппонд; фыдæбон кæна, куса æмæ уа амондджын».

Фæлæ Матронайыл амонды хур нал скасти. Кæд дыууиссæдз азы фæстæ йæ сæфт хъæбулы ссардта, уæддæр æмбæрста: «...æнæзæгъгæ йын нæ фæуыдзысты, сæрыстыр цы мадæй у, йæ сæр бæрзæндты цы мады номæй хæссы, уый цæрæнбонты сæрыстыр митæ нæ кодта, фæлæ ма-иу йæ сæр цъыфы дæр кæй атъыста, йæ сæр адæмы къæхты бынмæ кæй ныффидиссаг кодта: сæрыстыр цы мадæй у, ууыл фæстагмæ æгады ном кæй сбадт...»

«Зонаг æмæ æппæтæмбарæг уд»-ы хицау йæ сæрмæ не 'рхаста, цæмæй йæ хъæбул йæ бæрзонд сæр æркъул кæна, йæ хъæбул йæ мады номæй сæрныллæгæй цæуа, адæмы схойгæ цæстæнгас банкъара, æмæ йæхи æрцауыгъта. Йæ раздæры æнæхъола цард æм афтæ æнæуынон фæкаст æмæ йæхицæн æндæр хъысмæт нал уыдта. Ацы æвирхъау цаумæ Гусалты Барис æндæр цæстæй кæсы: «Фæлæ, хъыгагæн, Матронайы мæлæт дæр нæ бахиздзæн фидисæй. Афтæмæй та, тæнзæрдæ фыссæджы бæллицмæ гæсгæ, зондæй фенджын, зæрдæйæ зондджын адæм хъуамæ бараг уой йæ рæдыдыл сæттæгæн æмæ кæрæдзийы цæрайæ цæриккой, хъуамæ мæлæт ма уа фæстаг хос рыст удæн».

Матронайы хъарджытæ æмæ мæлæты размæ ныстуантæй (йæ удхайраг сагъæстæ, дудгæ тухиты кой нал кæнын) лæджы зæрдæ сæнкъуысы. Дойнаг дур дæр фæркгай фæхаудзæн. Мæнæ цы фæдзæхста йæ царды фæстаг уысм йæ хъæбулæн, бæндæны кæрон йæ хъуырыл куы тыхта, уæд:

«Уæ мæ хъæбул, уæ мæ зæрдæдарæн...

Мæнæ ацы синаджы гæппæл, мæ хъæбул, дæу æгадæй чи бахиза, уыцы хæрзгæнæг у, æмæ-иу ыл бацин кæн; зæрдиагæйиу ыл бацин кæн: дæу дæ мады æгадгæнæг номæй фервæзын кæндзæни, дæ мады та йæхи сæры æгадæй бахиздзæни ацы синаджы гæппæл...

Уæ, хъæбул!

Мæхиуыл хъарджытæ кæнын, дæ фæхъхъау фæуон, мæ мардыл мын зæрдиаг куыдтытæ ничи бакæндзæни... æмæ мардæн та зæрдиаг куыдтытæй фæкæнынц стыр кад...æмæ мæныл та зæрдиаг куыдтытæ ничи бакæндзæни, æмæ мæхæдæг мæхиуыл уæддæр бакæнон зæрдиаг куыдтытæ, хъæбул...»

Чиныджы фæстаг фарс куы бафæлдахай, уæд дæхиуыл дисæй амæлдзынæ: «Ау, дæ бон куыд баци, дæ зæрдæ дын чи

сфæлдæхта, арф æмæ судзаггаг æнкъарæнты æвджид дæ чи бакодта, уыцы уæззау уацмыс сæрæй-кæронмæ бакæсын?»

Фæлæ рацæудзæн чысыл рæстæг. Дæ æрвылбоны сагъæсты раздæрау аныгъуылдзынæ æмæ дæм Алешы романы хъайтартæ фыны фенæгау кæсдзысты. Фæлæ... Фæлæ иу афон дæ мидзæрдæйы фестъæлфдзынæ. Мигъты фæсчъылдымæй дыдзы хур куыд ферттивы, афтæ дæ цæстыты раз æнæнхъæлæджы сыстдзæн Матронайы тæригъæддаг фæлгонц. Дæ хъусты ныййазæлдзæн йæ удаист фæдисхъæр: «Хорз адæм, цæмæн афтæ дурзæрдæ стут?»

Æмæ кæд уыцы уайдзæф комкоммæ дæумæ нæ хауы, уæддæр цыдæр æбæрæг азым ныббыцæу уыдзæн дæ риумæ. Бамбардзынæ: ацы удсыгъдæггæнæг уацмыс чингуыты тæрхæгыл йæ хъиутæ нæ хæрдзæн. Ырма йæ бирæ хæттыты кæсдзынæ дæ зæрдæйы цæстытæй, райгонд уыдзынæ, рохуаты рыг кæуыл не сбаддзæн, уыцы арф, рухсдзыд хъуыдытæй...

Стыр ныхас макæмæ фæкæсæд, фæлæ искуы нæ дард байзæддæгтæ куы сфæнд кæной ирон дзырдаивады хæзнатæ сбæрæг кæнын, уæд нæ тызмæг, фæлдурæдджджын цардивæнтæ æвдисæг уацмысты æхсæн æнæмæнг сæ цæст æрæвæрдзысты Алешы романыл. Æмæ нæм, чи зоны, хæлæг дæр бакæной, ахæм тæхудиаг фыссæджы æмдугонтæ кæй уыдыстæм, йемæ-иу ирон фынджы уæлхъус зæрдæбын ныхас кæй кодтам, ирон симдыиу кæй бацыдыстæм, уый тыххæй...

Хуссар Ирыстоныл сау бонтæ куы скодта, уæд Алеш йæ фыссæн сис рæстæгмæ иуварс авæрдта. Кæд бæлвырдæй зыдта: фæдисы заман фыссæджы тохмæсидæг ныхас джебогъæй дæлдæр нæ фæлæууы, уæддæр йæ зæрдæ йæ хæстон æмбæлттимæ уыд. Афтæмæй та йын цас æмæ цас зæгъинæгтæ баззад! Фондз царды дæр ын не сфаг уыдаид, цæмæй йæ ахсджиагдæр, йæ судзаггагдæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ адæммæ фæхæццæ кодтаид, уымæн...

Зæрдæйæ æмбæрста: фыдæлты уæзæгæй фыдгулæн иу гæппæл дæр раттæн нæй. Уый тыххæй йæ уацмысты бирæ хæттыты фыста: «Æцæгæлон лæджы дæ зæхмæ куы 'рбауадзай, уæд ын фæстагмæ йæхи хицау скæны. Дæлæ Къæдзхуымты Гуыбылæйттæй дарддæр чи царди? Уый фæстæ дзы сæ хæрæфырт Чакианиты æрцæрын бауагътой. Æмæ ма ныр Гуыбылæйтты мыггагæн исты ис? Чакианиты баци...»

Ацы хъуыдытæ йæ радзырд «Урс фынтæ», зæгъгæ, уым

хъæуккаг зæронд лæг Матейы дзыхæй дзырдта, фæлæ йæхи зонд дæр уыцырдæм арæзт уыдис. Цы радзырды кой кæнæм, уым ма йæ бирæфенаг герой зæгъы: «Æддагон æвзаг дур халы, æмæ ма дыл дæ кæстæрты дæр сардаудзæн, йæхи æвзагæй сæ суасын кæндзæн».

Йæ райгуырæн бæстæ цы тæссаг уавæры ис, уый Алеш рагæй уыдта. Фынгыл дæр-иу йæ фыццаг ныхас хуымæтæджы нæ уыд: «Не 'знæгтæ нæ къæхты бын фæуæнт. Сæ фæндиаг нæ Хуыцау макуы фæкæнæд!»

Æвæццæгæн, уый хуызæн стыр фыссæгæн æндæр зондахаст, æндæр уды сконд дæр нæ уыд. Йæ алы тугдадзинæй дæр баст уыд йæ фыдыуæзæгимæ æмæ уымæн сидти афтæ уæздан æмæ барджынæй нæ кæстæр фæлтæрмæ: «Æтт, лæппутæ, лæгæвзарæн заман ралæууыд æмæ фидар фæлæууæм!»

Алеш кæддæриддæр æмгарджын уыд. Йæ фæлмæн, уæздан æмæ рæсугъд уды хъарм сын никуы бавгъау кодта. Уымæн æм хатыдысты æдзухдæр: «Дæ Хуыцаумæ скæс! Иу гыццыл уæддæр бахъахъхъæн дæхи!»

Нæ байхъуыста йæ тохы æмбæлттæм. Йæ удыл ауæрдын нæ зыдта. Кæд хæстхъом нæ уыд (цæстæй цауд рахаста), уæддæр дзырдта: «Мæ риуы æмбæрц Иры зæххæй иу гæппæл уæддæр бахъахъхъæндзынæн».

Йæ фыдæлты зæхх бæргæ бамбæрзта йæ риуæй, фæлæ йæхæдæг фæцыд æрцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл...

Хостыхъоты Зинæ, фыссæджы нæмыгдзæф сыджытыл йæ хъарм къух æрæвæргæйæ, хъарæггæнæгау, дзынæзта:

Рухс ирон дзырды мæлæтыл
Хауы н' арвы риу фæрчытæ,
Калынц сау цæссыг дæ цæфтыл
Ехх, дæ бон бакæла, уастæн,
Хæсты кæд хæцæн нæй иуæй!
Ау, куы йæ зыдтай, Ирыстон
Цъус уæрæхдæр у дæ риуæй...

Абон дæр йæ уарзон цардæмбал Эльзæ нæ рох кæны йæ сæрыхицауы фæстаг ныхæстæ: «Ацы хæст куыддæр фæуа, афтæ йæ сывæллоны цæстæй равдисдзынæн. Мæ сæры цæттæйæ лæууы. Куы мæ февдæла, уæд æй гæххæтмæ рафысдзынæн».

Нал ын бантыст. Æнустæм æй мæрдтæм йемæ ахаста...

Ехх, уыцы судзгæ-уыраугæ нæмыг! Уый Алешы нæ бацарæфтыд кодта. Уый сæмбæлд Ирыстоны зæрдæйыл.

Алеш йæ царды фæстаг бонтæ кæимæ æрвыста, уыдонæй иу уыд йæ хистæр æмсис æмбал Дзуццаты Хадзы-Мурат. Æрхъæцмæ йыл чи нæ хъæцыд, йæ алы уацмысмæ дæр бæрæгбонау чи æнхъæлмæ каст, уыцы Хаджи. Кæд ын мæрдтыбæсты исты фадат ис, уæд æм иучысыл кæд байхъусид:

Иу хатт-ма равдис дæ цæсгом,
цæмæн æй нымбæрзтай
æрвонцъæх зæлдагæй,
Дунемæ куы кастæ
æдзухдæр
æргомæй, æдасæй, уæндагæй...

. . . .

Иу хатт-ма... Иу хатт...
Фæлæ ныммыр, ныдздзæм
зæрин уд, зæрин буар...
Охх, мæ боныл,
куыд зынаргъ дæ,
сæрибар!...

Алешы саударæн бон бирæ адæм нæ уыд. Хæст нæма банцад. Фыдгулы мæлæтхæссæг нæмгуытæй тас уыд ног уæлмæрды дæр. Цæгат Ирæй йæ хæстон æмбæлтты фарсмæ йæ ингæны уæлхъус æрлæууыдысты цыппар фыссæджы: Хаджеты Таймураз, Агънаты Гæстæн, Къадзаты Станислав æмæ Касаты Батрадз. (Тыхтæйамæлттæй æфсæддон вертолетыл æртахтысты).

Бæргæ, фæстаг хатт ма уыцы фæдисæттæм куы ракастаид, куы сыл бацин кодтаид. Исты ныфсытæ сын куы авæрдтаид. Фæлæ уыдон нал федтой сæ иузæрдион хæлары зынг цæстыты рухс. Нал фехъуыстой йæ диссаджы зæрдæлхæнæн хъæлæс...

Цæсткæсæнтæ йæ нал хъæуы: зыны йæм
нæ алы нуар дæр, чи цы у, уый зоны,
уый зæдты фарсмæ баддзæни тæрхоны —
ыстæм йæ бынмæ растæй уа, зылынæй.
... Æмæ кæлы æргом-сусæг мæ цæссыг...
Æмæ мæ 'взоны, мары мæ КЪÆМДЗÆСТЫГ...

(Хъодзаты Æхсар)

Алешы мæлæты фæстæ цы чиныг рацыд («Азарут иронау, лæппутæ»), уым йæ саразæг Кокайты Тотрадз цы зæрдæбын ныхæстæ ныффыста, уыдон нæ уарзон фыссæг никуы бакæсдзæн. Мах дæр сæ бæргæ нæ цæсты кæронæй дæр куы никуы федтаиккам, фæлæ цы чындæуа? Адзалæн, дам, мадзал нæй...

«О, АЛЕШ, АЛЕШ... Ды нæ ныфс уыдтæ, нæ номы кæстæр. Ды хъуамæ басгуыхтаис нæ литературæйы фарнæн, уыдаис ын цæугæ мæсыг, лæугæ хох... Фæлæ абон Чъребайы фæндзæм скъолайы кæрты дæ тохвæллад æмгæртты астæу сыстад дæ лæугæ цырт. О, фæлæ ма ды хæстонæй хъауджы уыдтæ фыссæг, æмæ ацы чиныг абонæй фæстæмæ Иры дзыллæты æхсæн фæуæд дæ цæугæ цырт. Ирон дзырды фарн макуы рафтæд, дæ туг цы зæххыл ныккалд, уым..

О, АЛЕШ...»

МЗОКТЫ Аслæнбег

ФАКУЛЬТАТИВОН АХУЫРТÆ «НАРТЫ КАДДЖЫТÆЙ»

(Кадджытæ Сосланы тыххæй)

Нарты эпос — уый у æмбисондæн хæссинаг хуымæтæджы ахорæнтæй æмæ пластикæйы хъомысæй арæзт легендарон дунейы фæлгонц, æмæ нын уымæн у уарзон æмæ зæрдæдзуаг. Æмæ мах табу кæнæм йе сфæлдисæг адæмы поэтикон генийæн.

АБАЙТЫ Вассо

Астæуккаг кълæсты ирон литературæйы программæ домы дарддæр дæр ахуырдзауты кæсын æмæ дзурыныл ахуыр кæнын. Скъоладзаутæ хъуамæ базоной текст æвзарын, йæ мидис раиртасын æмæ радзурын. Раттын сын хъæуы бæлвырд зонинæгтæ автор æмæ йæ сфæлдыстады тыххæй. Ахуырдзаутæ хъуамæ базоной, аивадон ныв æмæ фæлгонц цы мадзæлттæй арæзт цæуынц, уыдон, хъуамæ иртасой нывæфтыд æвзаджы рæсугъддзинад.

Факультативон ахуыртæ литературæйæ дæттынц ирон литературæйы ахуыргæнæгæн ног уæлæмхасæн гæнæнтæ, цæмæй йæ ахуырдзаутæ хуыздæр базоной мадæлон литературæ. Ахæм факультативы куыст хъуамæ арæзт уа рацыд æрмæгæй зонындзинæдтæ арфдæр æмæ уæрæхдæр кæныныл, скъоладзаутæй чи цавæр проблемæмæ йæ хъус тынгдæр дары, цæмæ хуыздæр арæхсы æмæ йæм цымыдисдзинад цы фарстытæм ис, уыдон хынцгæйæ. Уымæ гæсгæ факультативы программæйы хъуамæ уа алыхуызон куыстытæ: темæйы цы наукон иртасæн æрмæг ис, уый систематизаци кæнын; лæвæрд литературон темæтæм библиографи агурын æмæ аразын; докладтæ, рефераттæ, нывæцтæ фыссын; уацмысмæ гæсгæ радзырд аразын; æмдзæвгæтæ æнæ кæсгæйæ базонын; уацмысы тыххæй цы рецензитæ ис, уыдоныл

æнцой кæнгæйæ, хи хъуыды равдисынмæ тырнын; литературон-критикон уацтæн пълан æмæ конспект аразын; дзырдуатæй фысгæйæ пайда кæнын æмæ а. д.

Нæ ацы уацы дæттæм ахуыргæнæн æрмæг Нарты кадджыты иу циклмæ — Сосланы тыххæй кадджытæм. Программæмæ гæсгæ ацы темæйæн дихгонд æрцыд 3 сахаты. Фыццаг урокмæ скъоладзаутæ хъуамæ хæдзары бакастаиккой ахæм кадджытæ: «Сосланы райгуырд æмæ йæ байсæрын», «Дауджыты лæвæрттæ Сосланæн», «Сослан-тыхагур», «Сослан æмæ Гуымаг лæг», «Сосланы кæрц», «Сослан æмæ Тары фырттæ», «Сырдон Сосланимæ цæмæн фезнаг ис», «Сослан Бедухайы куыд æрхаста», «Сослан Сатанайы зындоны цадæй куыд фервæзын кодта», «Сослан Косеры куыд ракуырдта», «Сослан Мæрдты бæсты» æмæ «Сосланы мæлæт».

Ацы урокты сæйраг хæс у ахуырдзауты Сосланы тыххæй кадджытимæ базонгæ кæнын, кадджытæн сæ идейон, эстетикон æмæ аивадон хъуыды райхалын, ахуыр кæнын аив кæсын кадæджы æмæ ирон поэтты аивадон текстытæ; рефераттæ æмæ цыбыр радзырдтæ (сообщения) кадджыты хъайтартыл фыссын æмæ факультативон ахуырты уыдон скъоладзаутæн дзурын.

1-аг урок. Сослан — Нарты «нæрæмон». *Кæсын æмæ æрдзурын Сосланы тыххæй кадджытыл.*

2-аг урок. Сослан — æндон, хъæбатыр, æнæхатыр нæртон гуырд. *Кæсын æмæ æрдзурын Сосланы тыххæй кадджытыл. Рефераттæ æмæ радзырдтæ Нарты хъайтартыл.*

3-аг урок. Нарты кадджытæ ирон поэзийы. *Аив кæсын æмдзæвгæтæ æмæ сæ мидисыл æрныхас кæнын.*

Фæйнæгыл фыст урокты эпигрæфтæ:

Уадзæн Сослан фæзæгъынц.
Нарты æмбисонд

Сослан канд æвзыгъд æмæ æхсарджын хæстон нæу,
фæлæ ма у цыргъзонд æмæ хиуылхæцгæ хæстон дæр
Джыккайты Шамил

Сослан — ирон Нарты эпосы æппæты номдзыддæр хъайтар
Жорж Дюмезиль, францаг ахуыргонд

Цыбыр разныхасæй байдайдзæн урок ахуыргæнæг. Уый фæстæ хъæуы Нарты кадджыты текстытæ кæсын æмæ уыдоныл

ӕрдзурын. Фӕлӕ кадджыты текстты ӕмбӕлы бирӕ зынӕмбарӕн дзырдтӕ ӕмӕ дзырдбӕстытӕ. Уымӕ гӕсгӕ хъӕуы дзырдуатон-фразеологион куыст саразын, тексты сын цы нысаниуаг ис, уый раргом кӕнын. Кадджыты чиныджы алы фарсыл дӕр ӕмбӕлӕм рагон зынӕмбарӕн ирон ныхӕстыл: *«ирӕд, рифтаг, хъуаз, фӕрчытӕ, гӕбӕт, фӕринк, дзыбыр, цъацъа, зыгуым, кӕрдих, уари, тӕлм, цирхъ, цыппӕрхъусыг, зиллакк, бапсӕрын, цъӕх арт уадзы, ӕмгуыппӕй, астымгӕрдӕг-къуыстымхал, ризын ӕмризӕджы, цъенгӕ их, Церечы згъӕр, Бидасы тахъа, мигъӕмдзу бӕх, уадӕмдых бӕх, Дзындз-аласа, къаты бон, хъандзалсӕфтӕг бӕх, мӕхӕлыстыгъд акӕнын, сау сынт ӕрбатахт, мӕцъис сарӕзта, йӕхи ацц фестын кодта, авд дӕлдзӕхы фӕци, хъӕдгоммӕгӕсджытӕ, мардыл сыджыт бакалдта, фӕцъула кӕнын, сагъадахъ, бӕгӕны'хсидын, Галӕгон, Фӕлвӕра, Ӕфсати, Уацилла, Сафа, Куырдалӕгон ӕмӕ а. д.*

Дӕлдӕр хӕссӕм ахуыргӕнӕгӕн «Дзырдуат кадджытӕм», бацӕттӕ йӕ кодтам урокмӕ ӕмӕ дзы скъоладзаутимӕ пайда кодтам урокты рӕстӕджы.

Дзырдуат кадджытӕм.

Гӕбӕт — лалым.

Болат — рагон ӕндоны мыггаг.

Уырдыгыстӕг — хъӕугуывдты ӕмӕ хицӕн бинонты куывдты йӕ хӕс комкоммӕ уазджытӕн баллӕггад кӕнын кӕмӕн вӕййы, ахӕм адӕймаг. Уырдыгыстӕг равзарынц куывдцӕттӕгӕнджытӕ кӕнӕ фысымтӕ ӕрыгон хӕстӕджытӕй ӕмӕ ӕввахс сыхӕгтӕй. Уырдыгыстӕгӕн вӕййы бӕлвырд хӕс: фӕлӕггад кӕны фынгыл бадджытӕн. Йӕ лӕггады тыххӕй уырдыгыстӕгӕн ӕгъдау скӕнынц.

Силӕм — куыдзы ном; Силӕм у зӕххон куыйты хистӕр, зӕххон куыйты мыггаг цы куыдзӕй рацыд, уый.

Сафа — къонайы дзуар ирон мифологийы, къонайы рӕхыс саразӕг ӕмӕ йӕ бардуаг. Нарты эпосы Сафа у уӕларвцӕрӕг.

Уацилла — ирон мифологийы у адӕмы уарзондӕр дзуӕрттӕй, арвнӕрды бардуаг, хоры зайӕгхалтӕ ӕмӕ тыллӕгыл аудӕг дзуар.

Ӕфсати — уӕларвцӕрӕг «уӕздан хъӕддаг цӕрӕгойты хицау», цуанӕтты бардуаг. Нарты кадджыты Ӕфсатимӕ ис диссаджы сызгъӕрин уадындз, балӕвар ӕй кодта разагъды нарты Ацӕмӕзы фыдӕн.

Фӕлвӕра — ирон мифологийы сӕйрагдӕр дзуӕрттӕй иу, лыстӕг фосы, фыццаджыдӕр, фысвосы бардуаг. Кадджыты у

уæларвцæрæг, хæдзарон фосы хицау. Иннæ ирон дзуæртты хуызæн Фæлвæра дæр æдзух бады нарты куывдты.

Куырдалæгон — уæларвон куырд, куырдты бардуаг ирон мифологийы. Аразы згъæртæ, хотыхтæ æмæ æндæр хæстон дзаума. Нартæн сарæзтæ гутон.

Донбеттыр — дондунейы паддзах Нарты кадджыты. Нымадтой ма йæ кæфты бардуагыл дæр. Эпосы æвдыст цæуы, бирæ чызджытæ кæмæн ис, ахæм тызмæг лæджы хуызы.

Галæгон — дымгæйы бардуаг ирон мифологийы. Уæларвон Галæгон цæры иунæгæй хæхты бæрзæндты, уырдыгæй рауадзы уад æмæ тымыгътæ.

Фæринк — цирхъ кæнæ æхсаргарды мыггаг.

Сагъадахъ — Нарты кадджыты: иу варианттæм гæсгæ у фатдон, иннæ варианттæм гæсгæ та — хæдæхсгæ фатдон.

Бузна, бузнаг нæл хуы — фыдмитæгæнæг, налат хъæддаг хуы.

Залты мит æмæ æнусы цъити — иттæг бирæ миты æруард, ома, залты бæсты цы мит æруары, ахæм.

Астымгæрдæг-къуыстымхал — астымты, дурджын рæтты кæрдæг тыхджын вæййы, æмæ, ома, астымгæрдæг арæххалæй, бирæйæ; хорз, бæзджын кæрдæг.

Хъуытаз — чысыл дзæнгæрæг.

Церечы згъæр — кадджытæм гæсгæ — номдзыд лæг Церечы згъæр хæдон. Хæсты коймæ-иу йæхæдæг йæ хицауы уæлæ фестад, æмæ йæ уæд кард нæ карста, фат дзы нæ хызти.

Бидасы тахъа — номдзыд Бидасы æмбисонды згъæр худ; хæсты коймæ-иу йæхæдæг абадти хæстоны сæрыл æмæ-иу уыцы хæстон лæджы уæд кард дæр нал карста, фат дæр дзы нал хызти.

Дзæгъындзæг — маргъы мыггаг, гæркъæраджы хуызæн.

Цыкурайы фæрдыг — зынаргъ дуры мыггаг: мард æгас кæныны, цæфтæ дзæбæх кæныны тых кæмæ ис, ахæм фæрдыг. Ома, цы курай, уый дæттæг.

Уацамонгæ — Нарты диссаджы зонынджын къус, кæхц, хъæбатырты кæхц. Уыдис æм ахæм миниуæг, æмæ-иу стыр хæстон сгуыхты чи равдыстаид, стæй йæ хæстон сгуыхты тыххæй æрмæст æцæгтæ чи радзырдтаид, уымæ-иу йæхæдæг йæхигъдауæй бацыд; иннæтæй йæ къухы никæмæн æфтыд Уацамонгæйæ бануазын.

Барастыр — ирон мифологийы — мæрдты бæсты паддзах. Адæмæн сæ зæххон хъуыддæгтæм гæсгæ, Барастыр кæй дзæнæтмæ барвиты, кæй та — зындонмæ.

Дзындз-аласа — зæлдагхуыз, сызгъæринхуыз аласа. Чысыл уæвгæйæ, тынг домбай чи у, ахæм бæхты мыггаг.

Хуыйысæр фæндыр — рагон ирон хъисын фæндыр.

Хъан — кадæджы «авд уæйыджы хъан — Хуры чызг Ацырухс» — фыццаг заманы-иу уыдис ахæм æгъдау, æмæ æдыхдæр мыггагæй чи уыд, ахæм хæдзар-иу хæссынмæ иста лæппу (кæнæ чызг) тыхджындæр мыггагæй. Æмæ уæд уыцы дыууæ хæдзары (дыууæ мыггаджы) кæрæдзийæн уыдысты æмцегтæ. Хъомыл кæнынмæ-иу цы лæппу кæнæ цы чызг радтой, уый та хуындис хъан.

Хъандзалсæфтæг бæх — æндонсæфтæг бæх.

Аминон — мæрдты бæсты дуаргæс.

Нæрæмон — йæхиуыл хæцын, йæхи уромын чи нæ фæразы, æрхъæцмæ чи нæ хъæцы, ахæм адæймаг.

Рифтаг — дзæкъул, хордзен.

Кайын — хъауын, фæхъуаг кæнын.

Къаты бон — кусгæ бон (бæрæгбон нæ, фæлæ).

Лыстхуыд — ома, лыстæг сынкæй хуыд.

Аза-бæлас — зайы «дзæнæты», ис æм низтæ сурыны æмæ мард æгас кæныны тых.

Фалгæрæттæ — куыройы фыдæй фæлгæтæджы æхсæн цы ссады рыгтæ æрæмбырд вæййы, уыдон.

Балсæджы Цалх — ирон мифологийы уæларвцæрæг æвирхъау æмæ былaрæфтауæг зынг цалх кадджыты.

Зилахар, Зилахары быдыр — Нарты хъазæн фæз, Нарт фат æмæ 'рдынæй, кардæй, дугъы уайынæй, кафын æмæ симынæй сæ арæхст кæм æвзæрстой, уый.

Хъуаз — хъуг (сыл), саг.

Харæ хъуымац — зæлдаг хъуымацы мыггаг.

Ацц — хъæддаг бабыз (хъаз?).

Гуым, Гуымы быдыр — бæстæйы ном; æвæццæгæн уый у — Хъуым, Хъуымы быдыр Цæгат Кавказы, ныры Пятигорскы цур.

Зонынджын — цы 'рцыди æмæ цы 'рцæудзæн, уый чи зоны, ахæм адæймаг.

Мæрт — фыццаг заманы хорбарæн, æхсæз килограммы бæрц.

Кæфты-Сæр-Хуыйæндонæлдар — ирон мифологийы — кæфты, кæсæгты бардуат.

Мусонг — сырддзæрмттæй кæнæ бæласы къалиутæй конд рæстæгмæ цæрæнбынат, халагъуд.

Мыдамæстытæ — мыдджын хыссæйæ конд кувинæгтæ.

Мæцъис — исты уæзæгтæ сæ бынатæй иртасæн, кæнæ хъæбæр буаргъæдтæ сæттæн лæдзæгæнгæс дзаума, арæхдæр æфсæйнагæй.

Къæсса — цармæй конд голлаггонд.

Ирæд — фиддон, лæвæрдта йæ усгур лæппу чызджы бинонтæн. Ирæд фыстой стыр æмæ лыстæг сыкъаджын фосæй, зынаргъ дзаумæттæй (хæцæнгæрзтæй, егъау æрхуы æгтæй).

Аххæрæг — хæдзары цары сæйраг хъайван.

Дзырдуатон куысты фæстæ ахуыргæнæг æмæ скъоладзаутæ æрдзурдзысты Сосланы тыххæй кадджытыл. Дæлдæр хæссæм ахуыргæнæгæн æххуысы охыл фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ, ахуырдзаутæ ахуыр кæндзысты кадæджы текст æвзарын, йæ мидис раиртасын æмæ радзурын; дзырдуатæй ныхасы пайда кæнын (дзургæйæ); кадæджы æмæ йæ хъайтарты тыххæй сæ хъуыдытæ дискуссийы зæгъын.

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ кадджытæм:

1. Куыд райгуырди Нарты Сослан? Чи уыди йæ хъомылгæнæг?

2. Цæмæн загъта Сослан Сатанайæн: «Мæнæн кæй хæрын кæнут, уый иу куыдзæн хæрын кæнут, æмæ уын уый уæ къæсæр уæддæр хъахъхъæндзæн»?

3. Чи байсæрын кодта Нарты Сосланы? Кæм самал кодта Уырызмæг сæдæ гæбæты дзаг бирæгъы 'хсыр, цæмæй Куырдалæгон байсæра Сосланы бæлæгъы?

4. Цæмæн баззадысты Нарты Сосланы уæрджыты сæртæ фæлмæнæй, æнæсæрыдæй? Кæй аххосæй рауад бæлæгъ цыппар æнгуылдзы цыбырдæр?

5. «Нарт æмхæрд, æмнуæзт уыдысты дауджытимæ», — зæгъы кадæг. Цавæр лæвæрттæ ракодтой Нарты Сосланæн æмæ Нарты адæмæн Уæларв Сафайы уазджытæ-дауджытæ — лæгты дзуар Уастырджи, æрвнæрынгæнæг Уацилла, сырдты хицау хъæрæу Æфсати, фысвосы бардуаг Фæлвæра, уæларв Куырдалæгон, дымгæты бардуаг Галæгон æмæ фурдты-дæтты хицау Донбеттыр?

6. Цы хæс райста йæхимæ Сослан уæларв Сафайы хæдзары куывды?

7. Кæцы зæдтæ æмæ дауджытæм куывтой Нарты адæм, кæцытæн дзы кодтой куывдтæ æмæ кæцы афон?

8. Цавæр хъæзтытæ уыд Нартмæ? Куыд æвзæрстой Нарты фæсивæд сæхи Хъазæн фæзы æмæ цæмæй? (Кафтæй, фатæй, тыхæй). Чи разынд Нарты фæсивæды 'хсæн се 'ппæтæй тыхджындæр, кæй ном хастой адæм æмбисондæн?

9. Цы сфæнд кодта Сослан? Кæуыл амбæлд фæндагыл?

10. Цавæр цаутæ æрцыди Сослан — тыхагурыл йæ балцы, йæхицæн куы загъта: «Баздæхон æмæ тыхагур ахæтон бæстæтыл»? Цæмæн баххуыс кодта уæйгуыты мад Сосланæн? Чи фервæзын кодта Сосланы?

11. Цы зонд бацамыдта уæйыг Сосланæн? Куыд æмбарут иудзонгон уæйыджы ныхæстæ: «Ацу, мæ хур, ды дæр æмæ-иу афтæ макуыуал зæгъ, мæхицæй тыхджындæр никуы уыдзæни, зæгъгæ»?

12. Ссардта Сослан йæхицæй тыхджындæр æви не ссардта? Сбæрæг кæнут кадæг «Сослан — тыхагур»-ы сæйраг хъуыды. Цавæр зонд нын амоны ацы нæртон кадæг?

13. Радзурут-ма, куыд фембæлдысты æмæ кæм Сослан æмæ Гуымаг лæг æмæ куыд баззадысты æрдхорд æфсымæртæй?

14. Ссарут гиперболæтæ Нарты кадджыты «Сослан — тыхагур» æмæ «Сослан æмæ Гуымаг лæг»-ы. Куыд ныгонд сты ацы кадджытæ гиперболæйы фæрæзтæй, куыд æвдыст цæуынц ам геройты ныфс æмæ æгæрон тых?

15. Цæмæн бахъуыди Сосланы Куыцыччы фырт Елтагъаны сызгъæрин сæрдзарм æмæ йæ куыд рамбылдта Сахъолайы уæзæгыл хъулæй хъазтæй? Скифты æгъдаумæ гæсгæ, цæмæй хуыйын кодта йæхицæн кæрц Нарты Сослан?

16. Цæмæн хуыдта Сатана Сосланы «ме 'нæныййаргæ хъæбул»?

17. Радзурут-ма, Нарты Сослан Тары дыууæ фырты — Мукара æмæ Бибыцыл — куыд фæтых ис, уый тыххæй. Цавæр хъæзтытæй бафæлвæрдта Сослан Тары фыртты æмæ сыл зондæй куыд фæуæлахиз? Куыд рацыд Нарты фыдбылыз Сырдон хинæй Сосланыл хæлттæ 'ппарыны заман?

18. Цæмæн кодта гуырысхо Тары фырт Мукара æхххуырст лæг Нарты фосгæсыл? Цæмæн хоны Мукара Сосланы «кæлæнгæнæджы фырт»? Чи уыд уыцы «кæлæнгæнæг»?

19. Куыд базыдта Сатана Тары фырт Бибыцы тых, ныфс æмæ уд кæм сты, уый?

20. Цæй фæдыл рахастой знаг Сырдон æмæ Сослан? Цы загъта Сырдон Нартæн, йæ фырты мысанæн куы æрæвæрдта, уæд?

21. Цæуыл фæбыцæу сты Сослан æмæ Хызы фырт Челæхсæртæг Алæгаты стыр куывды? Чи рамбылдта хæснаг — Сослан æви Челæхсæртæг? Цæмæй рамбылдта хæснаг?

22. Бакæсут скъуыддзаг кадæг «Сослан Бедухайы куыд æрхаста»-йæ (Нарты кадджытæ. Орджоникидзе, «Ир», 1975, 105-106 фф.)

æмæ æрдзурут Тугъанты Махарбеджы ныв «Нарты куывд»-ыл:

а) кæй базыдтат нæртон геройтæй Махарбеджы нывы? Зæгъут сын сæ нæмттæ.

б) куыд баст у Махарбеджы ныв нæртон кадæгимæ?

в) куыд æвдыст цæуы нывы Сослан æмæ Челæхсæртæджы быцæу, кафгæ кæм кæнынц раздæр фынгыл, стæй та кæхцыл, уыцы бынат?

г) уæ зæрдæмæ фæцыди Тугъанты Махарбеджы ныв? Цæмæй? Цавæр æндæр нывтæ ма сарæзта Махарбег Нарты кадджытæм?

23. Æрфыссут-ма уæхи ныхæстæй Хызы фырт Челæхсæртæг æмæ Сосланы кафт Алæгаты куывды. (Пайда кæнут кадæджы ныхæстæй).

24. Куыд сси Бедуха-рæсугъд Сосланы ус? Цавæр кæлæнгæнæг дзаумайы руаджы райгас Бедуха? Куыд æвдыст цæуы Сосланы хиндзинад?

25. Радзурут-ма, Сослан Сатанайы зындоны цадæй куыд фервæзын кодта, уый тыххæй. Цы сфæнд кодтой Нарты фæсивæд æмæ цæмæн? Куыдæй базыдта Сослан, Сатана зын уавæры кæй ис, уый?

26. Цæй тыххæй байрæджы кодта Сослан Сатанайы фервæзын кæнынмæ? Цæмæн рауагъта Барастыр Сатанайы Мæрдты бæстæй?

27. Куыд æвдыст цæуы кадæджы Сатанайы кæлæнгæнæг тых?

28. Сбæрæг кæнут кадæджы сæйраг хъуыды. (Ссарут Мæрдты Барастыры ныхæстæ кадæджы æмæ сæ аив бакæсут).

29. Куыд ракуырдта Сослан Косер-рæсугъды? Цæмæн фæци Сослан авд дæлдзæхы æмæ хæйрæджытæм куыд ныххаудта?

30. Куыд цард Сослан хæйрæджытæм æмæ куыд сæмбæлдис йæ дзыллæйыл?

31. Радзурут-ма, Сосланы балцы тыххæй Мæрдты бæстæм. Куыд бахауд Сослан авд æддæгуæлæ галуанмæ? Кæй уыдис уыцы галуан?

Цавæр ирæдыл бафидыдтой Сослан æмæ авд уæйыджы? Кæм æмæ кæй æххуысæй хъуамæ ссардтаид Сослан Аза-бæласы сыфтæ? Цавæр диссæгтæ федта Сослан Мæрдты бæсты? Чи уыд Мæрдты бæсты дуаргæс?

32. Ранымайут-ма Мæрдты бæсты диссæгтæ æмæ зæгъут, цы амонынц, уый. Куыд раздæхти Сослан Мæрдты бæстæй? Цы бафæдзæхста Бедуха Сосланæн фæстæмæ куы цыд, уæд? Сæххæст кодта Сослан Бедухайы фæдзæхст?

33. Куыд базыдта Гæтæджы фырт гæды Сырдон, цæмæй у

Сосланæн йæ мæлæт, стæй йæ бæхы мæлæт? Кæд бауырныдта Сатанайы, Сослан Мæрдты бæсты кæй уыдис, уый?

34. Цавæр ирæд бафыста Сослан авд уæйыгæн сæ хъан — Хуры чызг Ацырухсы тыххæй?

35. Куыд æрвыста йæ рæстæг Сослан Зилахары быдыры? Цы загъта Сослан Балсæджы чызгæн, уый йæ йæхицæн бинонтæн куы хонын кодта, уæд? Цæмæн рарвыста Балсæг йæ Цалхы æмæ йыл цавæр хæс сæвæрдта?

36. Чи разынди тыхджындæр — Сослан æви Балсæджы Цалх? Цæмæн бахордта ард Балсæджы Цалх? Чи сардыдта ногæй Цалхы Сосланыл æмæ загъта: «Сосланæн йæ адзал дæуæй у, æмæ ма йыл иу скъæрд ракæн дæхи», «Сосланæн йæ уæрджытыл атул хуысгæ куыд кæна, афтæмæй»?

37. Зонут ацы бæласы мыггæгтæ: фæрв, сусхъæд, фатхъæд, тæрс, тулдз, бæрз, æхсæры къутæр? Раивут-ма ацы ныхæстæ уырыссаг æвзагмæ. Бæлæстæй кæцы баххуыс кодта Сосланæн Балсæджы Цалхы бауромын?

38. Кæм æмæ куыд атæхын кодта Балсæджы Цалх Сосланы уæрджытæ сæ тæккæ сæртыл? Чи фæхабар кодта Æхсæртæггатæм Сосланы мæлæты тыххæй?

39. Куыд бавæрдтой Нарт Сосланы? Цæмæн сразы ис Сослан мæрдтæм цæуын мæгуыр лæджы фыртимæ? Радзурут-ма, цæмæн уыдис уыцы мæгуыр лæппу мæрдты дзæнæты? Цал рудзынджы ныууадзын кодта Сослан йæ ингæны æмæ цæмæн?

40. Кæмæй систа йæ маст Сослан æмæ цæмæн? Чи райста Балсæджы Цалхæй Сосланы туг æмæ куыд æрцыдис уый? Чи загъта ацы ныхæстæ æмæ цы у сæ нысаниуæг: «Сослан, Балсæджы Цалх дын мæрдты фæлдыст фæуæд, дондзау æмæ дын лæггадгæнæгæй фæхæтæд, уæлæуыл та дын цырт уыдзæн!»?

41. Нæ чиныджы ис Хъаныхъуаты Умары æртæ ныввы Сосланы тыххæй кадджытæм: фыццаг — кадæг «Сослан — тыхагур»-мæ, дыккаг — «Сослан Мæрдты бæсты»-мæ, æртыккаг — «Сосланы мæлæт»-мæ. Уæ зæрдæмæ цæуынц? Цавæр аивадон мадзæлттæй пайда кæны нывгæнæг ацы нывты? (ахорæнтæ, кадæджы сюжет, геройты фигурæтæ куыд æвæрд сты нывыл...).

42. Нарты кадджыты францаг иртасæг Жорж Дюмезиль хоны Сосланы (Созырыхъойы) — «ирон Нарты эпосы æппæты номдзыддæр хъайтар». Цæмæн?

43. Сымах бакастыстут кадджыты цикл Нарты Сосланы

тыххӕй. Цавӕр адӕймаг уӕм кӕсы Сослан (йӕ ӕдде бакаст, йӕ характеры ӕууӕлтӕ, йӕ уӕлӕдарӕс, йӕ адӕймаджы миниуджытӕ)? Ӕрфыссут Сосланы, Нарты кадджытӕй ӕмӕ Тугъанты Махарбеджы ӕмӕ Хъаныхъуаты Умары нывтӕй пайда кӕнгӕйӕ.

44. Дзанайты Иван (Нигер) йӕ уац «Нарты кадджытӕ»-йы фыста: «Сослан — Нарты «нӕрӕмон». Разы стут Нигеримӕ? Цы кадджытӕ бакастыстӕм, уыдонӕй ӕрхӕссут дӕнцӕгтӕ Нигеры ныхӕстӕн.

45. Сӕрдмӕ уын кӕсынмӕ лӕвӕрд уыди Булкъаты Михалы роман «Нарты Сосланы ӕвдӕм балц» («Мах Дуг», 1987. №7). Кӕсын хъуыди иронау кӕнӕ та уырыссагау (Булкаты М. Седьмой поход Сослана Нарты. М. «Советский писатель», 1989, 278 ф.). Фӕцыдис уӕ зӕрдӕмӕ Михалы роман? Цӕй тыххӕй у ацы прозаикон уацмыс? Чи сты йӕ сӕйрагдӕр хъайтартӕ? Цы пайда фесты фыссӕгӕн Нарты кадджытӕ Сосланы тыххӕй? Сбӕрӕг кӕнут Михалы романы сӕйраг хъуыдытӕ.

46. Ныффыссут цыбыр рецензи Булкъаты Михалы романыл: «Мӕ хъуыдытӕ роман «Нарты Сосланы ӕвдӕм балц»-ы тыххӕй.

47. Кӕцы поэттӕ ӕмӕ фысджытӕ пайда кӕнынц Сосланы фӕлгонцӕй сӕ ӕмдзӕвгӕты ӕмӕ уацмысты? (Хъайттаты Сергей ныффыста дыууӕархайдон пьесӕ «Нарты Сослан». Ӕмдзӕвгӕтӕ: Ходы Камал, Хостыхъоты Зинӕ, Хъодзаты Ӕхсар, Дзаболаты Хазби, Малиты Васо, Плиты Грис.)

Ацы фарстытӕн дзуаппытӕ дӕттгӕйӕ, ахуырдзаутӕ ахуыргӕнӕджы ӕххуысӕй ӕрцӕуынц бӕлвырд ӕмӕ раст хатдзӕгтӕм. Сӕ хъуыдытӕ бафидар кӕныны тыххӕй ӕнцой кӕнынц Нарты кадджыты текстты.

Уый фӕстӕ скъоладзаутӕ факультативон ахуырты байхъусынц се 'мбӕлтты рефераттӕм, уыдон фыст ӕрцыдысты кадджытӕ бакӕсыны фӕстӕ.

Уыдзӕн ма.

ИРОН

ПОЭЗИЙЫ

АНТОЛОГИ

КОСТЫ ЛИЗÆ

(1954)

Косты Лизæйы æмдзæвгæтæ фыццаг хатт мыхуыры фæзындысты ивгъуыд æнусы 80-æм азты райдайæны. Æмæ сыл уайтагъд сæ цæст æрæвæрдтой поэзиуарзджытæ. Уды 'нкъарæнты фæлмæн рухс æмæ тавсæй, ирд ахорæнтæй дзаг уыдысты рæнхъытæ. Уæдæ сæ аив азæлдæй дæр æлхæдтой зæрдæ, цæвиттон, бæрæг уыди: нæ литературæ сфидаудзæни ног, ахадгæ хъæлæсæй.

Уæдæй нырмæ дзæвгар рæстæг рацыд. Æмæ фидарæй зæгъæн ис: Лизæ фыдæнхъæл нæ фæкодта чиныгкæсджыты. Йæ уацмысты хуыздæртæ аккаг бынат æрцахсдзысты ирон дзырдаивады.

Ныр та хæрз цыбырæй йæ царды хабæрттæ. Косты Мараты чызг Лизæ райгуырди Ногиры. Ам каст фæцис астæуккаг скъола дæр. Уæлдæр ахуырад та райста Ленинграды паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты. Куыста газет «Социалистическая Осетия»-йы, Цæгат Ирыстоны радиойы, журнал «Ногдзау»-ы редакцийы, чиныгуадзæнтæ «Ир» æмæ «Проект-Пресс»-ы редакторæй. Ныртæккæ та у Гасситы Викторы номыл типографийы рауагъдады редактор.

1985 азы Дзæуджыхъæуы рацыди Лизæйы æмдзæвгæты æмбырдгонд «Æрвон зынг»». Уый фæстæ кæй ныффыста, уыцы уацмысты иу хай бакæсæн ис журнал «Мах дуджы».

* * *

Ӕз дæ уынын: дæ дæлæрмтты дæ къухтæ,
Цырт-сурæтау æнæзмæлгæ лæууыс,
Ныртæккæ ды æппæт дунейæ цух дæ —
Дæ миддунемæ джихауæй кæсыс.

Куыд зонгæ у мыдхуыз æрфгуыты фезмæлд,
Куыд зынаргъ у фæлурс æнгуылдзты фын!
Ӕхцон сурæт æрмæст мæ разы фестад —
Зындонæн дæр æз бауарзин йæ зын.

Мæ цæугæ хох, цы уайы ныр дæ цæстыл,
Сæгъдзаст æнгас дæм, чи зоны, фæзынд?
Кæцæй, кæцæй? Ӕмбарын æй: мæ бæсты
Ӕндæр чидæр дæ уаз бæллицты уыд.

* * *

Фæлæ та иу бон митхъарм мæн фæсайдзæн,
Ӕви та саугуырм бахæцдзæн мæныл, —
Мæ цæстыл та дæ æрвон æнгас уайдзæн,
Кæддæрау та æууæнддзынæн дæуыл.

Нæ хатдзынæн дæ хъæлæсы мæнг мыртæ,
Фæливæн агъуд цæсгомау зындзæн,
Фæлмæн дзырдтæ ыстъæлфдзысты дæ былтæй,
Дæ мæнг бахудт зæрдæскъæфæн уыдзæн.

Ӕмæ нæ астæу ихын къул æртайдзæн,
Зæгъдзынæн та: «О ме 'мгæртты хуыздæр!»
Фæлæ та агъуд иуафон æрхаудзæн...
...Цымæ мын ды цы бакæнис фыддæр?..

* * *

Сау изæр мæ цъысыммæ фæтæры,
Ӕз сæударæй амардтон мæхи.
Тархъы Сындз, зæгъ-ма мын æй, кæм цæры
Сау рувас, кæм æмбæхсы йæхи?

Нæй мæнæн афтид армæй фæцæуæн, —
Хъуамæ суа æртæ æрдуйы цух
Сау рувасы сау тенка, сæ кæлæн
Банкъара æхсызгонæй мæ къух.

Тархъы Сындз, къуырма дæ æви аххуыс
Ацы сахат не 'нтысы дæуæн?
О мæ зынг, ныггуыпп кæн, йе та ахуысс —
Нал дын и æндæр хуызы гæнæн.

Урс æрдутæ сау цæстытыл уайынц,
Бадомдта мæ Тархъы Сындзы хин.
Раст мæ цыма мин хæйрæджы сайынц,
Раст цыма æрцард мæ уды зин.

Нæй мæнæн афтид армæй фæцæуæн:
Хъуамæ суа æртæ æрдуйы цух
Сау рувасы сау тенка, сæ кæлæн
Банкъара æхсызгонæй мæ къух...

* * *

Дæ фыны дæр ды ма бавзар мæ зын, —
Мæнæн мæ хъынцъым низæй уæлдай нæу,
Æхсæвы зæдтæ барæвдауæнт дæу
Æмæ фæбонмæ рухс фынтæ фæуын.

Мæнмæ та уадз æдзух цæуæд кæуын,
Мæ хай фæуæнт дæ маст æмæ дæ рын,
Æрвон уарзт мæм æрбанывæста тын,
Æмæ йæ разы сагъдауæй лæууын...

КУЫВДЫ

Ныв гæнæг Харебаты Аланæн

Цары хуынкъæй мæйрухсы къæртт фынгмæ
Иуафон æнæбары æрхауд,
Уыйадыл æй нал афæндыд уынгмæ —
Уымæ уынг фæкаст мæгуырау, цауд.

Ам рызти нæртон зарæгæй уат,
Уынджы та нæ уыди змæлæг, — ничи,
Сау булкъ æмæ дзулы ’хсæн бынат
Скодта æмæ фынгыл уый ныйичъи.

Ногдыгъд сæн гæзæмæ дардта сырх.
Урс уыдысты нурыйы дæндæгтæ.
Алы дзырд дæр карды комау — цыргъ.
Агуырдта фæйнæрдæм цин фæндæгтæ.

Цард цыма æрмæст уысмы бæрц у,
Хъулæттæ: нæргæ цинæй — мæтъæлмæ.
Хъус-ма, мæйрухс, райсом дæр æрцу,
Ам та дæм кæсдзыстæм мах æнхъæлмæ.

Ахæм фынгыл ничи нуазы дон.
Ногдыгъд сæн нæ сидтытæм фæхъæбæр.
Мæйрухсы къæртт басгуыхти цæхдон —
Уым тылдтам æхсызгонæй нæ къæбæр...

РОМАНС

Фатимæйæн

Иу уарди, ис уардийы сыфыл гæлæбу.
Ис арвæрдын изæры дуарыл.
Æнæнтыст ыстъалымæ армæй фæлæбур,
Æрсадз æй дæ нывæрзæн царыл.

Æвналы рæвдаугæ бæрзонд тулдзмæ уахъæз.
Мæлдзыгдоныл ма ныллæу къахæй,
Æртæхдзаст кæрдæгæн йæ цæсгоммæ бакæс,
Куы стула сызгъæрин хур рагъæй.

Мæ къона, цы зарæг, мæ боныл, цы хъарæг,
Цы сомбон æрныгъуылдзи разæй?!
Мæ зæрдæ — нæрæмон, æнæсæттон бараг —
Æрду-хидыл хъазы ’мæ хъазы...

Ӕнæнтыст ыстъалымæ армæй фæлæбур,
Ӕрсадз æй дæ нывæрзæн царыл...
Ис уарди, ис уардийы сыфыл гæлæбу...
Ис арвæрдын изæры дуарыл...

МЫСӔН ӔМДЗӔВГӔ

Мыдыбындз тахт æнæмæтæй мыдгур,
Сызгъæринæй æрттывта фæззæг, бур,
Мæныл та хауди арвы риуæй дур,
Цæй æнцонæй йæ загътой: «Амард Хур»?

Ӕцæг у, азтæм иу миниуæг ис:
Кæддæр-кæддæр фæкъуырма вæййы рис.
Фæрныг дуне, цæуа дыл цин фæрнæй,
Мæ уды арвыл иу стъалы дæр нæй.

Ӕрцыди уалдзæг. Къаппа-къуппа, мур,
Йæ сæр ысдардта цъæх кæрдæгæй, бур.
Йæ хъæлæс хъуысы зæрватыккæн дард.
Зæронд ахстæтты базмæлыди цард.

Цæф доныхъазау иуварсæй кæсын:
Уæ цин — уæлахиз, уæд мæхи мæ зын.
Хъысмæтæй афтæ у æнустæм лыг:
Ӕфсымæр — Цин, æмæ æфсымæр — Хъыг.

Ӕнæхатыр у ивгъуыдæн йæ уæз.
Фæстаг зарæг ма самайдзынæн æз.
Кæм дæ, кæм дæ, фыдрохгæнæн цъæх дур?!
Цæй æнцонæй йæ загътой: «Амард Хур»...

21.04.00

БЕРГМАНЫ МОТИВ

Мах иууылдæр мæлæты фос ыстæм,
Нæ уарзы уый тылиф кæнын йæ куыстæй,
Ӕз дæр нæ бадын даргъкъахæй, æгуыстæй,
Дзырдылдзуан и мæ хъысмæты æрфысты.

Ӕмæ — дыууæ æнæвдæлоны — мах
Фæиппæрд ыстæм иучысыл нæ уагæй:
Мæн ардыгæй нæма хæссы мæ къах,
Мæ уазæг та зæрдæцъæх у фæндагæй.

Йæ уæлæ уый, æвæццæгæн, кæрц у.
Ӕрцауындз æй, æнæмæнг сис дæ худ дæр.
Ӕрулæф уал. Дæ чемы уал æрцу,
Кæдæм ирвæзы уайсахат мæ уд дæр?

Тызмæг уазæг нæ кæны мурдæр дис.
Зæрдæ йын и. Сты дзæгъæлы уæ дамтæ.
Мæ мæгуыр къæсы ирхæфсæнтæ ис:
Куы шахмæттæ æрцагуры, куы — къамтæ.

Ныр нал у уымæн кулдуармæ йæ каст.
Тæрæзтæ æмæ сойдзырагъ — нæ разы.
Ныфсы дзир-дзур æмæ фыдбоны хъазт
Кæрæдзи ивынц ацал-ауал азы.

29—30.01.01.

ХЪЫСМӔТ

Ӕцæг уыди — нæу хахуыр æмæ дам,
Бæлвырд æй зоны арвы бын йæ хъæстæ.
Бæллæхы дыргъ куы бахордта Адам,
Ӕндæрхуызон æм уæд фæкасти бæстæ.

Дзæнæты мæргътæн аивта сæ зард,
Ӕндæр уыдысты дыргъдоны бæлæстæ.
Йæ зæрдæйы æнахуыр цин æрцард
Ӕмæ йæ сайдта барджынæй йæ фæстæ.

Ӕнусон удыл хуркъæвда æрцыд.
Нæма уыдысты фидинаг йæ хæстæ.
Нæма сæргом йæ дудгæбон, йæ фыд.
Нæма ныннæрыд Стыр Хуыцау йæ мæстæй.

Ærcydi xъustyl kъaxdzæfty uynær
Æmæ fætarsti: «Xudinag u — gom dæn!»
Æmæ jæ tyxstæj ratydta syftær,
Æmæ jæ tyxstæj — zalmy syftæ tongæ!

«Jæ mitæ sty dyzærdyggag cydær!
Cy zonid xъuamæ adæjmag æfsarmæn?!
Kæd Mæ fæsajdta — sar kæny jæ sær».
Jæ sau ændærgæj sau cin kaldi kalmæn.

Æmæ nykkuydta adærgæj Adam.
Dzænæty bon ærxændæg jemæ xasta.
«Mæn axxos næj æppyndær nicy am!»
Jæ dargъ dzykkutæ Eua roxstæj fasta.

Kuy azzadi Dzænæty dyrgъdon dard,
Sæ særmæ arv kuy ajtygъta jæ catyr,
Uæd dær uydtoj: Dzænæty duaryl — Kard
Æmæ ægъatyr Xъaxъxъænæg, ægъatyr...

ФÆНДАГГОНЫ ЗАРÆГ

Раст у — нæ домы тыхдзырд, хæснаг:
Ивгъуыды аззади цард — цъæхснаг,
Иунæг дæр никуы æрцахстон кæсаг,
Никуы амардтон саг.

Хорæй хаст, хуыммæ фæцыди, хъал,
Здæхы хъæмæ ныр гал.
Цал уыди уды фæндиаг, цал,
Уал дзы нæ рантыст, уал.

Фæндагыл банафон и æгæр —
Балцы фæцъæх мæ сæр;
Развæд ысрухс кæны хатт цæхгæр
Стъалыты дард цæхæр.

Нал у фæстиæтты афон ныр,
Ривæдыл ис гуыдыр:
Зарæджы — зæххы уæздандæр мыр,
Арвы мæсты гуыр-гуыр...

2005

ТЪÆНДЖЫ МÆЙ

Хур цы пайда у ныр?!
Фæлæ хуры тын хуссæртты кафы,
Æмæ фыййагæй чъизи мит хафын,
Æмæ разыны уыр.

Арв — бæрзонд æмæ цъæх,
Фæлæ зæрдæ цæмæндæр æнкъард у.
Уæлдæф хъарм у дзæбæх,
Æмæ уалдзæг та афтæмæй дард у.

Уын фынтæ, у æнцад,
Æмæ, хæрис, дæу ма сайæд митхъарм —
Сыстад арвгæрон уад
Æмæ дары дæ къуыпамæ их-арм.

Зары тæдзынæг, хин.
Уарзын алцы йæ афон, рæстæгыл.
Кафы нæзыйыл тин.
Хъуысы хъæдхойы къупп-къупп хæстæгæй.

Уæлдæф хъарм у дзæбæх,
Æмæ уалдзæг та афтæмæй дард у.
Арв — бæрзонд æмæ цъæх,
Фæлæ зæрдæ цæмæндæр æнкъард у.

2007

КЪАДЗАТЫ СТАНИСЛАВ

(1955)

Къадзаты Собронь фырт Станислав райгуырди Кировыхъæуы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты. Каст дзы фæцис æртæ курсы, стæй аивта Мæскуыйы паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ. Ахуыр фæци 1979 азы æмæ кусын райдыдта Цæгат Ирыстоны радиойы. 1989—1993 азты уыди журнал «Ногдзау»-ы бæрнон секретарь. Уый фæстæ ногæй рацыди Цæгат Ирыстоны радиомæ æмæ ныртæккæ дæр кусы уым.

Рауагъта æртæ поэтикон чиныджы «Уидæгты рухс» (чиныгуадзæн «Ир», 1990), «Ирдгæ» (чиныгуадзæн «Ир», 2001), «Урс къæсæр» (чиныгуадзæн «Ир», 2006).

Станиславæн ис хæдхуыз поэтикон хъæлæс, йæ цæст у уынаг, æрдзы нывты, адæймаджы миты æмæ миниуджыты ахсы ахæм æууæлтæ, фæзилæнтæ, æндæрты бон уынын кæй нæу. Ахсджиаг мæм кæсынц, поэт не змæст царды цаутæ, мæнгард удты чъизи хъуыддæгтæ кæм æвдисы, уыцы уацмыстæ дæр. Йæ базырджын ныхæстæ, йæ сатирикон рæнхъытæ сты рæстдзæвин, адæймаг сæ æнцонæй бахъуыды кæны. Æрмæст иу фиппаинаг. Фæнды мæ, цæмæй поэт йæ хъус тынгдæр дара æмдзæвгæты техникон арæзтмæ — ритммæ, рифмæтæм, стæй уыцыиу фæлгонцтæ фæлхат ма кæна.

ЗЫМÆГОН НЫВ РАГБОНТÆЙ

Ногзад хъуг хæдзары рудзгуытæм каст,
Рæуæдмæ сидгæйæ уасыд.
Рæуæд та хæдзары гæдыйæ тарст,
Агуырдта фæдæг сыд насыл...

Æхсæвы сасир ныйирд кодта кæрт —
Стъалыты рухс æм фæрсыгъта.
Райсоммæ кæвдæсы урс цæххы къæртт
Батади хъуджы цæссыгтæй...

1983

НÆ ФÆЧЧЫ УÆЛМÆРДТÆЙ ХÆССЫН

Баринæйæн

«Мыййаг куы уа нæ мæрдтæн зын —
Ды ам, мæ хур, хъæр ныхас ма кæ,
Нæ фæччы уæлмæрдтæй хæссын
Фæткъуытæ, курагатæ, балтæ..., —

Дзырдтай-иу сабыргай, мæ мад, —
Хæссын нæ фæччы — дар дæ зæрдыл...»
Фæкъул и доны къусау цард —
Æруарыд залты мит мæ сæрдыл...

Дæ цыртыл авæрын мæ арм,
Дæ цуры алæууын сæркъулæй,
Цæуы дæ ингæнæй дæр хъарм,
Фыдæх мæ зæрдæйæ фæсуры...

Æххæст кæнын дæ фæдзæхст зын —
Дæ ингæнмæ мæ надвæд сфæндаг —
Нæ фæччы уæлмæрдтæй хæссын,
Æз та дзы рахæссын... æрхæндæг...

1985

* * *

Мамысоны ма мысон,
Уымæн нæй уæвæн.
Мамысоныл ма фыссон —
Ахуысдзæн тæмæн.

**Мамысоны ма мысон —
Нал уыдзынæн, нал!
Мамысонæн цал ыстæм?
Цал æй уарзы, уал.**

1994

* * *

**Хуыцау æмæ хицау
Цæмæй кæнынц хицæн?
Хуыцау кæд — йæхицæй,
Уæд хицау — йæхицæн.**

* * *

**Ацы цард мын зинау,
Ехх, уыдзæн кæдмæ —
Де 'рдæгмæ дæр чи нæу,
Уымæ кæс хæрдмæ...**

* * *

**О цас чызджытæ Иры!
Фæлæ нæ лæппутæ — фынæй,
Хæмыцы рихи — бирæ,
Фæлæ Хæмыцы дæндаг нæй!**

СОСЛАНМÆ

I

**Дæуæн дæ номы бацард SOS —
Уыдтæ фыццаг фæдисæттæн.
Нæ нын уынаффæ, нæ — сæрбос,
Æнæ нымæц — нæ риссæгтæ.**

**Сослан, Сослан, нæ хъæр дæм: «SOS!»
Фæлдæхы дуне иннæрдæм,
Кæм ма уа ирвæзыны хос,
Нæ цард — фыдæхы минæтæ.**

Ӕгъдау дæр — нал, æфсарм дæр — нал,
Цы уыдзæн дарддæр — майдыма!
Ды дурæй райгуырдтæ, Сослан,
Ныр дуртæ гуыры адæмæй!..

II
Хъысмæт дæр дын нæ уыд кæрддзæм,
Ныфсхастдæр чи уыд а зæххыл! —
Цардудæй бацыдтæ мæрдтæм
Ӕмæ фæстæмæ раздæхтæ.

Сослан, Сослан,дæумæ — нæ каст,
Куыд хуыссыс афтæ ингæны?!
Нæ фæдисхъæрмæ рæвдздæр раст —
Дæ балц фæкæн ныр иннæрдæм.

Мæнг дунейы æвдадз куы нæй,
Хæрам нæ былмæ бассывта,
Ӕцæг дунейæ гъеуæд, цæй
Дыккаг хатт схæсс Азасыфтæ.

Дыууæ хорзы æрцæуид уæд —
Бынсæфтæн хос ыссариккам
Ӕмæ Тотырадзы мæлæт
Дæуæн дæр, ехх, ныббариккам...

1992

СОНЕТ

Мæ цардамонд мæ фынты хай фæцис,
Ысхизын уым мæ уды Эверестмæ,
Хæрамæй уым бынтон сæрибар фестын,
Уым айсæфынц мæ хъыгтæ æмæ рис.

Куыннæ тыхсон: мæ рæбыны цы ис —
Мæ бæллицтæн сæ фадхъуылмæ дæр не сдæн,
Мæ хъарутæ лыстæг хъуыддæгтыл фесты.
Мæ къухты ма — æртхуроны къæрис.

Кæнынц мæ бонтæ ме 'хсæвтæм хæлæг —
Мæ фынты ир æфсымæртау æмдзæрин,
Куы уаид афтæ царды дæр, хъæлæкк,

Фыдæх нæ удтæ рæмпæгау нæ хæрид,
Йæ къамтæ уæд æрæвæрид фыдлæг,
Къоста дæр, мæгуыр, уæд мæрдты æрцæрид...

1993

* * *

Ацыдтæн бæлæстæй дарддæр —
Ма уынон сыфтæн сæ хауд,
Рагвæззæг бур сыфтæ мардæй
Зæры мæ мастыл цæххау.

Фесты сæ ныхæстæ арвæн,
Зæхх сæм ныр дары йæ арм.
Ханты цагъд къæвда æнкъардæй
Ивазы уыдонæн даргъ.

Хатынц — сæ æрвон цард аскъуыд,
Буцæн ма иу кафт — сæ бар,
Дымгæ сын чегъре куы басгуыхт,
Фестынц йæ фæндонæй маргъ.

Ленкгæнгæ, зилгæ æртæхынц,
Къæлиутæ иууыл — фæлахс.
Сыфтæн ма иунæг цин зæххыл —
Уидæгтæм гъеныр æввахс...

26.09.96

ÆРРА ЦÆРГÆС

Бæрзондæй ныллæгмæ фæлгæсгæ
Йæ цæст йæхи 'ндæргыл фæхæст и.

Мæ тахт, дам, чи фæзмы зæххыл —
Йæ зонд, мæгуыр, фæцыдис афтæ —
Фæхуыынкъ, дам, кæнон æз йæ тыл —
Йæхи йæ ауоныл ныццавта...

1993

* * *

Донхæрис йæ цъæх уырзтæй
Агуры дæ фæдтæ...
Ехх, куыд тагъд фæцæсты сты
Уалдзæгæн йæ фæндтæ!

Сыфтæ дæр ма адæргæй
Тахтысты дæ фæстæ,
Аззадысты мадардæй
Хурдзалыг бæлæстæ.

Сæрдимæ мын ацыдтæ,
Нал и цинтæй иу дæр.
Ды мæнæй цы балцы дæ,
Уымæй зæрдæ — сидзæр...

17.08.98

* * *

Кæсаг нæ зоны ленк кæнын!
Нæ зоны бирæгъ сенк кæнын!

Сырдон нæ зоны сайын!
Мит уалдзыгон нæ тайы!

Хуыснæг нæ зоны давын!
Нæ судзы мур дæр давон!

Цæргæс тæхын нæ зоны!
Нæ тæрсы тар æхсонæй!

Сыфтæ куы нæ и цилыл!
Быдыры цалх нæ зилы!

Нæ тулы хохæй дур!
Нæ зоны тавын хур!

Терк нæрæмон нæу!
Æз нæ уарзын дæу!

1991

* * *

Нæй, дам, хурмæ комкоммæ кæсæн,
Уæд æз та дыууæ хурмæ куы кастæн —
Бастъæла дæ цæстыты тæмæн,
Бастъæла мæ тæригъæдæй, уастæн!

Уыцы бонæй æз куы бадæн куырм —
Нал уыны мæ зæрдæ никæй, ницы, —
Сау рухс зилы мæн цыма хуыдым,
Сарæзта мæ, оххай, цъил йæхицæн...

12.06.96

* * *

Фысы хъуынау ныббæзджын кæрдæг,
Æхситтæй зардзæни мæ цæвæг,

Зæрватыккау тæхдзæни зæрдæ,
Цы сæрд нын байтыгъта йæ тæрттæ!

Лæппуйы цин — нæргæ-уырaугæ,
Цæвæгæй агургæ ’мæ — аргæ...

15.06.2000

* * *

Цæй лыстæг у уарын —
Нæ йæ уыны цæст.
Сæлфынæг æнкъары
Мæ цæсгом æрмæст.

Йæ уымæл хъыдзыйæ
Мæ зæрдæ фæцъæх.
Йæ уарын — дыдзыйæ,
Йæ æрхуым та — хæрх...

2004

* * *

Фæззæджы зæрин тæгтæй
Сусæг нæй мæнæн —
Бæлæстæ сæ уидæгтæ
Бануæрстой фæлмæн.

Акæс-ма: сæ фадхъулмæ
Сыфтæры хъæццул.
Хъызт кæнæд ныр дзагъултæ,
Уилæд сæм цъæх хъул.

Митуазалæй ирдгæтæ
Уадз кæнæнт дзæнгæл —
Сыфтæры бын уидæгтæн
Нæй, мæ хур, сæлæн.

2004 аз октябрь

* * *

Йæ асæй йæ фæндыд уæлдæр,
Йæ къубал ивæзта æгæр,
Йæ гуырæй феуæгъд и йæ сæр
Æмæ тæхы, тæхы кæмдæр...

ÆМБИСОНД

Хал æххуыс у халæн, хъал та — хъалæн,
Фæлæ фарны гуырæн — рухс.
Булæмæргъæн бахъырныдта халон
Æмæ булæмæргъ... ныхъхъус...

* * *

Æйййи! Æз базыдтон кæддæр-уæддæр,
Цæмæн фæхойы маймули йæ сæр —
Йæ фыдæл, дам, дæн адæймагæн, кæд,
Уæд, дам, фæлтау куы уыдаин æвæд.

* * *

Арф у Иры дзыхъ, бæгуыдæр,
Фæлæ нæу гыццыл мæ фындз дæр —
Искæдбон уæддæр ысзындзæн...

* * *

1
Ацы ’хсæв цъырцъырæгтæн — сæ бар,
Цыма гомæй уынынц арвы дуар,
Афтæ зæлы уæлдæфы сæ цин,
Афтæ ’ххæссы стъалытæм сæ дзинг.

2
Гъей, цъырцъыраг, Сафайы фæдон,
Цавæр у дæ куырдадзы фæтыг?!
Мур уæвгæйæ — рацæгъдын дæ бон
Рухс зæлтæй Цыкурайы фæрдыг.

* * *

Йæ дзырдæй дарддæр хицау
У алцæмæн дæр хицау...

* * *

Хæлы лæг хæлæгæй,
Хуым кæны хæрæгæй...

Цъары фæрстыл:

1. Сусæны мæй.

2. Дымгæ фæткъуыты тæф кæны.

3. Кувæндон фæндаггæрон.

4. Зæронд сахары сусæгтæ.

* * *

Технический редактор	*Виктория БОРАЕВА*
Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Компьютерный набор	*Марина КИРГУЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по Южному Федеральному Округу.

Свидетельство о регистрации СМИ ПИ №ФС 10-6649 от 20 июня 2007 г.

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны, стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Государственное учреждение «Литературно-художественный и общественно-политический журнал «Мах дуг»

Подписано к печати 26.06.08. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 10,23. Учетно-изд. л. 7,83.
Тираж 1900 экз. Заказ № 1080. Цена свободная.

Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.
Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru

Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева 362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247